Езидова М.И.

4-чу КЛАССЕХЬ НОХЧИЙН ЛИТЕРАТУРИН ДАРСАШ

Методически гІо-Іамат

Хьехархошна гІоьнна

АО «ИПК «Грозненский рабочий» – 2023

УДК 372.8
ББК 74.261.4(Чеч.)
Е42

Е42
Езидова М.И.
Методическое руководство к учебнику «Чеченская литература 4 класс» / Езидова М.И. – Грозный: АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий», 2023. – 148 а.
ISBN 978-5-4314-0542-6

Методически куьйгалла «Нохчийн литература. 3 кл.» Іаматца болх бечу йуьхьанцарчу классийн хьехархошна лерина ду. Куьйгалли тІехь йалийна Іаматца йогІуш йолу урокашна лерина планаш.

Методически куьйгалла догІуш ду йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран Федеральни пачхьалкхан дешаран стандарташца. Магийна РФ дешаран а, Іилманан а Министерствос.

УДК 372.8
ББК 74.261.4(Чеч.)

ISBN 978-5-4314-0542-6

© Езидова М.И., 2023
© АО «ИПК «Грозненский рабочий», 2023
Все права защищены

Лараме хьехархой!

Методикин гІо-Іамат лерина йу Бадаева А.С., Алиева З.Л.-А., Халикова А.Х. хІоттийнчу керлачу «Нохчийн литература. 4 класс» Іаматца болх бечу хьехархошна. Кху тІехь йалийна 4-чу классан Нохчийн литературин йешарца йогІу дарсан планаш. Пргорамма лерина йу кІиранах ши дарс дІайахьар.

Методикин гІо-Іаматна йукъайогІу йаьржинчу дарсийн планаш, цІахь бан беза болх къастош, хІора дарсан гайтина тайп-тайпана тІедахкарш а, ловзарш а. Цул сов, массо а поэтически текстийн анализ йина, ширделлачу дешнийн маьІнаш даьстина. Дешархошна теории Іаморна лерина литературоведчески терминаш йовзийтарна тІе тидам а бахийтина.

Методикин гІо-Іамата тІехь йалийна говзарийн тексташ йешаран а, уьш йийцаре йаран а, церан коьрта ойла йастаран а, дешархойн кхетош-кхиорна лерина а дарсаш йалийна.

ХІора дарсана хІитто мегар йолу Іалашонаш а йалийна методикин гІо-Іаматехь. Говзарийн коьрта чулацам, дешаран гІуллакх даран кепаш а билгалйаьхна, йукъардешаран гергарчу хьесапехь йолчу программашца йогІуш а йу уьш: барта йозанехь йухасхьадийцар; диалогически къамел; бахьанин-талламбаран уьйраш дахар; меттан исбаьхьаллин суртхІотторан гІирсаш харжар, кхеташ, дустар, вовшашна дуьхь-дуьхьалдерг къастор; царах пайдаэцар; планаш хІиттор; тайп-тайпанчу хаамийн хьостанех пайдаэцар; кхолларалли белхаш; ша-шена талам бар, ша динчу мах хадор.

Методикин гІо-Іамата таро лур йу аьлла, хета тхуна, бан беззачу кепара шуьга дарсана кечам байта а, ФГОСан лехамашца йогІу агІонаш йовза а.

Тхо тешна ду, нохчийн литература а, цуьнан исбаьхьалла а вайн дешархошна йовзийтарехь, хІокху методикин гІо-Іаматех шуна гІо хир хиларх.

ДАЙ БАЬХНА ЛАТТА – 6 сахьт

Дарсан цIе: **«Дай баьхна латта»**
Дарсан Iалашо:
- Iаморан, кхеторан, кхетош-кхиоран.
- Даймахке болу безам чIагIбар.
- Даймахках долу хаарш карладахар.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, ИКТ – у.

Дарс дIадахьар
- Маршалла хаттар.
- Воцург билгалваккхар.
- Даймахках хуурш карладахар.
- Дешархой балхана йукъабалор.

Цуьнга дагардуьйцу ас,
Гена валарх йиц ца ло,
Даймохк – ду сан ирсан хас,
Сан даг чохь и беттало…

1. Мила ву оцу могIанийн автор? *(Демин Iалавди)*
2. Стенах лаьцна йу и байт?
3. Бераш, стенах лаьцна хир ду аьлла хета шуна вай дарс*?*

Iалашонах кхетам ло хьехархочо, «Даймохк» бохучу дашах лаьтта дешнаш а далош. (Дай, мохк.)

Вайна хIун девзар ду:
- нохчийн йаздархойн Мамакаев Мохьмадан а, Гадаев Мохьмад-Салахьан а, Сулейманов Ахьмадан а, Юсупов Iазиман а, Мусаев Сулиманан а, Шайхиев Iалвадин а, Хатуев Iабдул-Хьамидан а Даймохк а, цуьнан Iалам а дуьйцуш йазйина йолу говзарш;

Вайна хIун хуур ду:

Вайна хIун Iемар ду:
- керлачу дешнех пайда эца;
- йешаран тептар лело;

ХIора байт йеша а йоьшуьйтуш, кхетам ло хьехархочо.

Мамакаев Мохьмад

Бохьлекха Даймехкан лаьмнаш,
Со шуьца ирс долуш веха;
Дайн хIусмехь со волуш санна,
Шун IиндагI пергIата хета.

- Вевзий шуна Мамакаев Мохьмад?
- Маца вина иза?

Гадаев Мохьмад-Салахь

ХIара ду-кха сан хьоме дай баьхна латта:
Чехка Терк, токх аре, хьена ргI, лаьмнаш.
Iуьллу и дегIана, бIаьргашна аьхна,
Малха кIел баржийна къорза куз санна.

- Гадаев Мохьмад-Салахь хьанна вевза?
- Стенах лаьцна йазйина Гадаев Мохьмад-Салахьа?

Сулейманов Ахьмад

Даймахкана, вайн халкъана
ЧIагIо хилий, хIотталахь.
Вайн дахаран беш совйоккхуш,
Цхьа ши синтар догIа ахь.

- Иштта толлу Сулейманов Ахьмада йазйинарг а.

- **Физминутка.**

Хаттарш а, тIедахкарш а

1. ДIайеша байташ.
2. Тайп-тайпанчу поэташа муха хIоттийна Даймехкан сурт?
3. Даймахкана дуьхьа хIун де боху поэташа?
4. Даймехкан муьлха васташ далийна поэташа?
5. Байташ вовшашца йуста. Хьажа муьлхачу синхаамашца йазйина йу царах хIора байт.

6. Вайн Даймахках лаьцна хьуна хазахеташ, ахь къастийна цхьа а байт йуй? ХIун хазахета хьуна цу тIехь?

– Бераш, шуна ца девза дешнаш дуй оцу байташ тIехь? (Бохьлекха, аьхна).

Дарсана жамI дар.

Бераш, соьга хаттар дуй шун?

Дешархойн хаарийн мах хадор.

ЦIахь: байташ дагахь Iамайе.

Дела реза хуьлда болх биначарна!
Iодика йойла шун!

Дарсан цIе: **Дакаев СаьIидбекан «Нохчийчоь» цIе йолу байт. Дакаев СаьIидбекан дахар а, кхолларалла а**

Дарсан Iалашо: Iамийнарг карладаккхар.

- Нохчийчоь дешан маьIнах кхетам балар.
- Даймахке болу безам шорбар.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, ИКТ– у.

Дарс дIадахьар

- Маршалла хаттар.
- ЦIахь йелларг таллар.
- «Дай баьхна латта» байташ дагахь схьайийцийтар.
- Шаьш дехкинчу суьртех лаьцна дийцийтар.
- Хаттарш далар.

1. «Дайн хIусмехь со волуш санна, /Шун IиндагI паргIата хета» – хIокху могIанех муха кхета хьо?

2. «Iуьллу и дегIана, бIаьргашна аьхна» – и хIун бохург ду? ХIунда хета поэтана дай баьхна латта аьхна?

3. ХIун синтарш ду Сулейманов Ахьмада дуьйцурш шен байташкахь? «Дахаран беш» бохучух муха кхета хьо?

Дарсан Iалашо йовзийтар:

- Бераш, дIадаханчу дарсехь стенах лаьцна дийцира вай?
- Реза дуй шу кхидIа Нохчийчоьнах лаьцна дийца?

Презентаци гойту хьехархочо Дакаев СаьІидбекан кхолларалла а, цуьнан байт а йовзуьйтуш.

Дакаев СаьІидбек
(1951)

Нохчийн халкъан йаздархо Дакаев СаьІидбек вина Казахстанехь, вайн къам цІерадаьккхинчу хенахь. КІентан 6 шо долуш уьш цІабирзира дай баьхначу йуьрта – ГІоьрдала. Жимачу СаьІидбекана дезара цу йуьртан гобаьккхина Іохкучу ирзошкара, цкъа мацах шайн дайша йоьгІначу бошмашкахула волавелла лелар. Къаьсттина СаьІидбекан самукъдолура шайга гу тІера деца – дейиша хьошалгІа йеъча. Цо дуьйцучу дийцаршка, туьйранашка лерина ладугІура жимачу СаьІидбека. Иза хІора дийнахь воьдура йуьртарчу библиотеке. Цу чуьра йерриг киншка йешна велира иза. Оцу киншкийн чулацам шен накъосташна буьйцура СаьІидбека. ХІетахь кхоллайелира цуьнан йаздархо хила ойла. Дуьххьара ишколехь доьшучу хенахь зорбане велира СаьІидбек кІоштийн газеташкахь, тІаьхьо «Орга» журналехь а. Цу хенахь «Орга» журналан коьрта редактор вара махкахь вевзаш волу поэт Мамакаев Мохьмад. СаьІидбекан стихаш хаста а йеш, довха дош аьлла литературин новкъа ваьккхира Мамакаев Мохьмада.

НОХЧИЙЧОЬ

Дуьне хьоьстуш
Ховха Іалам доьлу,
Стигла йекхна,
Йоцуш марха, дохк.
Башха хазлуш
Денна серлайуьйлу,
Сан Нохчийчоь –
Лаьмнийн маьрша мохк.

Сайн ницкъ хилча,
Хьан сурт даг чохь дуьллуш,

Кхуллур дара
Хийла башха аз.
Даго хьоьга кхобу
Безам буьйцуш,
Дашо дешнаш
Йаздийр дара ас.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Іодика йойла шун!

Дарсан цІе: **Мусаев Сулиманан дахар а, кхолларалла а. Мусаев Сулиманан «Орамаш» цІе йолу дийцар**

Дарсан Іалашо:

- Дешархошна Россин цхьааллин де довзийтар.
- Къаьмнашна йукъара доттагІалла мехала хилар хаийтар.
- Дарсе безам бахийтар.

Дарсан гІирс: *тептар, ручка, Іамат, ИКТ– у.*

Дарс дІадахьар

- Маршалла хаттар.
- Дарсана бина кечам таллар.
- ЦІахь йелларг таллар.
- Хаттарш далар.

Дарсан Іалашо йовзийтар:

- *Презентаци гайтар. Мусаев Сулиман. «Россин цхьааллин де».*
- *Орамаш дешан маьІнах кхетор.*

Мусаев Сулиман
(1972)

Мусаев Сулиман вина Олхазар-КІотарахь. 1989-чу шарахь церан доьзал Обарг-Йуьрта баха хевшира, цигахь ишколехь нохчийн мотт Іамош бацара. Оьрсийн йаздархойн берашна лерина дийцарш доьшуш, цунна лаьара нохчийн берийн дахар довзуьйтуш долу дийцарш, байташ хуьлийла. Дуьххьара нохчийн мат-

тахь йешна говзарш Гайсултанов Іумаран, Саракаев Хьамзатан дийцарш дара. Церан берашна лерина дийцарш, повесташ йоьшуш, кхоллабелира цуьнан нохчийн литературе безам а. ТІаьхьо Айдамиров Абузаран а, Ахмадов Мусан а, Бексултанов Мусан а, кхечеран а говзарш а йевзира цунна. Иштта, ишколехь хьоьхуш ца хиллехь а, киншкаш йоьшуш Іамийра Сулимана шена нохчийн маттахь йеша а, йаздан а.

Мусаев Сулиман вайн махкахь а, дозанал арахь а вевзаш йаздархо а, гочдархо а ву. Цо берашна а, баккхийчарна а лерина йазйо. Берашна нохчийн турпалхой бовзийта, нохчийн мотт, гІиллакхаш Іамо лаам хилийта дуккха а дийцарш йаздина Мусаев Сулимана.

ОРАМАШ

Хаттарш:

1. Бераш, маца вина Мусаев Сулиман?
2. Жима волуш хьенан говзарш Іамайора цо?
3. Россин цхьааллин де бохучух муха кхийтира шу? И хІун де ду хаьий шуна? (Лахьанан беттан доьалгІа де.)
4. Берашка доьшуьйту дийцар.
5. Бераш, хІунда ваькхира хьехархочо кІант йохье?
6. Шена тІедиллина гІуллакх муха кхочушдо кІанта?
7. Хьан гІо до цунна? (Берашка Іамат тІера и меттигаш дІайоьшуьйту).

Хаттарш а, тІедахкарш а

1. Нохчийн маттах муха ойла хилла дуьххьара Адаман? Хьуна нийса хетий и? Оьший нохчийн мотт нохчашна йуккъехь вехаш ца хилча? ХІунда?
2. Муха йоьшура Галина Спиридоновнас шен ненан маттахь байт? ДІадеша и могІанаш. ХІун гойту аьлла хета хьуна цо?
3. Шусталов Ювананан байтан чулацам дагабогІий хьуна? Ахь хьайн Даймахках дуьйцуш, ала йиш йолуш дуй изза дешнаш?

4. Хьуна хаьий дагахь нохчийн байташ? Хьуна Даймахках уггар хаза хеташ байт муьлханиг йу?

5. Дийцар тIехь хьахийнчу поэтийн цIерех йевзаш муьлханаш йу хьуна? Царах керла муьлханаш йевзи хьуна?

6. Интернет чохь Россин кхечу къаьмнийн поэтийн шайн Даймахках лаьцна стихаш лаха. Оьрсийн матте гочйинарш йеша. Царах лаций дийца.

Бераш, хазахийтин шуна вайн дарс?
Къаьмнашна йукъахь хила дезий доттагIалла?
Аш лелор дуй ишшта доттагIалла?
Бераш, кху тIехь вайн дарс дерзор ду вай.
Дарсехь болх барна Дела реза хуьлда шуна.

Дешархойн хаарийн мах хадор.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Iодика йойла шун!

Дарсан цIе: **Шайхиев Iалвадин «БIаьвнаш» цIе йолу байт**

Дарсан Iалашо:

- Дозуш долу къамел кхиор.
- Даймахках долу хаарш кIаргдар.
- Даймахке, Iааламе безам бахийтар.

Дарсан гIирс: Iамат, тетрадь, ручка, интерактиван у.

«Даймохк» презентаци.

Дарс дIадахьар

- Маршалла хаттар.
- Воцург билгалваккхар.
- ЦIахь йелларг таллар.

Хаттарш а, тIедахкарш а

1. Ризван хьаьнга хьошалгIа веана?

2. Йуьртан сурт муха хIоттадо йаздархочо? ДIадеша и могIанаш.

3. Ризванний, цуьнан доттагІ Селиммий стенга ваха кечлуш ву?

4. Селима хІун гІиллакх Іамадо Ризванна?

5. Воккхачо дов дича дуьхьал дош ала мегар ду аьлла хетий хьуна?

6. Воккхачо дов деш хилча а хІун дан деза жимачо? Дийца.

7. Лома воьдуш, стенах цецваьлла, самукъдаьлла Ризванан?

8. ЗІуганаш йовзар муха хуьлу Ризванан?

9. ХІун дарба до цунна Селима?

10. Хьо хиллий цкъа а лам чохь? ХІун хазахийтира хьуна цигахь?

11. «Даймохк безарх ца тоьа, иза бовза беза» бохучу дешнех муха кхета хьо? Муха бовза беза иза?

12. Дийцар йукъара хьайна девзина керла дешнаш схьайазде белхан тептар тІе.

- Дарсан Іалашо йовзийтар.
- І. Шайхиевн кхолларалле боцца хаам балар.
- Дешархошка стихотворени йешийтар.

Шайхиев Іалвади

БІаьвнаш

Гина суна хийла лаьмнаш,
Хийла некъаш цистина,
Со цецваьхна нохчийн бІаьвнаш
Нохчийн дагца лийрина.
Уьш чІагІонна йина маццах –
Хазаллина ца йина.
Йаго гІертарг мостагІ цІарца
Ницкъ ца кхаьчна висина.

БІаьвнаш... БІаьвнаш...
Цаьрца гуш ду –
Дедайн сий ца дайъина.

... Ца йоьттина бІаьвнаш тІулгех –
Дайн стогаллех йоьттина!

БІаьвнийн суьрташ гайтар.

Хаттарш а, тІедахкарш

1. Стенах цецвийлина поэт?
2. Вайн дайша хІунда йина хилла бІаьвнаш?
3. Стенах йоьттина йу боху бІаьвнаш поэта?
4. «… Ца йоьттина бІаьвнаш тІулгех –
5. Дайн стогаллех йоьттина!» – муха кхета хьо хІокху дешнех?
6. Хьуна гиний бІаьвнаш? Вайн махкара мичара бІаьвнаш йевза хьуна?
7. БІаьвнийн исторех дерг лаха а лахий, белхан тептар тІе схьайазде. Класса чохь дийца.

Дарсана жамІ дар.

Бераш, реза дуй шу вайн дарсана? Муха хийти шуна?

Дешархойн хаарийн мах хадор.

ЦІахь: байт дагахь Іамайе.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Іодика йойла шун!

Дарсан цІе: **Ахмадов Мусан «Нохчийн шира кхерчаш» цІе йолу байт**

Дарсан Іалашо:

- ДІадаханчу дарсехь Іамийнарг карладаккхар.
- Дозуш долу къамел кхиор.
- Даймахках долу хаарш кІаргдар.
- Даймахке, Іааламе безам бахийтар.

Дарсан гІирс: *интерактиван у, тептар, Іамат, ручка.*

Дарс дІадахьар

- Маршалла хаттар.
- Дарсана бина кечам таллар.

- Воцург билгалваккхар.
- ЦIахь йелларг таллар.
- Хаттарш далар.
- Дарсан Iалашо йовзийтар.
- Презентаци гайтар.

– Бераш, стенах лаьцна хир йу аьлла хета шуна вай таханлера дарс?

– Нийса боху Даймахкара кхерчаш дийцира вай.

– Кхерч стенах олу хаьий шуна, бераш?

Иштта хьехархочо боцца хаам ло Ахмадов Мусан кхоллараллех лаьцна.

Ахмадов Муса (1955)

Нохчийн Республикин халкъан йаздархо Ахмадов Муса вина Киргизехь. КIентан цхьа шо долуш, Даймахка, Лаха-Варанда цIабирзира церан доьзал. Хьаннаш тIейевллачу, аьрцнаш йуккъехь Iуьллуш йара церан жима йурт. Йуьртана гонаха гуш дара цкъа мацах нах баьхна ирзош, шира бошмаш. Оцу исбаьхьчу Iаламехь дIайахара хинволчу йаздархочун беролла.

Ахмадов Мусан да жимачохь хьуьжарехь бусалба дин Iамийна вара. Иштта цо ша шена Iамийра оьрсийн элпашца кхоьллина нохчийн меттан керла йоза. Ишколехь йуьхьаьнцарчу классехь хьехархо вара иза. Ткъа цIахь, цо шен доьзална а, йуьртарчу берашна а Iамадора Къуръан деша.

Жимачохь дуьйна волавелла Ахмадов Муса литературехь къахьега. 4-чу классехь доьшуш волуш йазйира цо шен дуьххьарлера байт.

Ткъа 6-чу классехь волуш цуьнан дийцарш, байташ кIоштан газетехь арайевлира.

Тайп-тайпанчу жанрашкахь беркате къахьегна Ахмадов Мусас. Цо йазйина байташ, поэмаш, дийцарш, романаш, пьесаш, литература толлуш статьяш. Хазахетарца йазйо йо цо берашна лерина.

Вайн бераш нохчийн маттаца уьйр-марзо йолуш, нохчийн гIиллакх-оьздангаллехь кхиийта Iалашо йолуш дуккха а чулацаме говзарш йазйина Мусас. Вайн къомана доккха совгIат ду цуьнан «Нохчийн гIиллакх-оьздангалла» цIе йолу жайна. Шен дас беш хиллачу динан хьехамийн а, ша кхиъначу ламанан йуьртан беркатечу нехан нохчийн Iер-дахаррий, хазачу Iаламан а тIеIаткъам хаало Ахмадов Мусан йерригечу кхолларалле хь.

Кхолларалла йовзуьйту, «Нохчийн шира кхерчаш» байт йоьшуьйту берашка.

Ахмадов Муса

Нохчийн шира кхерчаш

Нохчийн шира кхерч лаьттина Нашхахь,
Цигахь гуллуш хилла боху дай,
Дуьтий ханна шайн къахьегар кхашкахь,
Пхьор дан уллий тайпан цIеста йай.
Нашхара дIаоьхуш некъ беш гена,
Нохчийн наха йиллина йу Бена.
«Нохчамахке йу кху лаьттан цIе» бохуш,
Доладина цуьнан сий деш, лоруш.

Хьаннаш хедош, дохуш даккхий ирзош,
Йехки йарташ: Шела, Сесана.
Къахьегарца аре карайерзош,
Йилли шахьар Нана-Чечана.

Карзахйуьйлуш олхазарийн шовкъаш,
ЙогIу бIаьсте тахна Ведана,
Мацах тIеман цIаро йуьтуш овкъарш,
ХIара латта хийла веддина.

Гуьржийн мехкан дозанехь йу МIайста:
Ира бердаш, кIайчу басахь хи.
Iалам кхузахь чIогIа хазло бIаьста,
ЦIен бос оьций хуьлу гурахь и.

Масех йурт чулоцуш мохк бу Шуьйта,
Бацах йуьзна басеш, чахчареш,
Беркат дохьуш хIораммо шен уьйтIа,
Хилла кхузахь хьанал белхаш беш.

Дахар ломахь ца хиллехь а атта,
Къагош хилла забаречу дийцарца:
Хьахош ЧIаьнти берд сацийна латтар,
Шара воьдург кхачарх Шикъара.

Дайн кхерчашкахь Iалашдина гIиллакх,
Шира дийцарш, маьIне кицанаш,
Оьздангалла цигахь ларйеш хилла,
Дайн пхьоланаш цигахь дисина.

Байт йоьшуш гIалаташ нисдо хьехархочо.

Дешнаш тIехь болх бо: **пхьор, кхашкахь, чахчареш, пхьоланаш – иштта кхин дIа а.**

Хаттарш а, тIедахкарш а

1. Стенгахь лаьттина нохчийн шира кхерч?
2. ХIунда гуллуш хилла Нашхахь нах?
3. Бена йурт мичахь йиллина вайн дайша?
4. Нохчмахках муха аьлла поэта?
5. Нохчмахкара муьлха йарташ хьахайо поэта? Хьуна йевзарий уьш хьалха?
6. Ведана йуьртах муха дуьйцу поэта?
7. «Мацах тIеман цIаро йуьтуш овкъарш,
8. ХIара латта хийла веддина» – хIокху дешнех муха кхета хьо? МаьIна де.
9. Гуьржийн дозанехь муьлха йурт йу? Дийца оцу йуьртах.
10. Шуьйта чуйогIу йарташ йевзий хьуна?
11. Ломан муьлха йарташ хьахайо йаздархочо шен байтехь?
12. Хьо муьлхачу йуьртара ву? Дийца хьайн йуьртах лаций.Нохчийчоьнан хьайна йевза йарташ дIайазйе белхан тептар тIе.

Дарсана жамI дар.
Бераш, реза дуй шу вайн дарсана? Муха хийти шуна?
Дешархойн хаарийн мах хадор.
ЦIахь: байт дагахь Iамайе.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Iодика йойла шун!

ХААРШ ЗЕР

Дарсан цIе: Iамийнарг карладаккхар
Дарсан Iалашо:
- Хьалха Iамийнарг карладаккхар.
- ***Даймахках, Нохчийчоьнах хаарш карладахар.***

Дарсан гIирс: интерактиван у, Iамат.

Дарс дIадахьар

- Маршалла хаттар.
- Дарсана бина кечам таллар.
- Воцург билгалваккхар.
- Хьалха Iамийнарг карладаккхар.
- Интерактиван уьн тIехь суьрташ гайтар.
- СадаIаран миноташ.
- Хаттарш далар.
- Дешархоша дуьйцу шаьш Iамийнчу говзарех, авторех лаьцна.

Хаттарш:

1. Даймахках муьлха байт йа дийцар хазахийти хьуна хIокху декъехь? Дийца хIунда хазахийти.
2. Кхин хIун говзарш дагайогIу хьуна Даймахках лаьцна? Церан авторш дагабогIий хьуна?
3. Хьо муха кхета Даймохк бохучух? Даймахках лаьцна йаздеш хилча ахь стенах лаьцна йаздийр дара уггар хьалха: лаьмнех, бIаьвнех, хьайн йуьртах йа кхечу хIуманех?
4. Хьайн мехкан муьлха хаза меттигаш, хиш девза хьуна?
5. Ломахь хиллий хьо? Дийца хьайна гиначу меттигех лаций.

6. Тесташ кечйо берашна.

• Бераш, аша тахана дика кечам бина хилла. Дела реза хуьлда шуна*!*

• Вайн хIора дарс иштта хаза хир ду.

• Берийн хаарийн мах хадош, дарс дерзадо.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Іодика йойла шун!

ВАЙ ДУЬНЕН ЧОХЬ ДЕХА – 5 сахьт

Дарсан цIе: **Яралиев Юсупан «ВорхI лам» цIе йолу дийцар**

Дарсан Іалашо:

• Халкъан барта кхолларалла карлайаккхар.

• ГIиллакхех довзийтар.

• Литературе безам чIагIбар.

Дарсан гIирс: интерактиван у, тептар*, ручка, Іамат.*

Дарс дIадахьар

• Маршалла хаттар.

• Воцург билгалваккхар.

• ЦIахь Іамийнарг хаттар.

Хаттарш а, тIедахкарш а

1. Хьомечу латтаца хIун ду цхьаьнаийна поэтан?

2. ХIун кхайкхам бо виначу махко поэте? ДIадеша и могIанаш?

3. «Даймахках хаьддарг лораза вайна» боху дешнаш догIий хIокху байтана? МаьIна де оцу дешнийн.

4. Дийца, хIун чулоцу Даймохк бохучу кхетамо?

5. Дагахь Іамайе байт. (4–5 дешархочуьнга дагахь схьайуьйцуьйту байт)

Дешархой балхана йукъабалор.

Дахарехь ца лаахь тила,
Іилманан хьо доттагI хила.

ГIиллакх долуш велахь кIант,
Цунна баьрччехь дилла гIант.

- Бераш, хIун маьIна ду оцу дешнийн?
- Вай дарсан Iалашо хьан йовзуьйтур йара аш?

Бераша йовзуьйту Iалашо.

- Стенах лаьцна хир ду вайн дарс?

Хьехархочо боцца хаам бо йаздархочун кхолларалле лаьцна. Интерактиван уьн тIехь гойту йаздархочух презентаци. Дешархоша дийцар доьшу, шаьш муха кхетта дуьйцу.

Яралиев Юсуп

ВорхI лам

Зуда йало дагахь тохавелла цкъа мацах цхьа жима стаг.

– Ахь бохху там лур бу ала, – хабар дахьийтина кIанта шена йезачу йоIан дега. – Дуьненан даьхни шен шорта ду, йоI йезаелла шена, рицкъ кхоор долуш вац ша, – аьлла.

Хабар эцна вахана геланча. Тамашийна жоп деана цо:

– Эшахь, томана а хир и, эшахь, тIаьхьарчу тIаьхьенна а хир и, цхьа хIума йа боху къеначу стундас.

– ХIун йу-те и, дакъаза ма йаларг? – хаьттина кIанта.

– Лело хала йац боху – Iай а, аьхка а лело мегаш йу. Ширлуш а йац боху мел лелорах. Зудчо а стага а, жимачо а, воккхачо а лелош товш йу боху. Чохь а, арахь а лелайо а боху. ВорхI стигалний, ворхI латтаний йукъахь ворхI лам бу боху. И ворхI лам баьккхина кIант хьо велахь оьшуш дац хIумма а, оьшуш дац дуьненан рицкъ а, оьшуш бац там-товр а ала боху хьоьга. И лаьмнаш хIоккху бустамашкахь ду, – аьлла, бустамаш тIехь долу тептар дIакховдийна геланчас:

1-ра лам бу хьуна диканехь-вонехь улло волу тешаме…

2-гIа лам бу хьуна адамаша вовшийн деш долу...

3-гIа лам бу хьуна адаман адаме болу...

4-гIа лам бу хьуна дуьненан маьIна толлуш долу...

5-гІа лам бу хьуна сихцавеллачо баькккхина лам...

6-гІа лам бу хьуна хьалхара пхи лам баькккхича, хьан дагна хилла…

7-гІа лам бу хьуна уггар лекха лам…

ВорхІалгІачу лома тІера охьахьаьжча хьайна гинарг хьоьца хилахь, со реза ву хьоьца гергарло лело а, захало дан а. Йалх элпах лаьтташ ду и дош. ХІун йан аьлла стундас?

Шуна хІун аьлла хета, хІун аьлла йоьІа дас?

Ца девза дешнаш тептарш тІе дІайазйо.

- **Физминутка.**

ЭхІ, ма Іаж бу иза!
Муттанах бу и буьзна.
Куьг ахь кховдош лекха,
Іаж цу тІера баккха.
Мохо генаш лестадо,
Соьга Іаж ца баккхало.
Кхоссалуш, куьг кховдор ду,
Сихха Іаж схьабоккхур бу.
ЭхІ, ма хаза бу и Іаж!
Божаби ас тоьхна гІаж.

– СадаьІин аш?
– КхидІа болх бой вай?
– Хаттарш луш, дІахьо.

Хаттарш а, тІедахкарш а

1. ХІун дан араваьлла хилла кІант?
2. Муха хабар дахьийтина цо шена йезачу йоІан дега?
3. ХІун жоп йухадаийтина йоІан дас кІанте?
4. Хьуна хуур дарий ворхІ лам баккха? Кечде оцу хаттаршна жоп. Дийцаре де вовшашца.
5. ХІокху туьйранан коьрта маьІна хІун ду аьлла хета хьуна? ХІунда делла хилла аьлла хета хьуна йоІан дас и тайпа хаттарш кІантана?

• Уггар чIогIа стаг хазвийриг хIун ду хиин вайна?
• Аш лелор дуй иштта гIиллакх?
• Оцу воккхачу стага бийцина ворхI лам баккха реза дуй шу?

Дарсана жамI дар.
Дешархойн хаарийн мах хадор.
ЦIахь: «ГIиллакх» дешан синквейн йалайе. Дийцар деша, чулацам схьабийца.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Iодика йойла шун!

Дарсан цIе: **Макалов Шамсудди. «Маьлхан хьехам» цIе йолу дийцар**
Дарсан Iалошо:
• Халкъан барта кхолларалла карлайаккхар.
• «Илли» дешан маьIна дастар.
Дарсан гIирс: интерактиван у, ручка, тептар, Iамат.

Дарс дIадахьар
• Маршалла хаттар.
• Классехь низам хIоттор.
• ЦIахь йелларг таллар.

Хаттарш а, тIедахкарш а
1. ХIун дан араваьлла хилла кIант?
2. Муха хабар дахьийтина цо шена йезачу йоIан дега?
3. ХIун жоп йухадаийтина йоIан дас кIанте?
4. Хьуна хуур дарий ворхI лам баккха? Кечде оцу хаттаршна жоп. Дийцаре де вовшашца.
5. ХIокху туьйранан коьрта маьIна хIун ду аьлла хета хьуна? ХIунда делла хилла аьлла хета хьуна йоIан дас и тайпа хаттарш кIантана?

Дарсан Iалашо йовзийтар:
• ИКТ-уьн *тIехь през*ентаци гойтуш, Iалашо йовзуьйту.

- Цул тІаьхьа дешархошка дийцар доьшуьйту.
- Шайн дешнашца чулацам схьабуьйцуьйту.

Макалов Шамсудди

«Маьлхан хьехам».

Дашо малх вайн хьалххехь гІотту, –
Дукха ма ду гІуллакхаш.
Цо маршалла вайга хоьтту,
Мало йина бац и Іаш.

Серладаккха деза дуьне,
Чиркхаш дойъуш седарчийн,
ЖовхІарш хилла йалтийн аре
Хьеста йеза зІаьнарийн.

ЦІеран зезаг лепо деза,
Тхиш а лехьош тогІи чохь,
Цуьнан йовхо хила йеза,
Тайна дахар кхехкачохь.

Воккхавеш, дог тІемадуьйлу,
И дашо малх денна гуш,
Иллеш дагах сан чакхдуьйлу,
Цуьнан дашо нур муьйлуш.

ТІаккха, кхетта малх санна долчу шен иллех воккхавеш, ирсе ваха охьахиъна илланча, шуна *Д*ала дика дийцарш.

Дешнаш тІехь болх бар: *сакІамделла, мерзаш, синхааме, чот, пана, чІир-гамо, шовкъе, цхьанаэшшарехь.*

– Бераш, стенах пайдаэцна автора шен байта тІехь? Схьакараде и могІанаш.

Хаттарш а, тІедахкарш а

1. Муха иллеш олуш хилла илланчас?
2. ЛадогІа мила вогІуш хилла цуьнга?

3. Муьлха илли кхолла сакIамделла хилла илланчин?

4. ХIунда холчухIоьттина хилла илланча?

5. Ша дагалаьцнарг кхочуш ца хилча хIун дина илланчас?

6. Новкъахь воьдуш, малхо хIун хьехар дина илланчина?

7. Хьуна нийса хетий малхо дина хьехар? Дийца, хьо муха кхета цунах?

8. Малхо, ша бохург чIагIдеш, кхин хIун масал даладо?

9. Илланчас схьаоьций маьлхан хьехам? ЦIавеъча хIун до цо?

10. Дагахь Iамаде маьлхан сийнна илланчас даьккхина илли.

11. Коьрта маьIна даста хIокху дийцаран.

12. Муха хийти шуна вайн дарс?

13. Реза дуй шу?

Дарсана жамI дар.

Дешархойн хаарийн мах хадор.

ЦIахь: Дийцар деша, чулацам схьабийца. Илли дагахь Iамаде.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Iодика йойла шун!

Дарсан цIе: **Бексултанов Мусан «Баьпкан цуьргаш» цIе йолу дийцар**

Дарсан Iалашо:

- Дозуш долу къамел кхиор.
- Рицкъ бохучу дешан маьIна дастар.

Дарсан гIирс: интерактиван у, ручка, тептар, Iамат.

Дарс дIадахьар

- Маршалла хаттар.
- Классехь низам хIоттор.
- ЦIахь йелларг таллар.

Дарсан Iалашо йовзийтар:

Дешархой балхана йукъабалор.

Хьехархочо хьалхара дешнаш олу, бераша тIаххьара дош олу:

Эрна дац сан болх беш валлар,
Ду сан стоьла тIехь даа …(кхаллар)
Кхаллар дешан синоним йало хуур дарий шуна? (бепиг)
Дешархоша дийцар доьшу, чулацам схьа а буьйцуш.

Баьпкан цуьргаш

Жимачу йоIана Айатина шен денана иштта хилла йу моьттура гуттар а, хIинца ма-йарра къена, букар а йахана: «Со жима йолуш дара иза, – олуш, баба цхьацца дийца йолаелча, шен денене цеце дIа а хьожуш.

ЙоI гуттар а йоккхачу стагаца йара, йоIан да-нана балхахь долуш.

Йоккхачу стага нуй хьакха а, мотт-гIайба дIанисбан а Iамийнера йоI, кхидолчу кега-мерса хIуманашна а.

Наггахь дов а дора йоккхачу стага кIентан йоIана: «Нуй цIена хьакха, нехаш уьйтIа дIа ма лестайе аьшкалца!» – олуш. ЙоI йицлора. ЙоI даима тайнигаш ловзош хуьлура, цаьрца шен беран хабарш а дуьйцуш.

Цхьана дийнахь, ша хIума йууш охьаэгна баьпкан цуьргаш кхечу нехашца дIакхийссинера йоIа, неIаран берттера аьшкалца дIаластийна. Йоккха стаг цецйелира, аьшкалца арайаьлла йоI, неI шена тIаьхьа тIе а къовлайалале, оцу сохьтта йуха схьагучуйаьлча.

– Нехаш стенга кхийссина ахь, нанина? – хаьттира йоккхачу стага.

– Эцца уьйтIа! – хазийра йоIа, шек а йоцуш.

– Схьайадал, нанина, схьалахьадайтал вайшинга ахь дIакхийссина баьпкан цуьргаш, – олуш, шеца йоI а эцна, арайелира тIаккха йоккха стаг.

ЙоIе шена гIо а дойтуш, и кегийра кхалларан цуьргаш – цхьацца схьаоьцуш – хьала а лахьийна, зингатийн борза тIе охьайоьхкира йоккхачу стага, шабаршца Делан цIераш а йохуш.

Зингатий оцу сохьтта тІегулделира оцу цуьргашна, хІорамма цхьацца бепиган цуьрг шайн зІакарца схьа а лоцуш. Йуха хьийзина-а, шайн барза чу кхехьа долийра, вуьйш зингатий тІе а гулделла.

– Бабас цхьа хьекъале хаза хІума дийций шен КІозалшна, – элира Бабас – цкъа а хьуна дицлур доцу хаза хІума?

ЙоІа корта ластийра, йоккхачу стагана улле дІахуьлуш, цуьнан пхьаьрса кІела а йахна.

– Цхьа къинхетаме паччахь хилла цхьана заманахь вехаш-Іаш, – долийра йоккхачу стага, – Ша новкъа дІаса моссаза воьду, цхьа а кІенбуьртиг а, охьадоьжна кхалларан цуьрг а дуьтуш ца хилла цо. Массо а йалтех йолу хІума шен цІа хьош хилла, адамо а, экхано а цу тІе ког баккхале, олий, шен даьхнишна а, котамашна а, жІаьлешна а хилийта и Делан рицкъ лар а деш. Ша деллачу рицкъана оцу паччахьо бечу лерамна Дала хьал-бахам а ІаІийна, чІогІа вехаш хилла и паччахь, гуттар а Далла хастам а беш.

И хиъначу шайтІано, цхьана дийнахь, къен-миска стаг хуьлуш, дуьхьала а даьлла, аьлла паччахье:

– Хьо деши а, даьхни а, хьайн долахь мохк а болуш, паччахь а вара, новкъара и йалтийн цуьргаш лехьош, хьайх терра болу паччахьаш кхардабо-кх ахь хьайх, цул сов, хьан олаллехь Іашдолчу тхуна эхь а хета нахах, паччахьо и писалла лелош, – аьлла.

Цу дийнахь дуьйна кхин йалтин буьртиг а, охьайоьжна кхалларан цуьрг а лаьттара хьала ца оьцуш, царна тІе когаш бетташ, лела воьлла паччахь.

ТІаккха Дала – ша деллачу рицкъан цо хама цабарна – паччахьаллах а вохош, къен а вина, сагІадоьхург вина цунах, наха йелларг бен йаахІума а йоцуш.

Казахстанехь, Сталина вайн къам цІера даьккхича, нисса ах гергга къам мацалла делла хьуна вайн, КІозарш, сан ши ваша а, нана а леш, и ахь тахана нехашца дІакхийссина хилла бепиган цуьрггел даа йалта доцуш… йалта дешил дезох ду хьуна. Шен мел дукха деши хиларх, йаа сискал ца хилча мацалла лийр ву

хьуна муьлхха а стаг… йалтин хама белахь… кхин цкъа а бепиган цуьрг нехашца дIа ма кхоссалахь, эцца котамашна лолахь йа вайн Гудина ло, йа хIинца вайшимма санна – зингатийн борза тIе охьадахка, кхийтирий хьо, Бабин КIозарш? – элира йоккхачу стага.

– Баба… ас…ас кхин цкъа а… цкъа а бепиган цуьргаш дIакхуьйссур дац хьуна… суна хаа ма ца хаьара паччахьана хилларг… суна вайн нохчий беллий а ма ца хаьара…, – элира йоIа, йоккха стаг мара а къовлуш.

– Цхьа йоI хилла ма ца Iа Бабин йоI… дера ца Iа, дийнна цхьа дуьне ду-кх! – олуш, кIентан йоI хьаьстира йоккхачу стага, коьрта тIоьхула охьа куьг а хьаькхна.

Дешнаш тIехь болх бар. Схьа а йаздеш хIора дешан маьIна досту.

Хаттарш а, тIедахкарш а

1. Шен денана муха хилла моьттура йоIана? ХIунда моьттура аьлла хета хьуна иштта?

2. Бабас муха Iамайо шен кIентан йоI?

3. Ша нуй хьаькхча баьпкан цуьргашна хIун до йоIа? Нийса дина аьлла хетий хьуна цо? Ахь дIакхуьйссий баьпкан цуьргаш?

4. Бабас хIун хьехар до йоIана?

5. Паччахьо хIун деш хилла? Цуьнан хьал тодаларан бахьана хIун хилла?

6. ШайтIано муха Iехийна паччахь? ХIун хилла цуьнан хьолана тIаккха?

7. Аш муха маьIна дийр дара оцу дийцаран?

8. Вайн нохчийн халкъан дахарера кхин хIун масал даладо йоIана бабас?

9. Хьуна хIун аьлла хета, йаахIума дIакхосса хIунда ца мега? Йуучун муха тIалам бан беза?

10. ХIокху дийцаран коьрта маьIна хIун ду?

11. «Йалта дешел дезох ду» бохучух муха кхета хьо?

Бераш, стенах лаьцна дийцира вай?
Йоккхачу стага хIун хан йуьйцу йоIана?
Аш лардой баьпкан цуьргаш?
Дарсана жамI дар
Реза дуй шу, бераш, вай дарсана, шай жоьпашна?
ЦIахь: дийцар деша, чулацам схьабийца.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Іодика йойла шун!

Дарсан цIе: **Цуруев Шарипан «ДоттагIий бIаьвнаш» цIе йолу байт**

Дарсан Іалашо:

- ДоттагI бохучу дешан маьIна дастар.
- Ш. Цуруевн кхолларалла йовзийтар.

Дарсан гIирс: ИКТ-у, тептар, Іамат.

Дарс дIадахьар

- Классехь низам хIоттор.
- Дарсан Іалашо йовзийтар.
- Воцург билгалваккхар.
- ЦIахь йелларг таллар.
- «Баьпкан цуьргаш» дийцаран чулацам схьабийцийтар.

– Хьехархочо йовзуьйту йаздархочун кхолларалла.

Яьсси йистехь Іуьллучу ширачу йуьртахь Гезлой-Эвлахь вина Цуруев Шарип. Цуьнан да Мовлад Іаьрбийн а, гIиргIизойн а, оьрсийн а меттанаш хууш хилла. Оцу массо маттахь йазйина тайп-тайпанчу авторийн говзарш йоьшура цо. Иштта шен бераш а, йешар марздеш, кхиийна Мовлада.

И бахьанехь кхоллабелла Шарипан йаздархо хила лаам.

Ишколехь доьшуш волуш цо йазйора статьяш а, байташ а. Уьш Гуьмсан кIоштан газетехь зорбане а йовлура.

Шарип вайн махкахь вевзаш поэт ву, цо баккхийчарна а, берашна а лерина йазйо. ТIекхуьучу тIаьхьенна Іаламат мехала теманаш йосту цо шен кхолларалле: Даймохк безар, бовзар,

ненан мотт хаар, Іалашбар, вайнехан оьзда йукъаметтигаш, гІиллакхаш.

Хаттарш:

- ДоттагІчух лаьцна илли хазийтар.
- Халкъан дийцар деша а доьшуш, берашна кхетам ло.
- Цул тІаьхьа берашка доьшуьйту.
- Бераш, дас диначу весетах кхийтирий шу?
- ХІун бохург хилла и весет*?*
- Тешаме доттагІ лаха бохург дарий ден весет?

Хаттарш а, тІедахкарш а

1. ХІун весет дина хилла дас шен кІенташна?
2. Да лоруш хилар муха гойту поэта? ДІадеша и могІанаш.
3. Дас аьллачух муха кхетта кІентий? ХІун дина цара?
4. Дас тІе муха оьцу кІенташа динарг?
5. Муха кхочушдо кІенташа ден весет?
6. ДоттагІчух хІун дешнаш дала до поэта? ДІадеша уьш.
7. Хьан вуй доттагІ? ХІунда лаьцна ахь иза хьайн доттагІ, кхечарах къастийна?
8. ДоттагІ муха хила веза аьлла хета хьуна?

– *Бераш, шун буй тешаме доттагІий?* Шу муха кхета тешаме бохучух.





Дарсана жамІ дар.
Дешархойн хаарийн мах хадор.
ЦІахь: дийцар деша, чулацам схьабийца.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Іодика йойла шун!

Дарсан цIе: **Хаарш зер. Iамийнарг карладаккхар**
Дарсан Iалашо:

- Хьалха Iамийнарг карладаккхар.

Дарсан гIирс: тептар, Iамат, ручка, ИКТ-у.

Дарс дIадахьар

- Классехь низам хIоттор.
- Воцург билгалваккхар.
- Хьалха Iамийна говзарш карлайахар.
- Кицанаш а далош, дIахьо дарс.
- Кхечу къаьмнийн йаздархойн суьрташ гайтар.

Хаттарш:

1. Ойла йе, хIокху декъан цIе «Вай дуьнен чохь деха» хIунда йу?
2. Ша цхьа адам даха йиш йуй дуьнен чохь? Нахаца хIун йукъаметтиг хила йеза цуьнан?
3. «Йукъаметтиг» бохучух муха кхийти хьо, дийца.
4. Муьлха дийцар йа байт хазахийти хьуна хIокху декъехь? Дийца, хIунда хазахийти.
5. Керла хIун Iеми хьуна?
6. ДоттагIалла муха лелош хуьлу аьлла хета хьуна?
7. «Баьпкан цуьргаш» дийцаран коьрта ойла хIун йу? Муха хила Iамаво оцу дийцаро?
8. Хьайна дика хеттачу дийцаран йа байтан турпалхочух дийца.

Дарсана жамI дар.
Дешархойн хаарийн мах хадор.
ЦIахь: дийцар деша, чулацам схьабийца.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Iодика йойла шун!

ИСБАЬХЬА ІАЛАМ НОХЧИЙН ПОЭЗЕХЬ – 8 сахьт

Дарсан цІе: **Мамакаев Мохьмадан «Гуьйре» цІе йолу байт**

Дарсан Іалашо:

- Іамийнарг карладаккхар.
- Гуьйренан хийцамаш бовзийтар.
- Литературе безам бахийтар.

Дарсан гІирс: интерактиван у, ручка, тептар, Іамат.

Дарс дІадахьар

- Маршалла хаттар.
- Классехь низам хІоттор.
- ЦІахь йелларг таллар.

Хаттарш:

1. Эмкалан, пхьагалан дов хІунда даьлла?
2. Эмкало хьаьнга дуьйцу шен пхьагалца даьллачу девнах?
3. Газано хІун хІилла до эмкална а, пхьагална а?
4. Муха бертайоьду эмкал а, пхьагал а?
5. Газанна бекхам муха бо шина лулахочо?
6. «Хьоьга цхьанна лен веънарг, иштта хьуна а луьйр ву» – муха кхета хьо хІокху дешнех?
7. Лулахойн хІун йукъаметтигаш хила йеза аьлла хета хьуна?

Дешархой дарсана йукъабалор.

Шийла йу мел йогІу Іуьйре,
Беркате, шуьйра тІам хецна,
Меллаша тІегІерта гуьйре,
Хьаннаш йу дашо бос эцна.

- Мила ву автор оцу байтан? (Сулейманова З.)
- Стенах лаьцна йу байт?

Дарсан Іалашо йовзийтар.

Гуьйренах лаьцна хаарш карладахар.

Мамакаев М. кхолларалла йовзийтар.
Дешархошка байт йешийтар.

Гуьйре

Мажделла гІа доьжна,
Аренаш макхйелла.
Олхазарш маьхьарца
Къилбехьа сихделла.

Дахкарца тІедеъна,
И де а дацделла,
Датоца кхелина,
Хин бердаш гатделла.

Дезарна гІаьттинарг
Шен кетар лоьхуш ву,
Хийисте хІоьттинарг
Корталех хьерчаш йу.

Дешнаш тІехь болх бар
Къилбехьа – юг, кхелина – йис, корталех – доккха йовлакх.

Хаттарш а, тІедахкарш

1. Гуьйренан муьлха аматаш гойту поэта шен байтехь?
2. Муьлха дешнаш карадо поэтана гуьйренан сибаташ гайта? Схьайазде уьш белхан тептар тІе.
3. Байт йоьшуш, хІун синхаамаш кхоллало хьан? Дийца.
4. «Датоца кхелина, хин бердаш гатлуш ду» бохучух муха кхета хьо? Гуьйренан муьлхачу хенахь хуьлу иштта? Хьуна хІун хета?
5. Гуьйранна шийла хилар муьлхачу дешнашца гайтина поэта? ДІадеша и могІанаш.

- Стенах лаьцна дийцира вай?
- Маца вина Мамакаев Мохьмад? (1910–1967)
- Хаттарш дуй шун соьга?

Дарсана жамI дар.
Дешархорйн хаарийн мах хадор.
ЦIахь: байт Iамайе.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Iодика йойла шун!

Дарсан цIе: **Арсанукаев Шайхин «Гуьйренан тIуьначу бешахь» байт**

Дарсан Iалашо:

- Шеран хенех Iамийнарг карладаккхар.
- Iаламах, олхазарех Iамийнарг зер.

Дарсан гIирс: интерактиван у, ручка, тептар, Iамат.

Дарс дIадахьар

- Маршалла хаттар.
- Классехь низам хIоттор.
- ЦIахь йелларг таллар.

Хаттарш:

1. Стенах лаьцна йу байт?
2. Хьуна гиний тхи? Муха хуьлу иза?
3. Муьлха хан йу поэта йуьйцуш йерг?
4. Махо муха хьоьсту тхин тIадам? ДIадеша и могIанаш.
5. Беттаса муха хьоьжу бецан тхине?
6. Дахкаро хIун до бецан тхинна?
7. ДIа маца долу бецан тхи?
8. Поэтана бецан тхи гIенах хIунда гина аьлла хета хьуна?

Пайдаэца хIокху жоьпех:

а) Авторна иза гIенах гина шена гинарг исбаьхьа сурт долу дела. Оцу суьртан хазалла даг чохь йисна цунна. Баца тIерачу хинтIадаман васт бераца дусту поэта, иза жима бер долуш санна. Махо аганан илли олу, беттаса цуьнга хьоьжу, къегина нур луш, дахкаро иза хьарчадо.

9. Дагахь Iамийна байт схьайийцийтар.
10. Дарсан Iалашо йовзийтар.

Дешархой балхана йукъабалор.
ДогIу дош ала.

ТIекхечи кIа хьокху хан,
Дашо басе бирзи...(кан)

Хууш ву со шело юй,
Лелабо ас бовха...(куй).

Керта боккхуш бецан цIов,
Ас дIадоьллу аьчган...(ков)

– Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана?
– Ш. Арсанукаевн сурт гайтар.
– Ш. Арсанукаевн кхолларалла йовзийтар.
– Байт дешархошка йешийтар.

Гуьйренан тIуьначу
Бешахь ду тийна.
Iаьржачу дитташ тIехь
Дац цхьа а гIа.
Аддам а дац ккузахь
Тхойшиъ бен дийна.
Тапъаьлла вовшашка
Хьоьжуш тхо Iа...

Тхаьшшиъ Iа тхойшиъ,
Ойлане даьлла.
ХIораммо йийриг а
Шен ойла йу.
Iа тхойшиъ,
Вовшашка хьоьжуш, тапъаьлла:
Со – гIантахь,
Ткъа гаьн тIехь Iаш – хьоза ду...

Хаттарш а, тIедахкарш а

1. Муьлхачу хенан билгалонаш карайо вайна байтехь? ДIадеша и могIанаш.

2. Гуьйренан муьлха хан йу поэта йуьйцург? (Йуьхь, йукъ, чаккхе). ТIечIагIде хьайна хетарг.

3. Бешахь тийна ду хIунда боху поэта? Стен хIоттийна йу и тийналла?

4. Поэтаца бешахь тийналла йоькъуш хIун йу?

5. Стенан ойла йо аьлла хета хьуна поэта а, хьозано а?

6. Поэтан дог-ойла муха го шуна Iаламан суртхIотторца.

7. ХIун синхаамаш кхоллабели хьан байт йоьшуш?

– Бераш, муха хийти шуна вай дарс?

Дарсана жамI дар.
Дешархойн хаарийн мах хадор.
ЦIахь: байт Iамайе.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Iодика йойла шун!

Дарсан цIе: **Гацаев СаьIидан «Суна тховса деши гира» байт**

Дарсан Iалашо:

Хьалха Iамийнарг карладаккхар.

Йаздархочун кхолларалла йовзийтар.

Дарсан гIирс: презентаци, ручка, Iамат, тептар.

Дарс дIадахьар

- Маршалла хаттар.
- Классехь низам хIоттор.
- ЦIахь йелларг таллар.

– Бераш, шеран муьлха мур бевза шуна?

Хаттарш а, тIедахкарш а

1. Муьлха хан йу байтехь йуьйцург?

2. «Аьхкено кхелина дитташ» бохучух муха кхета хьо?

3. Гуьйренан муьлха аматаш гойту поэта? ДIадеша и могIанаш.

4. ХIунда ца кхоьру йуьртахой шело тIейарах?

5. ХIусамашкахь даима бIаьсте хIунда йу аьлла хета хьуна?
6. «Гуьйре – беркате хьаша» хIунда олуш ду халкъалахь?

Бераш балхана йукъадалор.

ДогIу дош ала.

Толлур ду-кха нехан хьал-де,
Чудерзийча кхиъна...(йалта)
Дика дича хир бу мел,
Делера а хир йу...(йал).
Лекха дарж ма леха ахь,
Хила хьайца йолуш...(йахь).

- Iалашонах кхетам балар.
- Йаздархочун кхолларалла йовзийтар.
- Берашка байт йешийтар.
- Хьехархочо нийса йеша Iамабо дешархой.

Гацаев СаьIид

***

Суна тховса деши гира,
Деши гира хьаннашкахь.
Боккху ког а ас ларбира
И ца хьаша некъашкахь.
Оьланашкахь Iуьллу иза,
Мох мел бели, дитташха
ДIа а хедаш, хьийзаш-хьийзаш,
Охьадоьлхуш соьмашха.
Iа ца велла, нийсса бертал,
Оьла тоьлларг хаьржина,
Сайн лаамца чIогIа бертахь,
Со дешийла вуьйжира.
Ас кегийра и ма-хетта,
Хьалакхуьйсуш ловзийра,
Иза а тIаккха, кIеззиг хетта,
Чета духкуш хьийзира.
Гуьйре, гуьйре, и хьал эццал

Таро хилча, сайгара
Мах ца сецош, тховса эццахь
Оьцур дара хьоьгара.

– Бераш, шу ца кхеташ дешнаш дуй байта йукъахь?

– Схьайазде шайн тептарш тIе. (Хьехархочо гIо до маьIна даста дешнийн.)

– Бераш, хIун цIе туьллур йара аша байтана?

Хаттарш а, тIедахкарш а

1. Поэта шен байтехь буьйцург гуьйренан муьлха мур бу?
2. ХIокху байтехь карайе метафора.
3. Диттийн гIаш стенца дусту поэта?
4. Гуьйренах шен самукъдалар муха гойту поэта? Караде и могIанаш, дIадеша.
5. Гуьйренан хазалла гуш, хIун лаам кхоллало поэтан? ДIадеша и могIанаш.
6. ХIун ойланаш кхоллаели хьан байт йоьшуш?
7. Муха хийти шуна вай дарс? Хазахийтин шуна?

Дарсана жамI дар.
Дешархойн хаарийн мах хадор.
ЦIахь: дагахь Iамайе.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Iодика йойла шун!

Дарсан цIе: **Айдамиров Абузаран «Аьхкено кхелина дитташ» цIе йолу байт**

Дарсан Iалашо:

- Дозуш долу къамел кхиор.
- Шеран муьрех Iамийнарг карладаккхар.
- Литературе безам бахийтар.

Дарсан гIирс: интерактиван у, ручка, тептар, Iамат.

Дарс дIадахьар

- Маршалла хаттар.

- Классехь низам хIоттор.
- ЦIахь йелларг таллар.

Хаттарш а, тIедахкарш а

1. Муьлхачу хенан билгалонаш карайо вайна байтехь? ДIадеша и могIанаш.
2. Гуьйренан муьлха хан йу поэта йуьйцург? (Йуьхь, йукъ, чаккхе). ТIечIагIде хьайна хетарг.
3. Бешахь тийна ду хIунда боху поэта? Стен хIоттийна йу и тийналла?
4. Поэтаца бешахь тийналла йоькъуш хIун йу?
5. Стенан ойла йо аьлла хета хьуна поэта а, хьозано а?
6. Поэтан дог-ойла муха го шуна Iаламан суртхIотторца.
7. ХIун синхаамаш кхоллабели хьан байт йоьшуш?
8. Интерактиван уьн тIехь суьрташ гойту.
9. Кицанаш далош. ???

Хабар – мох бу, динарг – гIала ю.
Хазалла – сарралц, дикалла – валлалц.
Хи тIе а кхачале мачаш дIа ма йаха.
Хазчу дашо лекха лам башийна.
Кицанийн маьIна досту, хьехархочо гIо а деш.
Дарсан Iалашонах кхетам ло.
Айдамиров Абузаран кхолларалла йовзуьйту.

***

Аьхкено кхелина дитташ
Сийначу духарха дохуш,
Мох хьоькху, йуткъа шок йетташ,
Iаьнна аш кечамбе бохуш.

ДогIанна йазйелла мархаш
Кхоьлинчу стигланца соьцу.
Дерзинчу дитташ тIехь хьаргIа
Сингаттам тийсарца йека.

ГІаргІулеш вовшашка кхойкхуш,
Генарчу къилбехьа йоьлху.
Йукъ-йукъа лайн чимаш кхуьйссуш,
ХІаваэхь шийла дерз доьлху.

Йуьртахой, дезарш дІадерзийна,
Гуьйренца самукъне къаьста:
Доьрчий ду рицкъанах дуьзна,
ХІусамашкахь даим йу бІаьсте.

– Реза дуй шу вайн дарсана?
– Самукъане йарий дарс?

Дарсана жамІ дар.
Дешархойн хаарийн мах хадор.
ЦІахь: байт дагахь Іамайе.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Іодика йойла шун!

Дарсан цІе: **Кибиев Мусбекан «Ломахь Іа» цІе йолу байт**

Дарсан Іалашо:

- Іаьнан беттанийн цІераш нохчийн маттахь йовзийтар.
- Дарсе безам бахийтар.

Дарсан гІирс: Іамат, тептар, ручка, ИКТ-у.

- Дарс дІадолор.
- Маршалла хаттар.
- Классехь низам хІоттор.
- Воцург билгалваккхар.
- ЦІахь йелларг таллар.
- Айдамиров Абузаран байт дагахь йийцийтар.
- Ца кхетачу дешнех бераш кхетор.
- Дарсан Іалашо йовзийтар.
- ИКТ-уьн тІехь суьрташ гайтар.
- Берашка хаттарш далар.

Хаттарш:

1. Муьлха хан йу байтехь йуьйцург?
2. «Аьхкено кхелина дитташ» бохучух муха кхета хьо?
3. Гуьйренан муьлха аматаш гойту поэта? ДІадеша и могІанаш.
4. ХІунда ца кхоьру йуьртахой шело тІейарах?
5. ХІусамашкахь даим бІаьсте йу бохучух муха кхета хьо?
6. «Гуьйре – беркате хьаша» кицан маьІна де. ??? Вопросы повторяются (про осень)
7. Стенах лаьцна ду суьрташ?
8. Бераш, шуна Іа муьлхачу баттахь долало хаьий (оьрсийн маттахь беттанийн цІераш йоху бераша)?
9. Дика ду, оьрсийн маттахь хаьа шуна, ткъа нохчийн маттахь хаьий шуна беттанийн цІераш?
10. Тептарш тІе дІайазъе вайн маттахь беттанийн цІераш.
11. (Товбецан, Эсаран, Лахьанан – гуьйренан беттанаш ду; ГІуран, Кхолламан, Чиллин – Іаьнан беттанаш)
12. Алал хІинца Айдамиров Абузара йазйинчу байта тІехь йуьйцург муьлха хан йу?

Хьехархочо боцца хаам ло М. Кибиевн кхоллараллех лаьцна.

Кибиев Мусбек
(1937–1997)

Шатайпана йозанан хатІ долуш поэт Кибиев Мусбек дуьнен чу ваьлла Веданан кІоштан Дишни-Веданахь. Жимчохь нохчийн халкъан туьйранашка, дийцаршка, иллешка ладегІар чІогІа дезаш хилла цунна. Нохчийн къоман барта кхоллараллин тІеІаткъам го цуьнан говзаршкахь. Царах цхьаъ –«ШагатІулг» поэма нохчийн халкъан ширачу дийцаран бух тІехь йазйина йу Мусбека. Берашна лерина «Наьрташ» цІе йолу халкъан туьйра байташца дІайаздина цо. Иза иштта дІадолалуш ду:

«Туьйра, туьйра, туьппалиг, шетта, бетта, гІадалиг, цана хьокхуш цхьогалаш, и тІегулйеш пхьагалаш».

Поэта йазйина дуккха а васташца къегина байташ а, дийцарш а берашна а, баккхийчарна а.

Ломахь Іа

Лайн чимашца кІаййеш аре,
Бамба санна кІеда ло,
Лаьмнийн басеш тарйеш дарех,
Ара, лам чу дуьллуш го.

Сирла Іуьйре лам чохь лела –
КІайчу лайно кІайди Іа.
Лайшца йаржош Іаьнан шело,
Доьду хІора де генна дІа.

Морса кІайн лайн чимаш кхуьйссуш,
Дуьллу лаьтта тІе кІайн ло.
КІайн лайн чимаш стиглахь сийсош,
Ло полларчех дегадо.

Дешнаш тІехь болх бар.

Дешархошка шаьш ца кхеташ долу дешнаш схьа а йаздойтуш, церан маьІна досту.

Берашна тІедуьллу байт йукъахь йелахь эпитеташ, олицитворени, метафораш схьайазйар. ХІора хаттарна жоп ло бераша.

Хаттарш а, тІедахкарш а

1. Стенца дуста поэта ло?
2. Лаьмнийн басеш стенах тарйо поэта?
3. Лам чохь Іуьйре муха гайтина байтехь?
4. Стиглахь стенах тера ду боху поэта ло?
5. Хазахийтирий хьуна хІара байт? Дийца, хІунда хазахийтира?

– Бераш, реза дуй шу шаьш бинчу балхана? Берашка вовшийн мах хадабойту бинчу белхан.

Дарсана жамI дар.
Дешархойн хаарийн мах хадор.
Оценкаш дIахIиттайо хьехархочо.
ЦIахь: байт дагахь Iамайе.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Iодика йойла шун!

Дарсан цIе: **Жумалаева Лулин кхолларалла. «Буьйсанан илли» байт**

Дарсан Iалашо:
Iаьнах лаьцна хаарш карладахар.
Жумалаева Лулин кхолларалла йовзийтар.
Дарсе безам бахийтар.
Дарсан гIирс: ИКТ-у, Iамат, тептар, ручка, дневник.

Дарс дIадахьар

- Маршалла хаттар.
- Воцург билгалваккхар.
- ЦIахь бина кечам таллар.
- Хаттарш далар.

Хаттарш:

1. Стенах лаьцна дийцира вай дIадаханчу дарехь?
2. Хьан йазийна говзар йара иза?
3. Маца вина Бисултанов Апти?
4. Стенах самукъдолура Аптин?
5. Байт дагахь йийцийтар.
6. Ломан бохь муха лепа боху поэта? ДIадеша и васт.
7. Дохк йайча лазамна гIоле хIунда хуьлу аьлла хета хьуна? Ойла йе.
8. «Ловзаран дой тирсина» бохучу дешнех муха кхета хьо?
9. Муха илли ду боху поэта Iа? ХIунда аьлла цо иза иштта?

Дарсан Iалашо йовзийтар

- ИКТ-уьн тIехь берашна суьрташ гайтар.

- Іаламах лаьцна аламаш балабайтар.
- Жумалаева Л. кхолларалла йовзийтар.
- Берашка байт йошуьйту, гІалаташ нисдо.

Буьйсанан илли

Батто серло гІийла ло,
Арахь оьгу шийла ло,
Іаьнан буьйса йеха йу.
Бабин туьйра деха ду.

Махо дера мархаш лоьхку,
Дарцо бешахь зурма лоькху,
Дарц ду буьрса, сиха мох а,
Йиш йац иза тховса бохбан.

Кхерчахь алу, лелхаш, ловзу,
КІур бу туьнкалг хьеста говза,
Сецна тховса хенан го,
Бабин туьйра гІенах го.

- Дешнаш тІехь болх бо ИКТ-уьн тІехь: алу, туьнкалг, иштта ца кхетачу дешнашца а.
- Берашка хаттарш далар.
- Беттанийн цІераш йицйеллий шуна?

Хаттарш а, тІедахкарш

1. Муха сурт хІоттадо поэта Іаьнан буьйсанан?
2. Йеха буьйса йацйеш дерг хІун ду аьлла хета хьуна?
3. Муьлхачу дешнашца хьахабо поэта мох, дарц? Даладе и дешнаш.
4. «Дарцо бешахь зурма лоькху» – оцу дешнех муха кхета хьо? ХІун зурма йу дарцо лоькхург? Дийца.
5. ХІусамехь йовха а, тамехь а хилар муха гойту поэта?
6. «КІур бу туьнкалг хьеста говза» – муха кхета хьо хІокху дешнех?
7. МаьІна де хІокху дешнийн: «Сецна тховса хенан го».

Дарсана жамI дар.
Дешархойн хаарийн мах хадор.
ЦIахь: байт дагахь Iамайе.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Iодика йойла шун!

Дарсан цIе: **Мамакаев Iарбин «БIаьстенан йуьхь» цIе йолу байт**

Дарсан Iалашо:

- Дозуш долу къамел кхиор.
- БIаьстенан мур бовзийтар.
- Литературе болу безам шорбар.

Дарсан гIирс: интерактиван у, тептар, Iамат, ручка.

Дарс дIадахьар

- Маршалла хаттар.
- Классехь низам хIоттор.
- ЦIахь йелларг таллар.

Хаттарш а, тIедахкарш а

Гуьйренан муьлха аматаш гойту поэта шен байтехь?

8. Муьлха дешнаш карадо поэтана гуьйренан сибаташ гайта? Схьайазде уьш белхан тептар тIе.

9. Байт йоьшуш, хIун синхаамаш кхоллало хьан? Дийца.

10. «Датоца кхелина, хин бердаш гатлуш ду» бохучух муха кхета хьо? Гуьйренан муьлхачу хенахь хуьлу иштта? Хьуна хIун хета?

11. Гуьйранна шийла хилар муьлхачу дешнашца гайтина поэта? ДIадеша и могIанаш.

Дарсан Iалашо йовзийтар.

Интерактиван уьн тIехь бIаьстенах лаьцна презентаци гойту.

Буьйсанна набарха йолий,
Сирла бIаьрг дуьнен чу боьллий,
Сахуьлий, тIекхочу гIоттий,
Эсалчу бIаьстенан Iуьйре. *(Мамакаев I.)*

– Автор мила ву хIокху могIанийн?
– Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана?
– Муха хиира шуна?
– Хьехархочо йовзуьйту I. Мамакаевн кхолларалла.
– Дешархошка йоьшуьйту байт.

Мамакаев Iарби
«БIаьстенан йуьхь»

Iаржйелчу басешкахь наггахь
КIайдаргаш го геннахь лакхахь,
Малх къега кху мелчу дийнахь,
Iаь гIуьтту, кIур санна, арахь.

ХIинца а дерзинчу гаьн тIехь
Алкханчо шок йетта буьххьехь,
Бер-зезаг баьццарчу ирзехь
Ловзуш ду, хазлуш ду малхехь.

ДIо цхьанна-м шен бIаьрга йайна
БIаьстено йалийна алкханча,
Вукхо а воккхавеш деъна
Варшарчу ирзера зезаг.

Шуна ца девза дешна дуй байта йукъахь?
Шайн тептарш тIе схьайазйе.

Хаттарш а, тIедахкарш а

1. Байтехь йуьйцург бIаьстенан йуьхь хилар муьлхачу билгалонашца хаьа вайна?

2. Дийца, бIаьсте муха йолуш ю? БIаьстенан йуьхь, йукъ, чаккхе муха хуьлу, сурт хIоттаде.

3. Адамашна муха хаало бIаьсте йалар? ДIадеша могIанаш.

Дарсана жамI дар.
Дешархойн хаарийн мах хадор.

– Бераш, хІун девзи шуна?

– Реза дуй шу?

ЦІахь: дагахь Іамайе байт.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Іодика йойла шун!

Дарсан цІе: **Саидов Билалан «БІаьсте» цІе йолу байт. Саидов Билалан дахар а, кхолларалла а**

Дарсан Іалашо:

- БІаьстенах лаьцна хаарш карладахар.
- Саидов Билалан кхолларалла йовзийтар.

Дарсан гІирс: тептар, Іамат, ручка, ИКТ-у.

Дарс дІадахьар

Маршалла хаттар.

Воцург билгалваккхар.

ЦІахь Іамийнарг карладаккхар.

БІаьстенах лаьцна дехкинчу суьрташца болх бар.

Хьан йазйина и байт? Дагахь йийцийтар.

Хаттарш а, тІедахкарш а

- БІаьсте йаларан муьлха билгалонаш гойту поэта? Дийца.
- Басешкахь хІун го дуьххьара бІаьсте йолуш?
- БІаьстенан олхазар муьлхачу олхазарх олу? ДІадеша байта тІера могІанаш.
- БІаьсте йалар наха тІе муха оьцу?
- Дагахь Іамайе байт.

Самукъане миноташ.

Дарсан Іалашо йовзийтар:

- ИКТ-уьн тІехь кхолларалла йовзуьйтуш болх бар.
- Байт йоьшу хьехархочо, цул тІаьхьа дешархошка йоьшуьйту.
- Шу ца кхеташ дешнаш дуй байта тІехь?
- Схьайазде шайн тептар тІе. Дешархошца цхьаьна церан маьІна досту.

Саидов Билал
(1914–1994)

Саидов Билал вина нохчийн исбаьхьчу йуьртахь МахкатIехь. Билал жима волуш церан йуьрта йеана хилла нохчийн театр. Цара хIоттийнчу спектакле дукха лерина хьаьжна кIант. ХIетахь театре бахна безам гуттаренна а бисира цуьнан даг чохь. Оцу безамо вигира иза гуьржийн махкарчу Тбилисе гIала деша. Цигахь Руставели Шотин цIарах йолу театран студи чекх а йаьккхина, Нохч-ГIалгIайн драмин театрехь болх бира Билала актер а, режиссер а волуш. Нохчийн сийлахьчу йаздархо Бадуев СаьIидаца доттагIалла а, кхолларалли уьйраш а хилла Билалан. Цуьнан беркатечу тIеIаткъамца драматургехь болх бан волавелира Саидов Билал.

Саидов Билала дуккха а байташ, поэмаш, пьесаш йазйина. Цо байташца йазйина «Майра Сулима», «Сулимин цIархо», «Сулима лелийнарш» цIе йолу туьйранаш дезаш тIеийцира кегийчу дешархоша. Бераш кхетош-кхиорехь тахана а мехала йу Саидов Билалан кхолларалла.

БIаьсте

Бешарчу дитташ тIехь
ХIуттуташ йекара,
Стигланан сийналлехь
ГIаргIулеш йоьлхура.
Лекхачу кхура тIехь
Къоркхокха бекара –
И дара тоьшалла
БIаьсте схьакхачарна.

Лай кIелахь Iиллина
Латта дохделлера,
Цу лаьтто хьистина
Зезаг мажделлера,
Малхбасеш Iаржйелла
Лаьмнаш къарзделлера,

Іовраша аьхкина
Хершнаш кІаргделлера.

Бераш, муьлхачу баттахь йолало бІаьсте? (Март, апрель, май.)
Нохчийн маттахь хьанна хаьа? (Бекарг, оханан, хІутосург.)

Хаттарш а, тІедахкарш а

1. Шен байтехь бІаьсте схьакхачаран хІун билгалонаш гучуйоху поэта?
2. Муьлха олхазарш хьехадо поэта? Хьуна девзий уьш?
3. Лаьттаца хуьлу хийцамаш муха гойту поэта?
4. Эпитеташ, метафораш йуй хьовсал, йелахь схьайазйе шайн тептар тІе.
5. Самукъделин шун?

Дарсан жамІ дар.
Дешархойн хаарийн мах хадор.
ЦІахь: байт дагахь Іамайе.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Іодика йойла шун!

Дарсан цІе: **Окуев Шимин «Тхи» цІе йолу байт**
Дарсан Іалашо:

- Йаздархочун кхолларалла йовзийтар.
- «Тхи» дешан маьІна дастар.
- Литературе болу безам шорбар.

Дарсан гІирс: интерактиван у, ручка, тептар, Іамат.

Дарс дІадахьар

- Маршалла хаттар.
- Классехь низам хІоттор.
- ЦІахь йелларг таллар.
- Іалашонах кхетам балар.

Хаттарш а, тІедахкарш а

- Байтехь йуьйцург бІаьстенан йуьхь хилар муьлхачу билгалонашца хаьа вайна?

• Дийца, бІаьсте муха йолуш йу? БІаьстенан йуьхь, йукъ, чаккхе муха хуьлу, сурт хІоттаде.
• Адамашна муха хаало бІаьсте йалар? ДІадеша могІанаш.
• (4–5 дешархочуьнга схьайуьйцуьйту дагахь байт).

Дешархой балхана йукъабалор

ЦІен зезаг гарманан арахь,
Бай кхолуш, тІамарца гІоттту,
Тхи къегаш баьццарчу бай тІехь,
Кегийра седарчий хІуьтту.

– Мила ву хІокху байтан автор? (Мамакаев І.)
– Мичахь къега тхи?
Хьехархочо йовзуьйту Окуев Ш. кхолларалла.
Дешархошка байт йоьшуьйту.
ГІалаташ нисдо хьехархочо.

Окуев Шима

Тхи

Бай тІехь лепаш гора
ТІадам хилла тхи,
Махо техкадора
Илли олуш и.

Батто цуьнга, дезаш,
Кхийдадора нур,
Дахкаро а, хьерчаш,
Бижабора кІур.

Маьлхан зІаьнарш кхетча,
Къайладели тхи.
Набаро со лаьцча,
ГІенах гира и.

Хаттарш а, тІедахкарш а
1. Стенах лаьцна йу байт?

2. Хьуна гиний тхи? Муха хуьлу иза?
3. Муьлха хан йу поэта йуьйцуш йерг?
4. Махо муха хьоьсту тхин тІадам? ДІадеша и могІанаш.
5. Беттаса муха хьоьжу бецан тхине?
6. Дахкаро хІун до бецан тхина?
7. ДІа маца долу бецан тхи?
8. Поэтана бецан тхи гІенах хІунда гина аьлла хета хьуна?

Пайдаэца хІокху жоьпех:

а) Авторна иза гІенах гина шена гинарг исбаьхьа сурт долу дела. Оцу суьртан хазалла даг чохь йисна цунна. Баца тІерачу хинтІадаман васт бераца бусту поэта, иза жима бер долуш санна. Махо аганан илли олу, беттаса цуьнга хьоьжу, къегина нур луш, дахкаро иза хьарчадо.

9. Дагахь Іамайе байт.

Дарсан жамІ дар.
Дешархойн хаарийн мах хадор.

– Бераш, керла хІун хии шуна?

ЦІахь: дагахь Іамайе.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Іодика йойла шун!

ХААРШ ЗЕР

Дарсан цІе: **Іамийнарг карладаккхар**

Дарсан Іалашо:

- Іамийнарг карладаккхар.
- Іаламе болу безам шорбар.

Дарсан гІирс: тептар, Іамат, ручка, ИКТ-у.

Дарс дІадахьар

- Маршалла хаттар.
- Воцург билгалваккхар.
- Хьалха Іамийнарг карладаккхар.
- Іаламах лаьцна Іамийна говзарш карлайоху, гІийла мукъам а хозуьйтуш.

Хаттарш:

1. Іаламах лаьцна кхин муьлха байташ йевза хьуна?
2. Муха васташ далийна поэташа Іаламан исбаьхьалла гойтуш?
3. ХІокху декъехь вайна бевзинчу йаздархойн кхин муьлха говзарш йевза хьуна?
4. Поэташна дуьне шатайпа го аьлла хетий хьуна? ХІунда хета? Масалш даладе хІокху декъера.
5. Муьлха дустарш а, метафораш а йалош, йазйина лакхахь йолу байташ?
6. Поэзехь пайдаоьцуш долу кхин муьлха исбаьхьаллин гІирсаш бевза хьуна?
7. ХІокху декъехь муьлха байт хазахийтира хьуна? ХІунда?
8. «Іаламан йерриге а хенаш исбаьхьа йу, хьуна церан хазалла гичахьана» бохург нийса хетий хьуна?
9. Шарна чохь муьлха хан дукхайеза хьуна? ХІунда?

Самукъане миноташ.

Шайна хазахеттачу байтах лаций сурт дилла шай белхан тептар тІе.

Дарсан жамІ дар
Дешархойн хаарийн мах хадор.

ЦІахь: кхечу йаздархоша йазйина Іаламах лаьцна байт Іамайе.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Іодика йойла шун!

БЕРАЛЛИН ТУЬЙРА – 9 сахьт

Дарсан цІе: **Пашаев Нурдин дахар а, кхолларалла а. Пашаев Нурдин «Бералла» цІе йолу байт**

Дарсан Іалашо:

- Дешархошна дахар довзийтар.
- Дарсе болу безам шорбар.

Дарсан гІирс: ИКТ-у, тептар, Іамат, ручка.

Дарс дIадахьар

- Маршалла хаттар.
- ЦIахь Iамийнарг таллар.

Хаттарш:

1. Стенах лаьцна йу байт?
2. Хьуна гиний тхи? Муха хуьлу иза?
3. Муьлха хан йу поэта йуьйцуш йерг?
4. Махо муха хьоьсту тхин тIадам? ДIадеша и могIанаш.
5. Беттаса муха хьоьжу бецан тхине?
6. Дахкаро хIун до бецан тхина?
7. ДIа маца долу бецан тхи?
8. Хьан йазйина байт?
9. Маца вина Окуев Шима?

Дарсан Iалашо йовзийтар. Берашна хозуьйту «Бералла» цIе йолу илли (дешнаш а, мукъам а – Усманов Iимран).

– ХIинца шуна хьанна хIун лаьа хьовсур ду вай?

Э.: Сихха воккха хилла велара со. Массо а мехкашкахула волалур вара. ЧIогIа лаьа суна гездархо а хилла, дуьненах го таса.

Д.: Суна а лаьара тайп-тайпана мехкаш, къаьмнаш довза. Суна йаздархо хила лаьа. Йаздархочунна дуккха хIума довза, ган деза.

Ж.: Хьо муха хуьлу йаздархо? Хьо гуттар а ловзуш лелаш ма ву хIинца а.

Д.: Гуттар а вац, ас киншкаш а йоьшу дуккха а.

Ж.: Йаздархо жима волуш дуьйна а, воккха стаг санна, хьекъал долуш, ловзуш ца лелаш, гуттар цхьа дика гIуллакхаш деш хила веза аьлла хета суна-м.

Э.: Вайн йаздархой а хиллий-теша иштта?

ЧI.: И Дошлигна хуур дара. Цунна киншкех, йаздархойх дерриг а хаьа.

Ж.: Дошлиг!

Дош.: Кхузахь ву. Хезаш ву.

Ж.: Дийцахьа, йаздархой муха хуьлу кегий болуш?

Дош.: Йаздархой, Iилманчаш, суртдиллархой, Iеламнах – берриш а кхидолу бераш санна хуьлу-кх кегий болуш. Аш ца йешна

берех лаьцна говзарш? Царна мичара хуур дара, бераша хIун ладо, берашна хIун деза, хIун ца деза, шаьш а иштта ца хиллехьара?

Д.: Суна хазахета берех лаьцна байташ, дийцарш.

Дош.: Вай йеший уьш? Сан дуккха йу кхузахь иштта говзарш.

Бераш, хьенан йу аьлла хета шуна бераллех лаьцна дуккха а говзарш? (Пашаев Н.)

Хьехархочо боцца хаам бо Пашаев Нурдин кхолларелех лаьцна.

Дешархошка йоьшуьйту байт.

Пашаев Нурдин

****

Іуьйрре хьалагІаьттина,
Мачаш харцхьа йуьйхина,
Серех кечбеш дин бина,
Ченашлахь ас хихкина.

БІаьсте йолуш, полларчий,
Зезагаш а лардина.
Кегий, йаккхий хьаннаш толлуш,
ХьуьнцІазамаш лехьийна.

Эвлайистехь обаргех,
«БІов-бІив» бохуш, левзина.
Жоьра-Бабин туьйранехь
Іаьржа-Хожа эшийна.

ХІора хенан шен мур бу,
Хохку салаз бердах чу,
Девзиг карахь Лайн Баба
ХІоттош кхечо го табо.

КогашІуьйра цаидарх,
Маьлхан денош дагардеш,
Беральла, ахь со вицварх,
Со ву хьуна сагатдеш.

Хаттарш:

- Бераш, шу иддий когашIуьйра?
- ХIора хенан шен мур бу бохучух муха кхета шу?
- Муьрана йуккъехь маса бутт хуьлу?
- Ца кхеташ долу дешнаш схьайазде шайн тептар тIе.
- КхидIа а, хаттарш а луш, болх бо.

Хаттарш а, тIедахкарш а

1. Бераллех хIун дагалецамаш буьйцу поэта?

2. ХIун ловзарш, хIун дезарш хилла турпалхочун? Схьадийца и ловзарш.

3. Аьхка, Iа деъча хIун дезарш хилла турпалхочун? ДIадеша и могIанаш.

4. Бералла даима шен даг чохь хилар, ша цунна сагатдеш хилар муьлхачу могIанашкахь гойту поэта? Даладе и могIанаш.

Дарсан жамI дар.

Дешархойн хаарийн мах хадор.

Бераш, шайн беральа карлайелин шуна?

Йаздархочун беральа тера йуй шу бераллех?

ЦIахь: байт дагахь Iамайе.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Iодика йойла шун!

Дарсан цIе: **Дикаев Мохьмадан «Нохчийн хIусам» цIе йолу байт**

Дарсан Iалашо:

- «Нохчийн хIусам» бохучу дешнех кхетор.
- Хьаша-да тIеэцарх кхетам балар.
- Вайн дайн гIиллакхаш лардар.

Дарсан гIирс: ИКТ-у, тептар, ручка, Iамат.

Дарс дIадахьар

- Маршалла хаттар.
- Воцург билгалваккхар.
- Дарсана бина кечам таллар.
- ЦIахь йелларг таллар.

- Дарсан Іалашонах кхетор.
- Хьехархочо Дикаев Мохьмадан кхолларалла йовзийтар.

Хаттарш:

1. Бераш, цІахь хІун де аьллера шуьга?
2. Хьан дийшира аша дийцар?
3. Муха кхийтира шу?
4. «Тешаме доттагІ – дуьненан бахам» ала мегар дуй?
5. ХІун весет дина хилла дас шен кІенташна?
6. Да лоруш хилар муха гойту поэта? ДІадеша и могІанаш.
7. Дас аьллачух муха кхетта кІентий? ХІун дина цара?
8. Дас тІе муха оьцу кІенташа динарг?
9. Муха кхочушдо кІенташа ден весет? Схьалахий, дІайеша и меттиг.
10. ДоттагІчух хІун дешнаш даладо поэта? ДІадеша уьш. Схьалаха и меттиг.
11. Хьан вуй доттагІ? ХІунда лаьцна ахь иза хьайн доттагІ, кхечарах къастийна?
12. ДоттагІ муха хила веза аьлла хета хьуна? ???

Дикаев Мохьмад (1941–1979)

Дикаев Мохьмад вина Соьлжа-ГІалахь. Цуьнан да Джунайд вайн махкахь вевзаш волчу пондарчица Димаев Іумарца цхьаьна болх беш хилла. Нана нохчийн иллеш, эшарш дика хууш, бедарш тоьгу говзалла йолуш хилла. Мохьмадна жимчохь дуьйна чІогІа дезара шен дас дІаолучу мукъамашка а, нанас дуьйцучу туьйранашка а, дийцаршка а ладегІар. ХІетахь кхоллайелира цуьнан поэт хила ойла. Цунах лаьцна цо иштта аьлла:

Вайн халкъан стогалла хасто со гІаьттина,
Цо хьегна баланаш сан дагна Іаьткъина…

Шен диъ шо долуш цІераваькхинчу поэтан йоккха йара Даймахках къастаран гІайгІа. 13 шо даьлча цІадерзаро и гІайгІа хийцира сирлачу хазахетарца. И гІайгІа а, хазахетар а дара Дикаев Мохьмадан поэзин коьрта ши хьоста.

Дикаев Мохьмада шен байташкахь дуьйцу Даймахке болчу безамах, нохчийн къоман хазачу гІиллакхех, оьздангаллех, къоман сий динчу къонахех лаьцна. Шен «Нохчо ву со» бохучу байтехь поэта дуьйцу муха хила веза бакъ нохчо, къоман бакъволу къонах.

Дикаев Мохьмада дуккха а байташ, поэмаш, драмаш йазйина. Цуьнан байташкахь хаало халкъан кхолларалли беркате тІеІаткъам: мукъаме хилар, исбаьхьа васташ.

Нохчийн хІусаман суьрташ гайтар.

- Бераш, вайн таханлера дарс стенах лаьцна хир йу?
- Нохчийн хІусамах лаьцна хир йу.

Нохчийн хІусам

Суьйре шийла-шийла йеъча,
Дадас, тухий, дечиг доккху.
Цкъа а ца веъна хьаша веъча,
Водий, нене ас кхаъ боккху.

Хьешо шена гинарг дуьйцу –
Тховса тхоьга муха кхаьчна,
ЦІаро-м сийна суйнаш туьйсу,
Кхехка нохчийн мерза кхача.

«ВогІург, воьдург йуучух кхетта,
Вахар ирс ду», – дайша аьлла.
Нохчийн хІусам шийла хетта,
Цкъа а хьаша тІех ца ваьлла.

Хаттарш а, тІедахкарш а

1. Нохчийн хІун гІиллакх ду хІокху байта тІехь дуьйцург?
2. Хьаша веъча, кхаъ хІунда боккху кІанта нене хІокху байта тІехь? «Кхаъ боккху» бохучух муха кхета хьо?
3. «ВогІург, воьдург йуучух кхетта, Вахар ирс ду» хІунда олу? ХІунда ду и ирс? Хьуна хазахетий шайга хьаша веъча?
4. Хьешаца лелош долу нохчийн муьлха гІиллакхаш девза хьуна?

5. ТІаьххьара ши могІа йухабеша. Муха кхета хьо царах? Хьешана хІусам шийла маца хета? И ца хетийта хІун дан деза?

6. «Хьаша – беркат» кицанах муха кхета хьо?

7. ЦІахь баккхийчаьрга дийцийта хьешаца лелочу гІиллакхех лаьцна.

Дарсана жамІ дар.
Дешархойн хаарийн мах хадор.
ЦІахь: байт дагахь Іамайе.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Іодика йойла шун!

Дарсан цІе: **Курумова Селимин «Цайиначу ненан хІусамехь» дийцар. 2 сахьт**

Дарсан Іалашо (шина сахьтана лерина дарс)**:**

- Нохчийн гІиллакх-оьздангалла йовзийтар.
- Хьалха Іамийнарг карладаккхар.
- Нохчийн къам махкахдаккхар довзийтар.

Дарсан гІирс: ИКТ-у, тептар, ручка, Іамат.

Дарс дІадахьар

- Маршалла хаттар.
- Воцург билгалваккхар.
- Хьалха Іамийнарг карладаккхар.
- Дикаев М. йазйина «Нохчийн хІусам» байт йийцийтар.

Хаттарш:

1. Нохчийн хІун гІиллакх ду хІокху байта тІехь дуьйцург?
2. Хьаша веъча, кхаъ хІунда боккху кІанта нене хІокху байта тІехь? «Кхаъ боккху» бохучух муха кхета хьо?
3. «ВогІург, воьдург йуучух кхетта, Вахар ирс ду» хІунда олу? ХІунда ду и ирс? Хьуна хазахетий шайга хьаша веъча?
4. Хьешаца лелош долу нохчийн муьлха гІиллакхаш девза хьуна?
5. ТІаьххьара ши могІа йуха беша. Муха кхета хьо царах? Хьешана хІусам шийла маца хета? И ца хетийта хІун дан деза?

6. «Хьаша – беркат» кицанах муха кхета хьо?

- ИКТ-уьн тIехь презентаци гайтар.
- Йаздархочун кхолларалла йовзийтар.

Курумова Селима (1914–1968)

Курумова Селимин беролла Соьлжа-ГIалахь дIайахна. Цо дешна №2 йолчу ишколехь. КурумовгIеран доьзалехь йоза-дешар Iамор чIогIа лоруш дара. Цундела цуьнан дас Селима а, цуьнан ваша Сурхо а ишколе деша дIаделира. Цул тIаьхьа, техникум чекхйаьккхина, мехкадаьттан институте деша йахара иза.

Курумова Селима инженеран говзалла карайерзийна хиллехь а, цуьнан исбаьхьаллин литературе марзо йолуш хилла. Нохчийн киншкаш арахоьцучохь болх беш хилла Селимин йиша Бата.

Цо гочйина А.С. Пушкинан, М. Горькийн говзарш нохчийн маттахь йоьшура Селимас. ХIетахь дагадогIу Селимина йаздархо хила. Цуьнан дуьххьарлера говзарш, дийцарш зорбане довлу 50-гIа шераш чекхдовлуш. Уьш «Орга» альманахехь, «Ленинан некъ» газетехь зорбанехь арадовлу.

Курумова Селимас баккхийчарна йазйина ца Iаш, берашна а йаздина шен дийцарш. Царах ду шайн исбаьхьалла лакхара йолу «Ца йинчу ненан хIусамехь» цIе йолу дийцар. Оцу говзарехь йаздархочо дика гайтина берийн йукъаметтигаш, вовшашка болу къинхетам. Берийн хазахетарш, сатийсамаш, ловзарш шатайпанчу маттаца йешархошна дагах кхеташ йазйан говзалла кхаьчна Курумова Селимин.

Цуьнан коьрта говзар лара хьакъ йу «Дохк» цIе йолу повесть. Оцу повестехь нохчийн къоман дIадахна дахар, хIетахьлера адамийн васташ говза гойту йаздархочо. Исбаьхьчу маттаца йаздина цо Iаламан суьрташ.

1. Дешархошна боцца кхетам ло дийцарх лаьцна. Цул тIаьхьа берашка доьшуьйту дийцар.

2. Хаттарш ло дешархошка.

- Муьлхачу шарахь хилла ду дийцар тIехь дуьйцург?
- Шеран муьлха мур гойту дийцар тIехь?
- Мила веара ца йевзачу хIусаме?
- Оцу стагаца цхьаьна мила йара?
- Муха тIеийцира оцу хIусамехь хьаша?
- ХIун сацам бира берийн нанас Маккас?
- ХIун бахьана дара нанас и сацам баран?
- Бераша муха тIеийцира йоI?
- Бераш, шуна ца девза дешнаш дуй дийцар тIехь?

(Оцу дешнийн маьIна досту берашка тептар тIе дIа а йаздойтуш. Иштта, кхидIа а хаттарш а хIиттош, дIахьо дарс.)

Дарсан жамI дар.
Дешархойн хаарийн мах хадор.
Бераш, хIун девзи шуна тахана?
Атта хиллий вайнехан дахар?
Дахар атта ца хилар муха хиира шуна?
Йуха дарсехь кхидIа болх бийр бу.
Таханлера дарс дерзор ду вай.
ЦIахь: дийцар деша, кхолларалла Iамайе.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Iодика йойла шун!

Дарсан цIе: **Гадаев Мохьмад-Салахьан «ДоттагI» цIе йолу дийцар**

Дарсан Iалашо:

- ДоттагIчух лаьцна Iамийнарг карладаккхар.
- Литературе безам бахийтар.

Дарсан гIирс: ИКТ-у, тептар, Iамат, ручка.

Дарс дIадахьар

- Маршалла хаттар.
- Воцург билгалваккхар.
- ЦIахь йелларг таллар.

• «Нохчийн хIусам» байт дагахь йийцийтар.
• Хаттарш далар.

Дарсан Iалашо йовзийтар:
• ДоттагIчух Iамийнарг карладаккхар.
• Презентаци гайтар.
• Тахана вай муьлхачу доттагIчух лаьцна дуьйцур ду аьлла хета шуна?
• Берашка дийцар доьшуьйту.

Хаттарш а, тIедахкарш а

1. Йаздархочо шен дийцар хьанна лерина ду боху?
2. Хьуна муха хета, шеца хилларш ду йаздархочо дуьйцуш дерг йа кхоьллина ду?
3. Берашна хIунда лерина йаздархочо шен дийцар? Бераш муха хиларе сатуьйсу цо?
4. Къизаллех лаьцна муха дуьйцу йаздархочо?
5. Хьан муха йукъаметтиг йу олхазаршца а, дийнаташца а? Дезий хьуна уьш, къахетий?
6. Хьешаша далийна «кIеза» муха дара? КIезанах тера дуй йаздархочо цуьнан хIоттош долу сурт?
7. Муха тасаделира кIентан, жIаьлин гергарло?
8. Лаьмнашца а, бердашца а муха лелара жIаьла? КIентан муха терго йора цо?
9. ЦIен-берде воьдучу новкъахь стенах кхоьрура кIант?
10. Шен майралла муха гайтира жIаьло?
11. КIантана муьлха амал гучуйелира жIаьлин? «Деган куралла» стенах йоьзна йара цуьнан? ДIадеша и могIанаш.
12. ЖIаьла даьхнийн дика Iу хилар муха гайтина йаздархочо? Йетт, эсий кIелхьарадаккхар муха нисло цуьнан?
13. Адамех тешийна долу дийнаташ муха лело деза аьлла хета хьуна?
14. Хьан дуй цIахь кхобуш цициг йа жIаьла? Муха леладо ахь уьш?
15. ЖIаьлин тешамах лаьцна кхин хIун хаьа хьуна литературера йа кино чуьра?

16. ЖIаьлина хIоттийна хIоллам бу бохуш хезний хьуна? Дийца мичахь бу и хIоллам, хIунда хIоттийна бу иза?

Дарсана жамI дар
Дешархойн хаарийн мах хадор.

ЦIахь: дийцар деша, чулацам схьабийца. Шайн тептарш тIе «Тешаме доттагI» сочинени йазйе.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Iодика йойла шун!

Дарсан цIе: **Эдилов Хас-Мохьмадан «Ло ду догIуш» цIе йолу дийцар**

Дарсан Iалашо:

- Iаьнах лаьцна Iамийнарг карладаккхар.
- Йаздархочун кхолларалла йовзийтар.
- Дарсе безам бахийтар.

Дарсан гIирс: ИКТ-у, тептар, Iамат, ручка.

Дарс дIадахьар

- Маршалла хаттар.
- Воцург билгалваккхар.
- Iаьнах лаьцна хаарш карладахар.

«Ломахь Iа» байт карлайоккху.

1. Стенца дусту поэта ло?
2. Лаьмнийн басеш стенах тарйо поэта?
3. Лам чохь Iуьйре муха гайтина байтехь?
4. Стиглахь стенах тера ду боху поэта ло?
5. Хазахийтирий хьуна хIара байт? Дийца, хIунда хазахийтира.

Дарсан Iалашо йовзийтар.

ИКТ-уьн тIехь презентаци гойтуш.???

Йаздархочун сурт а гойтуш, боцца хаам ло хьехархочо.

Эдилов Хасмохьмад
(1922–1991)

Эдилов Хасмохьмад вина нохчийн ширачу йуьртахь ВаргтIехь. Цкъа мацах цигахь хиллачу къизачу тIамах лаьцна йаздина оьрсийн поэта М.Ю. Лермонтовс. И бахьанехь дуьненахь а гIарайаьлла и йурт. Цу йуьртахь дIайахна цуьнан беральа. Жимчохь дуьйна цо ладегIна шайн йуьртахь хиллачу баккхийчу хиламех лаьцначу дийцаршка а, халкъан иллешка а, туьйранашка а. Халкъан говзарш йовзаро кхоллабалийтира шен даг чохь йаздархо хила лаам, олура Эдилов Хасмохьмада. Поэзехь шен хьехархо лорура цо Мамакаев Iаьрби. Эдилов Хасмохьмадан дуьххьарлера байташ лерина йара Сийлахь-боккхачу Даймехкан тIамехь дакъалоцучу нохчийн майрачу кIенташна. Къаьсттина доггах йаздора поэта Советийн Союзан турпалхочух Нурадилов Ханпашех. Цунна лерина йу цуьнан ши байт «Кавказан аьрзу», «Суьрте». Цуьнан стихашкахь коьрта тема йара нохчийн къоман турпаллалла, къонахалла, Даймахке болу безам гайтар. Эдилов Хасмохьмада поэзехь болх бина ца Iа, цо прозехь а йазйина. Цо йазйина «Кхел» повесть, берашна лерина «Акхаройн лорах» дийцарийн гулар а.

Цул тIахьа хьехархочо Iаьнан презентаци гойту.

• Бераш, вай стенах лаьцна дуьйцур ду тахана? (Нийса боху, Iаьнах лаьцна хир ду къамел.)

• Муьлхачу баттахь болало Iаьнан бутт? (Оьрсийн, нохчийн маттахь олу.) (Берашка йоьшуьйту байт, церан гIалаташ хьехархочо нисдо.)

Ло ду догIуш

Iуьйре. Даккхий чимаш долуш,
Тийна, паргIат догIу ло.
Ткъа бераш а, шаьш ца кIадлуш,
Салазаш тIехь хехкало.

Басех цхьаъ чувоьду хохкий,
Цунна тIаьххье воьду кхин.

Цхьаннан салазо гIо хьокхий,
Вовшашна тIекхета шиъ.

Бамба санна, кIеда ло ду,
Вожарх дегI цо лазош дац.
Беснийн бесаш Iежех догу,
Йа куьйгаш а шеллуш дац.

Беларш. Маьхьарий ду детташ,
Духарш а ду дуьзна лайх.
Сакъералуш ловзу бераш,
Гинарг воккхавевеш шайх.

– Бераш, шу ца кхеташ дешнаш дарий байта йукъахь?
– Билгалдахал уьш, шайн тептар тIе дIа а йаздеш.

Хаттарш а, тIедахкарш а

1. Берийн сакъерадалар муха гучудолу байтан могIанашкахь? Даладе и могIанаш.
2. Берийн ирсах хьегар муьлхачу могIанашкахь гойту поэта? Даладе и могIанаш.
3. «Беснийн бесаш Iежех догу» бохучух муха кхета хьо?
4. Хьуна хазахетий ло догIуш? Муьлхачу ловзарх ловзу хьо?

Дарсана жамI дар.
Дешархойн хаарийн мах хадор.
Самукъделин шун?
ЦIахь: кхолларалла йеша, байт дагахь Iамайе.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Iодика йойла шун!

Дарсан цIе: **Эльдерханова Зайнапан «Дашо хьаьжкIаш» цIе йолу дийцар**

Дарсан Iалашо:

- Iамийнарг карладаккхар.
- Йаздархочун кхолларалла йовзийтар.
- Дарсе болу безам шорбар.

Дарсан гIирс: ИКТ-у, тептар, ручка, Iамат.

Драс дIадахьар

- Маршалла хаттар.
- Воцург билгалваккхар. ЦIахь йелларг таллар.
- «Ло ду догIуш» байт йийцийтар.
- Эдилов Хасмохьмадан кхолларалле хаттарш далар.
- Фронтальни хаттарш далар.

Хаттарш:

1. Берийн сакъерадалар муха гучудолу байтан могIанашкахь? Даладе и могIанаш.
2. Берийн ирсах хьегар муьлхачу могIанашкахь гойту поэта? Даладе и могIанаш.
3. «Беснийн бесаш Iежех догу» бохучух муха кхета хьо?
4. Хьуна хазахетий ло догIуш? Муьлхачу ловзарх ловзу хьо?
5. ИКТ-уьн тIехь бIаьстенан муьрех лаьцна презентаци гайтар.
6. Дешархошка дийцар дешийтар.
7. Цадевза дешнаш схьайаздар, церан маьIна дастар.
8. Стенах самукъделира берийн? Хьан дира царна и хазахетар?

Хаттарш а, тIедахкарш а

1. Деца муха лору бераша?
2. Бераша телефонаш чохь хан йайъар хIунда ца деза аьлла хета хьуна Децина? Хьан цIерачу баккхийчара хан йойъуьйтий хьоьга телефона чохь?
3. Уггар мерза хан муьлханиг ю, боху Децас? Хьуна хетий иштта?
4. Муха хилла децин бералла?
5. Стенах ловзуш, самукъдолуш хилла хьалха берийн?
6. Хьуна хезний «индейцех» дуьйцуш?
7. Ловзучу берашна хIун хазахетар до дас?
8. Муха хилира берийн «лагерь»?
9. Бераллера дагалецамех уггар сирла хIун дагахь дисина децина?

10. ХIун барт хилира берийн?

11. «Шуна хеттарг бен дашо йац шуна, бераш, дуьнен чохь цхьа а хIума» – муха кхета хьо оцу дешнех? МаьIна де церан.

12. Хьайн бераллех хIун дагалецам бу хьан, дийца. Стенах ловзура, хIун хазахетарш хуьлура?

Бераш, реза дуй шу шаьш бинчу балхана? Киншкаш йешаро дукха хIума довзуьйтий? Аш йоьшур йуй киншкаш?

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Iодика йойла шун!

Дарсан цIе: **Ошаев Халидан дахар а, кхолларалла а. «Полла» цIе йолу пьеса**

(Шина сахьтана лерина дарс. 1–3 – хьалхара дарс, 4–6 – шолгIа дарс.)

Дарсан Iалашо:

- ГIиллакхех Iамийнарг карладаккхар.
- Ошаев Х. кхолларалла йовзийтар.

Дарсан гIирс: ИКТ-у, ручка, тептар, Iамат.

Дарс дIадахьар

- Маршалла хаттар.
- Воцург билгалваккхар.
- ГIиллакхех Iамийнарг карладаккхар.

Хьехархочо хаттаршца доладо дарс, ИКТ-уьн тIехь суьрташ а гойтуш.

Хаттарш а, тIедахкарш а

- Дадий, бабий хьуьнах даха хIунда кечлуш ду?
- Хьуьнхахь Полла тила хIунда ло?
- ХIун дуьхьалкхета Поллина? Цо хIун олу цуьнга?
- Зингатана хIун гIо до Поллас?
- Поллас бумбарица муха тосу гергарло?
- ТIулгаша хIун бала балхабо йоIе? Цо муха гIо до царна?
- Ча-Бабин хIусаме муха кхочу Полла?

• ХIун кхерам тIехIутту Поллина Ча-Бабин хIусамехь?

• Поллина орцах хIун кхочу?

• Поллин доттагIаша муха кIелхьарйоккху йоI Ча-КIантах а, Ча-Бабех?

• ТIулгаша хIун совгIат до Поллина? ХIунда дина аьлла хета хьуна йоIана совгIат?

• «Диканиг дича диканиг хуьлу» бохучу дешнех муха кхета хьо?

• ХIора денна хIун диканаш дан мегар ду аьлла хета хьуна?

Д.: Дошлиг, соьга Маьлх-Аьзнис Ненан дийнахь хIотто дийцар йазде ма аьлла!

Дош.: «Дийцар хIотто» бохург хIун ду?

Д.: Сцени тIехь ца хIоттадо, спектакль йой?

Дош.: ХIа-а. Цунах дийцар ца олу. Цунах пьеса олу.

Ж.: Царна йуккъехь хIун башхаллаш йу?

Дош.: ***Пьеса*** *– иза спектакль хIотто йазйен говзар йу. Пьеси тIехь авторан дешнаш дукха ца хуьлу. Цара пьесин турпалхоша кхочушден дараш доцца билгалдо йа гонахарчу хьолах дуьйцу.* ***«Ремарка»*** *олу царах.*

Пьеса дIайолош, цу йуккъехь дакъалоцурш билгалбоху. Царах ***персонажаш*** *олу.*

Пьеса ***сурташка*** *йекъало. Цхьана суьрто чулоцу цхьана меттехь йоццачу хена чохь дIабоьлху хиламаш. Меттиг йа хан хуьйцуш, керла сурт доладо. Пьеси чаккхенгахь «кирхьа» олий йаздо дукхахьолахь. Иза, театрехь спектакль чекхйаьлча, сцена кирхьаца дIакъовлу дела йаздо.*

Пьесаш йазйечух ***«драматург»*** *олу.*

Э.: Со хилла театрехь. Нохчийн маттахь а хуьлу спектальш?

Дош.: Хуьлу дера! Дуккха а пьесаш йазйина драматургаш бу вайн Бадуев СаьIид а, Хамидов Iабдул-Хьамид а, Ахмадов Муса а, Гайсултанов Iумар а, Гацаев СаьIид а. Амма уьш боцчара а, дуккха а вайн кхечу йаздархоша а йазйина мас-масех пьеса.

Э.: Театраш йуй Нохчийчохь, и пьесаш хIиттош?

Дош.: Театраш а йу. Соьлжа-ГІалахь масех театр йу вайн, иштта кхечу гІаланашкахь а, йарташкахь а йу. Соьлжа-ГІалахь Къоначу хьовсархойн театр а йу. Цигахь берашна лерина пьесаш хІиттайо.

(Цул тІаьхьа хьехархочо йовзуьйту йаздархочун кхолларалла.)

Ошаев Халид
(1898–1977)

Нохчийн гІараваьлла йаздархо Ошаев Халид дуьнен чу ваьлла Органан тогІехь Іиллинчу, Чехкар-гІалахь. ХІинца цу меттехь йеса меттиг йу. Ошаев Халида 7 класс реальни училищехь дешна, цу хенахь кхоллабелла цуьнан оьрсийн литературе безам. Иза чекхйаькхича Петербухе хьуьнан институте деша вахна Халид.

Ошаев Халида дукха къахьегна нохчийн меттан йоза-дешар йукъадоккхуш, кхиош. Цо дІайаздина нохчийн халкъан дийцарш, туьйранаш, иллеш.

Уьш толлуш беркате къа а хьегна цо Іилманан статьяш йазйеш.

Ошаевс тайп-тайпана жанрашкахь произведенеш йазйина: дийцарш, повесташ, пьесаш, романаш. Къаьсттина мехала йу цуьнан вайн къоман исторехь хиллачу чолхечу хенахь революцех а, граждански тІамех а лаьцна йолу «Алун шераш» цІе йолу роман. Цу тІехь дуьйцу шайн даймохк ларбеш Деникинан эскаршна дуьхьал нохчийн къомо дІабаьхьначу къийсамах. Йаздархочо гуттар тидамехь латтадора бераш кхетош-кхиор. Царна лерина произведенеш йазйора цо. «Чайра», «Полла».

Вайн къам лардеш мостагІаша тІекхуллу харцонашна дуьхьал дукха а Іилманан статьяш, кехаташ йаздина Ошаев Халида.

Сийлахь-боккхачу Даймехкан тІамехь нохчийн йахьйолчу кІенташа гайтинчу майраллех, къонахаллех лаьцна йазйина цо «Брест-гІап ларйар» а, «Нохч-гІалгІайн дошлойн полк» а цІе йолу киншкаш.

Иза вайн къоман бакъволу верас, къонах вара.
Берашка йоьшуьйту пьеса 1–3 дакъа.
Стенга даха кечделира дадий, бабий, йоI?
ЙоI тилйарах лаьцна хIун эр дара аша?
Хьан гIо дира йоIан?

Дарсан цIе: **Хаарш зер. Iамийнарг карладаккхар**
Дарсан Iалашо:
- Хьалха Iамийнарг карладаккхар.

Дарсан гIирс: тептар, Iамат, ручка, ИКТ-у.

Дарс дIадахьар
- Классехь низам хIоттор.
- Воцург билгалваккхар.
- Хьалха Iамийна говзарш карлайахар.
- Кицанаш а далош, дIахьо дарс.
- Кхечу къаьмнийн йаздархойн суьрташ гайтар.

Хаттарш:

1. ХIокху декъан цIе «Бераллин туьйра» хIунда тиллина аьлла хета хьуна?

2. «Бераллехь Iамийнарг – тIулга тIе йаздина йоза» бохучу кицанах муха кхета хьо? Дийца цунах лаций.

3. ХIокху декъера хьуна дагахь йисинарг муьлха говзар йара? ХIунда?

4. Баккхийчу йаздархоша шайн бераллех а, шайн дIадахначух а хIунда йаздо аьлла хета хьуна?

5. «Бералла даг чохь йаха йуьсу» бохург муха хета хьуна?

6. Баккхийчаьрга хатта а хоттуш, белхан тептар тIе хьалха леллачу гIиллакхех лаций йазде.

Иштта кхидIа а болх бо берашца.

Дешархойн хаарийн мах хадор.
ЦIахь: пьесин 1–3-гIий дакъош деша.

Дарсана жамI дар.

Бераш, муха хийти шуна вайн дарс?
Реза дуй шу?

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Іодика йойла шун!

БІЕ ЭЗАР ДИКА ГІУЛЛАКХ – 5 сахьт

Дарсан цІе: **Ахмадов Мусан «БІе эзар дика гІуллакх» цІе йолу дийцар**

Дарсан Іалашо:

- Іамийнарг карладаккхар.
- Нохчийн къоман гІиллакхаш довзийтар.
- Дарсе безам бахийтар.

Дарсан гІирс: ИКТ-у, тептар, Іамат, ручка.

Дарс дІадахьар

- Маршалла хаттар.
- Воцург билгалваккхар.
- Классехь низам хІоттор.
- ЦІахь Іамийнарг карладаккхар.
- Хаттарш далар.

Хаттарш:

1. ХІокху декъан цІе «Бераллин туьйра» хІунда тиллина аьлла хета хьуна?

2. «Бераллехь Іамийнарг – тІулга тІе йаздина йоза» бохучу кицанах муха кхета хьо? Дийца цунах лаций.

3. ХІокху декъера хьуна дагахь йисинарг муьлха говзар йара? ХІунда?

4. Баккхийчу йаздархоша шайн бераллех а, шайн дІадахначух а хІунда йаздо аьлла хета хьуна?

5. «Беральа даг чохь йаха йуьсу» бохург муха хета хьуна?

6. Баккхийчаьрга хатта а хоттуш, белхан тептар тІе хьалха леллачу гІиллакхех лаций йазде.

ИКТ-уьн тІехь гІиллакхех лаьцна суьрташ гайтар.

Хьехархочун къамел.
ГIиллакхех лаьцна хаарш карладахар.

Э.: ХIолламашший, кIарлагIашший хIун йу?

М.: Уьш вайн дайша шайна йуккъехь хилла дика а, вон а диц ца дайта йуьтуш хилла есан билгалонаш йу. Цхьа диканаш диначу, хьуьнарш гайтинчу стагана хIоллам бугIуш хилла. Иза дукхахьолахь боккха чхар хилла. Дина диканаш йа гайтина хьуьнар диц ца дайта, цунах масал эцийта хIоттош хилла и. Ткъа цхьа доккха зен шегара даьлла, нахана вон белхаш биначунна кIарлагIа йугIуш хилла. Некъан йисте цхьамма тIулг кхуссуш хилла. Цул тIаьхьа тIех вол-волучо иштта тIулгаш кхуьйссуш, тIулгийн боккха барз хуьлуш хилла цунах. Цунах кIарлагIа олу. ТIехбуьйлучарна, и ган массазза го, и стаг а, цуьнан вон гIуллакхаш а дагахь лаьтташ хилла. Иза а ду шатайпа масал – и санна дерш дан мегарг цахилар, иштаниг лелийча, гуттаренна а нехан даг чохь вон агIор вуьсург хилар а.

ЧI.: ХIинца дугIий хIолламаш йа кIарлагIаш?

М.: ХIинца кIарлагIаш йо олуш хезна дац суна. Амма дина вонаш нехан дагахь-м дуьсу. Ткъа хIолламаш хIинца а дугIу. Вайн махкахь дуккха а ду Даймохк ларбеш эгначарна а, Iилманехь, искусствехь йа кхечу гIуллакхашкахь къахьегначарна а доьгIна хIолламаш.

Д.: ХIун дика гIуллакхаш дан деза-те, шена хIоллам богIийта?

Ж.: ХIоллам богIийта дан ца деза дика гIуллакхаш, аьлла хета суна. Ша дика хилархьама дан деза!

Ахмадов Мусан кхолларалла йовзийтар.

Ахмадов Муса
(1955)

Нохчийн Республикин халкъан йаздархо Ахмадов Муса вина ГIиргIизойчохь. КIентан цхьа шо долуш, Даймахка, Лаха-Варанда цIабирзира церан доьзал. Хьаннаш тIейевллачу, аьрцнаш йуккъехь Iуьллуш йара церан жима йурт. Йуьртана го-

наха гуш дара цкъа мацах нах баьхна ирзош, шира бошмаш. Оцу исбаьхьчу Іаламехь дІайахара хинволчу йаздархочун берала. Ахмадов Мусан да жимчохь хьуьжарехь бусалба дин Іамийна вара. Иштта цо ша-шена Іамийра оьрсийн элпашца кхоьллина нохчийн меттан керла йоза. Ишколехь йуьхьаьнцарчу классехь хьехархо вара иза. Ткъа цІахь цо шен доьзална а, йуьртарчу берашна а Іамадора Къуръан деша. Жимчохь дуьйна волавелла Ахмадов Муса литературехь къахьега. 4-чу классехь доьшуш волуш йазйира цо шен дуьххьарлера байт. Ткъа 6-чу классехь волуш цуьнан дийцарш, байташ кІоштан газетехь арайевлира. Тайп-тайпанчу жанрашкахь беркате къахьегна Ахмадов Мусас. Цо йазйина байташ, поэмаш, дийцарш, романаш, пьесаш, литература толлуш статьяш. Хазахетарца йазйо цо берашна лерина. Вайн бераш нохчийн маттаца уьйр-марзо йолуш, нохчийн гІиллакх-оьздангаллехь кхиийта Іалашо йолуш дуккха а чулацаме говзарш йазйина Мусас. Вайн къомана доккха совгІат ду цуьнан «Нохчийн гІиллакх-оьздангалла» цІе йолу жайна. Шен дас беш хиллачу динан хьехамийн а, ша кхиъначу ламанан йуьртан беркатечу нехан нохчийн Іер-дахаран а, хазачу Іаламан а тІеІаткъам хаало Ахмадов Мусан йерригечу кхолларалле.

Берашка дийцар дешийтар.

– ХІун хан йу дийцар тІехь йуьйцург, бераш?

– Шуна гиний гІаргІулеш дІайоьлхуш?

Хаттарш а, тІедахкарш а

1. Маса шо ду КІентан? Муха кхуьуш ву иза?
2. ХІунда ца девза кІантана латта?
3. Нанас, бабас дечу къамелера стенах кхийтира кІант?
4. Бабас аьлларг ца деш, хІун лууш воьлху КІант?
5. КІант дуьххьара ша ара муха волу? ХІун го цунна стигалахь?
6. Поллан дахарх хІун девза КІантана?
7. «ЭхІ, ма хаза ду хІара дуьне!» – хІокху дешнийн муха маьІна дийр дара ахь? Дуьнен чохь кхаа дийнахь бехачу полланo хІунда олу аьлла хета хьуна и дешнаш?

8. ГІаргІулица муха гергарло тасало КІентан? Муха къамел хуьлу цаьршиннан?

9. ТІомавала луучу кІантана хІун хьехар до бешарчу Кхуро?

10. «Стагах шена луъург хила йиш ю хьуна» бохучу дешнийн хІун маьІна дийр дара ахь? Хьо муха кхета царах?

11. «БІе эзар дика дича тІомавала йиш ю» бохучух муха кхета хьо?

12. Хьуна хІун хета, бІе эзар дика гІуллакх бохург хІун ду?

13. Кхуро, бацо диначух масал далош, дийца.

14. КІанта шен дика гІуллакхаш стенна тІера дІадоладира?

15. Белхан тептар тІехь дийнахь ахь дечу дикачу гІуллакхех лаций дийцар кхолла.

Дарсана жамІ дар.

Дешархойн хаарийн мах хадор.

ЦІахь: дийцар деша, 15-чу хаттарна жоп тептар тІе дІайазде.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Іодика йойла шун!

Дарсан цІе: **Тагаев Сайд-Хьасан. «Хьаьрса доттагІ»**

Дарсан Іалашо: Тагаев С.-Хь. «Хьаьрса доттІагІ» цІе йолу керла дийцар довзийтар; шера а, къаьсташ а дийцар деша, чулацам бийца хаар; вайн маттахь беттанийн цІераш а, йуьртара дахар а довзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Іамор

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактивни у.

Дарс дІайахьар

• Вовшахтохаран мур (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Іамат, ручка), цІера болх таллар).

• Дарсан Іалашонаш йовзийтар.

Ас а гиччойн сирачу басах
Йа шерех ца хетча эхь,
Хохкур йара салаз басах,
Дакъалоцуш цу ирсехь. *(Эдилов Х.)*

Муьлха шеран зама йуьйцу кху тIехь? Керла Шо тIекхочуш шеран тIаьххьара бутт муьлхарг бу хаьий шуна? Ткъа маса бутт бу шера чохь?

Бераш, тахана Тагаев С.-Хь. «Хьаьрса доттагI» цIе йолу дийцар а доьшуш, шеран маса бутт бу а, церан цIераш муха йу хуур ду вайна.

• Актуализаци.

– Хьехархочо доьшу дийцар.

– Дошамца болх. (Тептарш тIехь дIа а йаздойтуш керла дешнаш довзуьйтуш

– Маса бутт бу дийцарехь билгалбина? Iаьнан шолгIа бутт муьлха бу? (Февраль бу). Ткъа хьалхара бутт? Вайн маттахь–кхолламан бутт (январь), Чиллан бутт (февраль). Ткъа дерриг а беттанаш 12 ду. (Нохчийн а, оьрсийна а маттахь шеран беттанийн цIераш дIайазйойту)

– Берашца дийцаран чулацам буьйцу.

• Текстаца болх.

– Iаламан хенех лаьцна керла хIун девзи шуна дийцар йукъара?

– Дийцар йукъара хиламаш мичахь дIабоьлхуш бу аьлла хета шуна:

гIалахь, йуьртахь? Дийца, хIунда хета шуна иштта.

– Iаьн тIехь талла хIунда боьлху аьлла хета шуна иччархой?

– Шина кIантана цхьогал гича, Мадаран хIун ойла хилира? Зайнди реза варий Мадара аьллачунна?

– Муха тасаделира доттагIалла шина кIентан а, цхьогалан а?

– Цхьогалх йолу ойла хийцайелира аьлла хетий шуна Мадаран? Дийца, хьайна хетарг.

– Йаздархочо шен дийцарехь муха гайтина йуьртан Iаьнан дахар, дIайеша, кара а йай и меттигаш.

• СадаIаран минот.

• Тобанашкахь болх.

– Схьалаха дийцарехь йух-йуха йаздина цхьатерра дешна. Тептар тIе схьайазде уьш.

– Схьалехна дешнаш йукъехь а долуш Іаьнах лаьцна предложенеш йазйан хьажа.

– Дийцар дакъошка декъа, хІора а дакъана йогІу цІе тилла.

• Белхан тептарца болх.

• Дарсана жамІ дар.

Бераш, хІун Іалашо йара вайн дарс йолалуш хІоттийна?

Дийцарехь буьйцург муьлха бутт бу? (ШолгІа бутт февраль.)

Іаьанан хьалхара беттан цІе йаккхал. (январь).

Вайн маттахь – кхолламан бутт (январь), чиллин бутт (февраль).

Шаьш билгайинчу Іалашоне кхечин шу?

Иштта вай дарсан Іалашонах кхийтин шу?

Кхин дІа Іамор йуй вай беттанийн цІераш.

• Дешархойн хаарийн мах хадор.

• ЦІера болх:

– Дийцар деша, чулацам схьабийца.

– Нохчийн маттахь шеран беттанийн цІераш Іамайе.

• Рефлекси йар.

Цхьа фраза къастайе, хьайна уллехь Іачу дешархочух лаций.

– Хьо молодец ву!

– Со реза ву/йу ахьа биначу балхана.

– Хьайна лиъча, кхин а дика болх балур бара хьоьга.

Дарсан цІе: **Рашидов Шаидан «ГІаргІанаш» цІе йолу байт**

Дарсан Іалашо:

- Йаздархочун кхолларалла йовзийтар.
- Диттийн цІераш йовзийтар.
- Дарсе болу безам шорбар.

Дарсан гІирс: ИКТ-у, Іамат, тептар, ручка.

Дарс дІадахьар

- Маршалла хаттар.
- Воцург билгалваккхар.
- Классехь низам хІоттор.

• ЦIахь йелларг таллар.
• Дешархошка шаьш йаздина дийцар а доьшуьйтуш, дIахьо дарс.
• Хаттарш далар.
• Дарсан Iалашо йовзийтар.
• ИКТ-уьн тIехь суьрташ гайтар.
• Рашидов Шаидан дешнаш тIехь даьккхина илли хазийтар.
• Хьехархочо боцца хаам ло поэтан кхолларалле лаьцна.

Рашидов Шаид
(1940–2020)

Рашидов Шаид вина Гуьмсан кIоштан Энгель-Йуьртахь. КIентан 9 бутт кхаьчна бен ца хилла, цуьнан да Рашид Сийлахь-боккхачу Даймехкан тIаме воьдуш. Бераллехь, тIехь да воцуш, дуккха а гIелонаш лан дезна Шаидан доьзало. Йуккъера ишкол гIиргIизойн маттахь доьшуш, дашо мидалца чекхйаьккхира Шаида. Шаида шен дуьххьарлера байташ гIиргIизойн маттахь йазйира.

Бераш кхетош-кхиорехь къахьега лууш, иза ишколе балха хIоьттира, царна нохчийн мотт, литература хьоьхуш. Цуьнан дуккха а байташ йу Iаламах, Даймахках лаьцна. Рашидов Шаидан байташ мукъаме, зевне йекаш нислора, цундела ларамаза дацара царах дукхахйерш иллеш а, эшарш а хилла дIайахар.

– Бераш, шуна цкъа а хезний «гIаргIанаш» боху дош, и стенах олу а?

– Делахь тахана шуна вай довзуьйтур ду гIаргIанаш.

Цкъа хьалха хьехархочо йоьшу байт, цул тIахьа берашка йоьшуьйту.

Цадевзачу дешнашца болх бар.

ГIаргIанаш

Тхан эвлал арахьа
ГIаргIанаш кхиъна,
Дикка хан дIайаьлла

ДийгІина уьш.
Хийла а некъахо
ІиндагІе хиъна,
СадаьІна, там хилла,
Хьийкъина гуш.
Ткъа маца дийгІина?
Ткъе пхи шо хьалха,
Доьшучу бераша,
Гулделла шаьш.
Тахана кхийдаш ду
Стиглане, малхе,
Гонаха ІиндагІаш
ХІиттийна Іа.

Цхьаммо а тІера гІа,
Озадой цхьа а,
Схьадоккхий, царна а
Чевнаш ца йо.
Йа гонаш бех а дой,
Латадац къа а,
Куьг хьокхий, го цІанбой,
Хи дуттуш го.

Цунна ду уьш зоьртал,
ДогІмаш а даьхна,
ГІиттина цхьатерра
Некъаца дІа.
Іалам сов дезаш верг
Дуккха а ваьхна,
Варийлаш, ларделаш
ГІаргІанаш сан.

– Бераш, хІинца хиин шуна гІаргІанаш стенах олу?

Хаттарш а, тІедахкарш а

1. Адамашна дитташ догІар стенна оьшу аьлла хета хьуна?
2. ГІаргІа иза хІун дитт ду хаьий хьуна? Суьртаца гайта.

3. Маца, хьан дийгIина ду и дитташ?
4. Бераша а, наха а муха Iалашдо дитташ?
5. Муха кхиийна гIаргIанаш?
6. ХIун дехар до поэта дешархошка?
7. Ахь доьгIний хьайн дахарехь дитт?

Дарсана жамI дар.
– Бераш, муха хийти шуна вайн дарс?
– Реза дуй шу?
Дешархойн хаарийн мах хадор.
ЦIахь: байт дагахь Iамайе.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Iодика йойла шун!

Дарсан цIе: **Берсанов Хож-Ахьмадан дахар а, кхолларалла а. «Кхерам» цIе йолу дийцар**

Дарсан Iалашо:
- Iамийнарг карладаккхар.
- Йаздархочун кхолларалла хаам балар.
- Дала са кхоьллинчунна орцахвалар.
- Iаламе, олхазаршка болу безам шорбар.

Дарсан гIирс: ИКТ-у, ручка, тептар, Iамат.

Дарс дIадахьар
- Маршалла хаттар.
- Воцург билгалваккхар.
- ЦIахь йелларг таллар.

Хазахийтирий шуна шаьш дешна дийцар?
Бераш, стенна оьшу аьлла хийтира шуна дитташ?
Пайда бой дитташа? ХIун пайда бо цара?
Бераша дехкинчу суьртех пайда а оьцуш, цIера болх толлу.

Хаттарш:
1. Адамашна стенна оьшу аьлла хета хьуна дитташ догIар?
2. «ГIаргIа» – иза хIун дитт ду хаьий хьуна? Суьртаца гайта.
3. Маца, хьан дийгIина ду и дитташ?

4. Бераша а, наха а муха Іалашдо дитташ?
5. Муха кхиийна гІаргІанаш?
6. ХІун дехар до поэта дешархошка?
7. Ахь доьгІний хьайн дахарехь дитт?

Дарсан цІе: **Хаарш зер. Іамийнарг карладаккхар**
Дарсан Іалашо:
• Хьалха Іамийнарг карладаккхар.
Дарсан гІирс: тептар, Іамат, ручка, ИКТ-у.

Дарс дІадахьар

• Классехь низам хІоттор.
• Воцург билгалваккхар.
• Хьалха Іамийна говзарш карлайахар.
• Кицанаш а далош, дІахьо дарс.
• Кхечу къаьмнийн йаздархойн суьрташ гайтар.

Хаттарш:

1. ХІокху декъан цІе «БІе эзар дика гІуллакх» хІунда тиллина аьлла хета хьуна?

2. Хьайна хІокху декъехь билгалдевлла адамийн дика гІуллакхаш дагарде. Дийца, хІунда ду уьш дика гІуллакхаш.

3. «Адамашна диканиг деш вахар ирс ду» бохучух муха кхета хьо? ХІунда ду и ирс?

4. ХІокху декъехь йолчу говзаршна йуккъера муьлха турпалхой дагахь бисира хьуна? ХІунда?

5. Вайх хІора а вайн дахарх долчу дийцаран турпалхо ву аьлла хетий хьуна?

Дарсана жамІ дар.

– Бераш, муха хийти шуна вайн дарс?
– Реза дуй шу?

Дешархойн хаарийн мах хадор.

ЦІахь: байт дагахь Іамайе.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Іодика йойла шун!

БОВЗА, БЕЗА ВАЙН ДАЙМОХК – 3 сахьт

Дарсан цIе: **Бовза, беза вайн Даймохк**
Дарсан Iалашо:
- Хьалха Iамийнарг карладаккхар.
- Шен Даймахкара Iаьмнаш довзар.
- Дарсе болу безам шорбар.

Дарсан гIирс: ИКТ-у, ручка, тептар, Iамат.

Дарс дIадахьар

- Маршалла хаттар.
- Классехь низам хIоттор.
- Дарсана бина кечам таллар.
- Хьалха Iамийнарг карладаккхар.
- Хаттарш даларца Даймахках долу хаарш зер.
- Дарсан Iалашо йовзийтар.
- ИКТ-уьн тIехь Даймахках лаьцна суьрташ гойту.

Дош.: Мила вара кхузахь гездархо а хилла, нехан мехкаш, къаьмнаш довза лууш?

Э.: Со вара.

Д.: Со а вара кхидолу мехкаш ган лууш.

Дош.: Ткъа вайн мохк бевзий шуна?

Д.: Бевза дера! Кху махкахь Iаш дац вай? Суна вайн Соьлжа-ГIалин истори а йевза. ХIинца тхуна вайн библиотекаш, театраш йевза.

Дош.: Хьо вехачу гIалел йа йуьртал арахь берг хьан Даймохк бац? Нохчийчохь долчу лаьмнийн коьртийн цIераш йевзий хьуна, масала?

Э.: Церан а хуьлу шайн цIераш?

Дош.: Хуьлу дера. Цул сов, и цIе мичара йаьлла йа и лам, хи, Iин муха кхолладелла дуьйцуш цхьацца шира хабарш а хуьлу. Масала, Терк Кавказехь уггар доккха хи ду. Кавказерчу массо а бохург санна махках чекхдолу Терк. Цундела Кавказехь дехачу къаьмнийн Терках лаьцна легендаш йу, и мичара даьлла дуьйцуш.

Э.: Вайн Даймахках иштта шира хабарш мичахь карор дара-те?

Дош.: Ас Нохчийчуьрчу тайп-тайпанчу меттигех легендаш вовшахтоьхна. Уьш йоьшу вай.

– Бераш, стенах лаьцна дуьйцур ду аьлла хета шуна вай тахана?

– Шуна хезний буьйцуш «Къоьзан-Іам»?

– Вай тахана шуна довзуьйтур ду вайн Даймахкара Іаьмнаш, йурт.

Дешархой кхаа тобане боькъу. ХІора тобано цхьацца дийцар доьшу, хаттаршна жоьпаш а луш.

Хаттарш а, тІедахкарш а

1. Муха цІейахана хилла ламаройн?
2. Хьаша-да тІе муха оьцуш хилла цара?
3. ХІунда дахийтина хилла Дала малик лам чохь бехачу нахана йукъа?
4. Хьенан суьртехь деана хилла малик лаьтта тІе?
5. Муха хьошалла дина цунна наха?
6. Хьан тІеэцна сагІадоьхург? Муха хилла цуьнан цІа?
7. СагІадоьхурго шена диначу хьошаллина муха баркалла аьлла зудчунна?
8. Муха хІоьттина дуьйцу Къоьзана-Іам?
9. «Хьаша – беркат ду» боху кица хІокху дийцарна догІу аьлла хетий хьуна?
10. Муьлха амалш бахьана долуш кІелхьарйаьлла зуда а, цуьнан доьзал?
11. ХІун маьІна ду хІокху ширачу дийцаран?
12. Мичахь хилла хьалха Іам? Муха хилла цу чуьра хи?
13. Іомах сту хІунда хилла?
14. Стенга бахна сту? Хьанна гина иза?
15. ХІун сацам хилла ден-ненан? Бераш хІунда реза ца хилла церан сацамна?
16. Нийса хетий хьуна дас динарг?
17. Муха хІоьттира ГаланчІожан Іам?

18. Вайн деношкахь а болуш буй и Іам, стенгахь бу иза?
19. Муха лам бу Дакох-корта?
20. Муьлхачу меттехь бу Дакох-корта лам?
21. Кхин хІун цІе йоккху цуьнан?
22. Мила турпалхо хилла и лам баькхина?
23. Нохчийчуьра муьлха лаьмнаш девза хьуна?

– Бераш, муха хийтира шуна дарс?
– Іаьмнаш, шира йарташ Іамо йеза аьлла хетий шуна?
– Уьш Іамо хІун дан деза вай? (Йеша йеза алсам киншкаш.)

Дешархойн хаарийн мах хадор.

ЦІахь: дийцарш деша, шайн тептарш тІе Іаьмнийн суьрташ дахка.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Іодика йойла шун!

Дарсан цІе: **«Муха кхолладелла Терк?» цІе йолу легенда**

Дарсан Іалашо:

- Даймахке, Іаламе, хишка болу безам совбаккхар.

Дарсан гІирс: ИКТ-у, тептар, Іамат, ручка.

Дарс дІадахьар

- Классехь низам хІоттор.
- Воцург билгалваккхар.
- Дарсана бина кечам таллар.
- ЦІахь Іамийнарг карладаакхар.

Хаттарш:

1. Мичахь хилла хьалха Іам? Муха хилла цу чуьра хи?
2. Іомах сту хІунда хилла?
3. Стенга бахана сту? Хьанна гина иза?
4. ХІун сацам хилла ден-ненан? Бераш хІунда реза ца хилла церан сацамна?
5. Нийса хетий хьуна дас динарг?

6. Муха хIоьттира ГаланчIожан Iам?
7. Вайн деношкахь а болуш буй и Iам, стенгахь бу иза?

- Терк хих лаьцна суьрташ гайтар.
- Бераш, тахана вай дуьйцур ду Терк хих лаьцна.
- Хьехархочун къамел.

Цхьана хенахь, наха дийцарехь, Нохчийчохь вехаш турпал ворхI ваша хилла. Церан хIораннан цхьацца турпал дин хилла. Уьш чIогIа онда нах хилла, шайн дойшка бен дIа а ца бахьалуш.

Цхьана дийнахь аренца лела бахна уьш. Оцу хенахь аренца хIордах кхета хьаьдда доьду цхьа Соьлжа бен кхин хи ца хилла. И ворхI ваша, хIинца Теркий, Соьлжий вовшахкхетачу меттехь, туп а тоьхна, сецна. Цигахь, шена чохь дуккха а нах бехаш, йоккха йурт хилла. Оцу йуьртара нах чIогIа Iазап ловш хилла, цхьа боккха саьрмак тIелеташ, цо адамаш а, хьайбанаш а лечкъош. Оццул онда, турпал вежарий а, церан онда говраш а гича, цу йуьртарчу наха дехна вежаршка: «И саьрмак бехьара, йа ворхI ломал дехьа а боккхуш, эккхабахьара!» – аьлла. Вежарий реза хилла йуьртахошна гIо-накъосталла дан.

Уьш, саьрмак богIу ларбина, таррашца, гоьмукъашца цунна тIелетта. Бехха бахбелла и тIом. ГIелбелла, шен эшам герга буйла хиъна саьрмак, сихха текхаш, кIелхьарбала гIоьртина. Амма турпал вежарий цунна тIаьхьара ца бовлуш, герз детташ хилла. Дикка гена тIаьхьа ихна уьш саьрмакна. Лекхачу лаьмнашна йуккъехь къайлабаьлча, садаьлла цуьнан. И текхначу меттехь кIорга харш хIоьттина. Цу чу хьаьвдда лам тIехь дешначу лайн хиш а, кегий ахкаш а. Дийцарехь, иштта кхолладелла Терк. Соьлжа, Терк вовшахкхетий, и ши хи хIордах дIакхета.

Дешнаш тIехь болх: *туп а тоьхна – лагерь, гоьмукъашца – копьем.*

Хаттарш а, тIедахкарш а

1. Турпал вежарий муха хилла, хIун аматаш долуш?
2. Мичахь баха хевшина турпал вежарий?
3. ХIун бала ловш хилла йуьртара нах?

4. Йуьртарчу наха хIун дехар дина турпалчу вежаршка?
5. Муха эшийна турпалчу вежарша саьрмак?
6. Терк кхолладалар муха дуьйцу ширачу хабаро?

– Бераш, вай дийцина хиш девзий шуна, гиний шуна? Хазахийтин шуна дарс?

Дешархойн хаарийн мах хадор.

ЦIахь: дийцар деша, Теркан сурт дилла шайн тептар тIе.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Iодика йойла шун!

Дарсан цIе: **Ахмадов Мусан «Нохчийн хиш» цIе йолу байт**

Дарсан Iалашо:

- Даймахкарчу Iаьмнех Iамийнарг карладаккхар.
- Даймахкара хиш довзийтар.

Дарсан гIирс: ИКТ-у, тептар, Iамат, ручка.

Дарс дIадахьар

- Маршалла хаттар.
- Воцург билгалваккхар.
- ЦIахь йелларг таллар.
- Дарсан Iалашо йовзийтар.
- ИКТ-уьн тIехь презентаци гойту.

– Даймахкара шовданаш, хиш.
– Бераш, тахана вай хIун дуьйцур ду?
Йаздархочун кхолларалла карлайаккхар.
Ахмадов Мусан байт йешийтар.
ГIалаташ нисдар.
Цадевза дешнаш тептар тIе дIайаздар.

Нохчийн хиш

Бераш, хаттар ду сан шуьга:
Девзий шуна нохчийн хиш?

Уьш довзийта, шу ас дуьгу
Малх кхетале, дожош тхи.

Даьлла ша ло долчу терхех,
Буто бердаш хедош кIорга,
Іаьржа айгІар санна, терсаш,
ЙоргІа эцна догІу Орга.

Нохчийн мехкан уггар деха,
Уггар чехка хи ду Орга.
Цунна йистехь адамаш деха,
Даьхни кхобуш, йалта оруш.

Шовданийн хиш шегахь худий,
Орга кхета Соьлжа чу.
Цу хин йистехь, лекхчу гу тІехь
Іуьллу шира БухІан-йурт.

И дерриг а хиш сихделла
Доьлху кхета Терка чу,
Терк, ломара охьадаьлла
ДогІуш, чІогІа чехка ду.

Теркан хи чохь деха чІерий,
Терк дІадоьду хІорда чу.
И схьакхетча, сенчу Каспис
ТулгІийн ловзар хІоттадо.

Дуккха кегий хиш ду, бераш,
Вай ца хьахош дисина.
Церан ларам, хама белаш,
Диц ма де вай дийцинарш.

Иштта хиш луш, Везчу Дала
Къинхетам бу бинарг вайх…
Хийн доладан, шовда тодан
ТІера хилла оьзда дай.

Хаттарш а, тIедахкарш а

1. Стенах схьадаьлла Орга хи?
2. Орга хин хIун билгалонаш гойту поэта?
3. Нохчийчохь уггар деха муьлха хи ду?
4. Муьлхачу хин йистехь Iуьллу БухIан-йурт?
5. Муьлхачу хи чу кхета Орга? Хих дIакхета?
6. Орга а, Соьлжа а муьлхачу хи чу кхета? Хих дIакхета?
7. Терк муьлхачу хих дIакхета? Терк хIорданах кхета дIа!!!
8. Вайн Нохчийчохь бен дуй Терк хи?
9. Вайн дайша хиш муха лелош хилла аьлла хета хьуна?
9. Нохчийчуьра кхин муьлха хиш девза хьуна? Дийца.

Дарсана жамI дар.
Дешархойн хаарийн мах хадор.

ХААРШ ЗЕР

1. Керла хIун девзи хьуна хIокху декъехь? Муьлхачу меттигийн цIераш хии хьуна?

2. Вайн Нохчийчуьра кхин муьлха меттигаш хаьа хьуна? Дийца царах лаций.

3. Вайн махкахь садаIа меттигаш дуккха а йу ламанца. Хьо мичахь хилла? Дийца хьайна гиначух.

4. Нохчийчуьрчу хих (д. терахь хууш дац!) лаций дийца. Хьо вехачу йуьртахь, гIалахь муьлха хи ду?

5. Нохчийчуьра меттигаш йоцурш, адамийн муьлха амалш йевзи хьуна?

6. Адамийн дикачу а, вочу а амалийн бахьана долуш хуьлуш ду хIокху дуьнен чохь диканаш а, вонаш а. ХIокху декъехь долчу дийцарех масал а оьцуш, дийца шайна хетарг.

ЦIахь: Байт дагахь Iамайе. Шайн йуьртарчу шовданан сурт дилла.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Iодика йойла шун!

ИСБАЬХЬЧУ ІАЛАМАН КЪАЙЛЕНАШ – 7 сахьт

Дарсан цІе: **Махмаев Жамалдин «Іаламан тидамаш» цІе йолу байт**

Дарсан Іалашо:

- Хьалха Іамийнарг карладаккхар.
- Даймахкара Іалам довзийтар.
- Дарсе безам бахийтар.

Дарсан гІирс: ИКТ-у, тептар, Іамат, ручка.

Дарс дІадахьар

- Маршалла хаттар.
- Воцург билгалваккхар.
- Дарсана бина кечам таллар.
- Хьалха Іамийнарг карладаккхар.
- Даймахках, хих (дукх. терахь), Іаьмнех Іамийнарг карладаккхар.
- Дарсан Іалашонах кхетам балар.
- ИКТ-уьн тІехь презентаци гайтар.
- Ж. Махмаевн кхолларалла йовзийтар.

Махмаев Жамалди
(1939–2014)

Махмаев Жамалди вина Орган йистехь Іуьллучу нохчийн йуьртахь БердкІелахь. Цуьнан да хьехархо хилла. Шен йерриге кхолларалла берашна лерина йаздархочо Махмаев Жамалдис.

Берийн дахар цунна дика девзара, хІунда аьлча цо дуккхачу а шерашкахь къахьийгира ишколехь хьехархочун болх беш. Нохчийн берашна Жамалдин поэзи йовза йолало кегий долчу хенахь дуьйна. Масала, нохчийн маттахь дагардар царна Іема «Ану бабин гІезаш йу, гІезаш йу» байт Іаморца. КхидІа а девза берашна дуьне, масала бІаьста тІомалела полла йаздархочо бовзуьйту царна хІокху дешнашца:

Палла аьлла,
Беди полла,
Цунна тІаьхьа
Веди со.

ТІемабаьлла
Боьду полла,
Суна иза
Хала го.

Ишттачу мукъамечу могІанашца Іалам а, Іаламан хийцамаш а бовзуьйту Жамалдис берашна. Ткъа цуьнан дуьххьарлера «Маликат» цІе йолу байтийн киншка лерина йара йуьхьаьнцарчу классан дешархойн амалш, дахар довзийтарна. Бераша чІогІа йезаш тІеийцира и книга. Изза турпалхо а йолуш, керла киншка арахийцира поэта, шен цІе «Маликат ишколехь» а йолуш. Нохчийн берашна санна поэтан ши киншка кхечу къаьмнийн дешархошна а тайра. И ший а гочйина оьрсийн а, гІалгІайн а меттанашка. Берашна лерина 17 книга арахийцира йаздархочо. Махмаев Жамалдин киншкаша, берашна дуьне а, Іалам а довзийтина ца Іаш, дахарехь оьшуш долу хьекъале хьехарш деш йу. Масала: «Самукъане абат», «Хьекъале абат», «Нохчийн берийн ловзарш». Йаздархочо Махмаев Жамалдис шен кхоллараллехь кхоьллина берашна лерина самукъане, хьекъале дуьне. Мало ма йе, бераш, и довза.

Хьехархочо довзуьйту Бабин ЧІирдиган къамел.

Э.: ЧІирдиг, хьо четар дохьуш хІунда веъна ишколе? ДогІа ма дац вайна.

ЧІ.: Бабас тахана делкъале догІа дан мега бохура.

Э.: Хьан Бабина мичара хаьа и? Вайна йекхна ма йу.

ЧІ.: Ца хаьа суна-м, амма, Бабас аьлча, гуттар дан-м догІу иза.

М.: Вайн баккхийчарна дика хаьа иштта хІуманаш. Адаман дахар гуттар а ду Іаламца доьзна. Вайн дайша къаьсттина йуххера гергарло лелийна Іаламца. Уьш цуьнца чІогІа лераме

а хилла, гонахарчу дуьненан чIогIа тидам беш а хилла. Цундела Iаламо цхьацца шен къайленаш йостуш хилла. Масала, цхьа а метеоцентр йоцуш, хенахIоттамах (хенан хIоттамах???) дерг ала хууш хилла. ХIинцалерчу инженерашна санна, математика а, физика а, биологи а, хими а ца йевззашехь, эзар шарахь а лаьтташ йолу бIаьвнаш йотта а хиина царна, лам чохь, тIулгаш тIехь кIа кхио а хиина.

Ж.: ХIинца-м вайн метеоцентраш йу, интернет йу, шортта латта а ду. Цундела ца оьшу вайна хIинца Iаламца иштта йуххера гергарло.

М.: Иза иштта хета тарло. Амма вай гуттар а хир ду Iаламца доьзна. Цундела вайна гонахарчу дуьненан терго йеш хила деза, Iалам довза а деза. Мелхо а вайн заманахь Iилмано кхин а баккхий аьттонаш бо вайна и довза а, цунах пайдаэца а.

Хаттарш:

1. Стенах лаьцна ду Бабин ЧIирдиган къамел?
2. Бераш, хIинца вай йоьшур йу Махмаев Жамалдис йазйина байт.
3. Хьалхара ши бIогIам хьехархочо боьшу. Кхин дIа дешархошка доьшуьйту.

Iаламан тидамаш

Бераш, шуна хаа лаьий,
ДогIа маца догIур ду?
Йа, масала, доладеллехь,
Иза маца соцур ду?

Тобанашкахь, синтем байна,
Йекаш, хьийзахь хьаргIанаш,
Аьхка – догIа, Iай – ло даран
Билгало йуй, хаалаш.

Олхазарийн тидам белахь –
Лахашхула уьш лелахь,

Новкъавала везаш велахь,
Четар дитий ма гIолахь.

Кьуьрдиго шен кIорнеш, сецош,
ТIемашна кIел лечкъадахь,
Шелонах уьш лардан гIерташ,
ДогIанна дуй, хаалахь.

Батто а бо вайга хаам,
Муха хир ду кхана де? –
И къегинехь – декхна хир ду,
Ткьа кхоьлинехь – йочане.

Нагахь, бутт ша лоцуш йуккье,
Гонаха цIен хIоз белахь,
Хила тарло де йочане –
Иштта олу халкъалахь.

Зингатий, шайн болх сацийна,
Бен чу лечкьа дуьйлалахь –
ТIегIертачу догIанах уьш
Уьдуш дуйла, хаалахь.

Аьхка, синтем байна, пхьидаш
ЧIогIа йекаш хезаш йуй –
Баккхийчара иштта туьду:
Хаа догIа догIур дуй.

... Ас садаIий хIинца, бераш?
Вай-м цхьа хаза къамел ди.
Вайн Iаламах дайн тидамаш
Бийцинарг ву Жамалди.
– Бераш, шайна ца девза дешнаш схьайазде шайн тептар тIе.
– Муха хийти шуна байт? Шуьга къасталур барий и тидамаш?

Хаттарш а, тIедахкарш а

1. Керла хIун девзи хьуна хIокху байта тIера?

2. Йочана хиларан хIун билгалонаш йуьйцу поэта?

3. Стенна оьшу аьлла хета хьуна тидамаш? Муха кхоллалуш бу уьш?

4. Ахь тидам биний поэта кху тIехь дуьйцучу хIуманийн?

5. Кхин тидамаш бевзий хьуна? Баккхийчаьрга хатта царах лаций.

Дарсана жамI дар.
Дешархойн хаарийн мах хадор.
ЦIахь: хьалхара пхи бIогIамалг Iамабе.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Iодика йойла шун!

Дарсан цIе: **Яшуркаев Султанан дахар а, кхолларалла а. «Полларчийн вай даьлла» цIе йолу байт**

Дарсан Iалашо:

- Iаьнах Iамийнарг карлдаккхар.
- Даймахке болу безам шорбар.

Дарсан гIирс: ИКТ-у, Iамат, тептар, ручка.

Дарс дIадахьар

1. Маршалла хаттар.
2. Воцург билгалваккхар.
3. Дарсана бина кечам таллар.
4. Iаьнах Iамийнарг карладаккхар.
5. Берашка, хаттарш а луш, шаьш Iамийна байташ карлайохуьйту.
6. Дарсан Iалашо йовзийтар.
7. ИКТ-уьн тIехь презентаци гайтар.
8. Йаздархочун кхолларалле лаьцна дийцар.

Яшуркаев Султан
(1942–2018)

Яшуркаев Султан вина нохчийн исбаьхьчу йуьртахь Хорачахь. Султана шен бераллера сурт иштта дагалоьцу: «Нохчийн

къам махкахдоккхучу дийнахь, массо а садагийна хьийзаш, шен да-нана лоьхуш, поездан бохалла дIасауьдуш, тилавелла лелаш волу ша цхьана салтичо, йаьIни тIера схьа а лаьцна, шен дуткъа лаг лаза а деш, ласттийна, поездан вагона чу кхоьссира, и дика дагадогIу шена, деа шаре ваьлла хир вара ша хIетахь, бохуш, дуьйцура Султана.

Оцу дийнахь дуьйна дех-ненах къаьстина, дикка воккхахиллалц, масех шарахь, да-нана дийна доллушехь, байлахь хан йаькккхина ву ша, ненах хаьдда берзан кIеза санна, олура цо. Шаьш хене муха девр а ца хууш, шаьш шайна хIун дер а ца хууш, цкъа ден ненахоша шайца вуьтуш, тIаккха шен ненахоша дIавуьгуш…»

Бераллехь шена а, шен къомана а хилла хало, лайна бала, деган Iийжамаш – дерриг а – байташкахь, прозехь, публицистикехь дIайаздина Султана ша дуьнен чохь йоккхучу хенахь.

Халкъ цIерадаькккхича хийрачу махкахь вайн халкъан хилла хала дахар а, вайн махкахь хиллачу шина тIамах а дуккха а йаздина Султана.

«Iаьнан мур» презентаци гайтар.

Бераш, карладелин шуна Iаьнах лаьцна Iамийнарг? Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана?

Берашка йоьшуьйту «Лайн чимаш» байт.

****

Полларчийн вай даьлла – лайн чимаш оьгу,
ХIора а чим – гIургIезан мас.
Лепачу цIеналлехь меца дог хьоьгу,
Ший а куьг кIел лоцу ас.

Хетало лакхаллехь йиллина хьера,
Охьуш ву седарчий цхьаъ-м,
КIайн дама санна уьш оьгу сан кора,
Боссабеш кхолларан кхаъ.

Лайн чимаш – кIайн суйнаш, седарчий кIайн,
Хьаннаш а, лаьмнаш а кIайдеш,

Дуьйшу и седарчий меллаша кетIа,
Бер санна, къинойх со цIанвеш!

– Бераш, шуна ца девза дешнаш дуй байт йукъахь?

Хаттарш а, тIедахкарш а

1. Лайн чимаш эгар стенца дусту поэта?
2. Хаза догIучу лайх воккхавер муха гойту поэта?
3. «Вай далар» бохург хIун ду? Хьуна тера хетий ло хьийзор накхармозийн вай даларх?
4. Лайн чимаш сирла-къегина хилар муьлхачу вастаца гойту поэта?
5. ДогIучу лайца хIун хийцамаш хуьлу хьаннашкахь а, лаьмнашкахь а?
6. Ло догIуш хIун хIоттам хуьлу хьан? Дерриг дуьне кIайдеш, цIандеш? Дийца.
7. «Дуьйшу и седарчий меллаша кетIа,
Бер санна, къинойх со цIанвеш!» – хIокху дешнех муха кхета хьо? ХIунда вусту поэта ша бераца?

Дарсана жамI дар.
Дешархойн хаарийн мах хадор.
ЦIахь: Байт дагахь Iамайе. Шайн тептарш тIе Iаьнан сурт дилла.

Дела реза хуьлда болх биначарна!
Iодика йойла шун!

Дарсан цIе: **Яралиев Юсупан дахар а, кхолларалла а. «Хьаьмцан маса лаг хуьлу?» дийцар**

Дарсан Iалашо:

- Йаздархочун кхолларалла йовзийтар.
- Бераллин хан карлайаккхар.
- Хьуьнан стоьмаш довзийтар.

Дарсан гIирс: ИКТ-у, тептар, Iамат, ручка.

Дарс дIадахьар

- Маршалла хаттар.
- Воцург билгалваккхар.
- Дарсана бина кечам таллар.
- Iаламах Iамийнарг карладаккхар.
- Хаттарш хIиттор.
- ИКТ-уьн тIехь Iаламах лаьцна презентаци.
- Йаздархочун кхолларалла йовзийтар.
- Берашка дийцар дешийтар.

Дешнаш тIехь болх бар: кхоларш йевлира, Iа дола, Iинал, ирзухь, хьашт ма-дду, кIадо йахь, аьрга, тужурка, буьртIа, акъаршкахь, хоти, оьла, кIохцалго, мутт.

Хаттарш а, тIедахкарш а

1. Хьенан цIарах ду хIара дийцар?
2. ХIун хазахетар хилла кIантана а, берашна а?
3. Стенга гIур ду аьлла сацам хилла берийн?
4. Нанас динчу хаттарна тIекхиа хIун до кIанта?
5. КIанта хьаьмцаш муха дехира гойтуш йолу меттиг дIаеша, текста тIехь кара а йай.
6. КIентан амал муха хета шуна?
7. Хиирий кIантана хьаьмцан маса лаг ду?
8. Дийцар дешале шуна хаьарий хьаьмцан маса лаг хуьлу?
9. Мерза стом хиларал сов, кхин хIун пайда хуьлу хьаьмцашкара?
10. Муьргех хIун дарба до?
11. Iаьнан уггар де доца долу хан маца йу аьлла дуьйцу дийцар тIехь?

Дарсана жамI дар.

Дешархойн хаарийн мах хадор.

– Бераш, шу дахний цкъа а хьаьмцаш даха?

ЦIахь: Дийцар деша. Хьуьнан сурт дилла шайн тептар тIе.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Iодика йойла шун!

Дарсан цIе: **Дикаев Мохьмадан дахар а, кхолларалла а. «Лай кIелахь кхиъна буц» цIе йолу байт**

Дарсан Iалашо:

- БIаьстенан мур бовзийтар.
- Даймахке, Iаламе безам бахийтар.
- Дарсе болу безам шорбар.

Дарсан гIирс: ИКТ-у, тептар, Iамат, ручка.

Дарс дIадахьар

- Классехь низам хIоттор.
- ЦIахь Iамийнарг карладаккхар.
- Хаттарш хIиттор.
- Дарсан Iалашо йовзийтар:
- ИКТ-уьн тIехь презентаци гайтар.
- Йаздархочун кхолларалла йовзийтар.
- Берашка байт йешийтар.
- Дешнаш тIехь болх бар.

Iаьна йуккъехь схьакъедда,
Ло дIасатеттина,
БIаьстенан малх хьажале,
Самайаьлла сийна буц.

Шелоно къийзошшехь,
Къар ца луш гIаьттина,
Цхьаьнгге а ца хьашало
Сийначу дегIан куц.

Дешнаш тIехь болх бар.
Схьакъеда, самайаьлла, дегIан куц.

Хаттарш а, тIедахкарш а

1. Бецан дахаре болу лаам муха гайтина поэта?
2. Муха кхета хьо «самайаьлла сийна буц» бохучу дешнех?
3. Бецан шелонца болу къийсам муьлхачу дешнашца гайтина поэта?

4. Стен ницкъ ло аьлла хета хьуна бацана къийсамехь?

5. Дахаре гІертар, бакъонехьа къийсар, халонашна хьалха къар цавалар – уьш муха амалш хета хьуна? ХІокху байтана догІуш дуй уьш? Хьуна хІун хета?

6. ХІун маьІна ду хІокху байтан? Ойла йе.

Дарсана жамІ дар.

Дешархойн хаарийн мах хадор.

– Бераш, реза дуй шу шаьш бинчу балхана? Берашка шайга белхан мах хадабойту.

ЦІахь: Байт дагахь Іамайе. БІаьстенах лаций суьрташ дахка.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Іодика йойла шун!

Дарсан цІе: **Чантиев Іумар. «Искогберггий, чІарий» цІе йолу байт**

Дарсан Іалашо:

- Халкъан барта къолларалла Іамийнарг карладакхар.
- Туьйранийн тайпанаш карладахар.
- Туьйранашкара дика-вон довзийтар.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, ИКТ-у.

Дарс дІадахьар

- Маршалла хаттар.
- Дарсана бина кечам таллар.
- ЦІахь Іамийнарг таллар.

Хаттарш далар.

1. Бецан дахаре болу лаам муха гайтина поэта?
2. Муха кхета хьо «самайаьлла сийна буц» бохучу дешнех?
3. Бецан шелонца болу къийсам муьлхачу дешнашца гайтина поэта?
4. Стен ницкъ ло аьлла хета хьуна бацана къийсамехь?
5. Дахаре гІертар, бакъонехьа къийсар, халонашна хьалха къарцавалар –уьш муха амалш хета хьуна? ХІокху байтана догІуш дуй уьш? Хьуна хІун хета?

6. ХIун маьIна ду хIокху байтан? Ойла йе.

Дешархой дарсана йукъабалор.
Беттаса кхеттачу
Буьйсанна берашлахь
Туьйранаш дуьйцур ас
КетIарчу тIулга тIехь.
(Мамакаев I.)

– Бераш, хьан йазйина и байт?
– ХIун до, боху йаздархочо?
– Аш дуьйций туьйранаш?

– Бераш, стенах лаьцна хир ду аьлла, хета шуна, вай дарс?
– Нийса боху. Тахана вайна вевзар ву берийн йаздархо Чантиев Iумар. Иштта цо йаздина туьйра а.
– Йаздархочух боцца хаам ло хьехархочо.
– Бераш, халкъан барта кхолларалла стенах олу?
– Мила ву цуьнан автор?
– Туьйранаш маса тайпана ду?
– Тахана вай дуьйцур ду йаздархочо йаздинчу туьйранах лаьцна.
– Муьлха говзарш йазйеш хилла Чантиев Iумара?

Чантиев Iумара дукхахьолахь берашна лерина говзарш йазйина. Исбаьхьа а, шайн чуламца кIорге йолуш а хуьлу цуьнан говзарш. Йешархойн ойла кхиош, церан хаарш совдохуш, хIокху вайна гонаха долчу дуьненах а, цу чохь долчу дахарх а болу кхетам совбоккху цуьнан хьекъалечу дийцарша.
Берашка доьшуьйту туьйра.
Бераш, искогберг хIун йу хаьий шуна?

Презентаци гайтар.

Хаттарш далар.
1. ХIун къовсам хилла чIеранний, искогберганний йуккъехь?

2. ХIун сацам бина цаьршимма?
3. Искогберго муха Iехийна чIара?
4. Хьуна хаьарий искогберго нека муха до?
5. ХIокху туьйранехь хIун хазахийтира хьуна?

Дарсана жамI дар.
Дешархойн хаарийн мах хадор.
Бераш, шу лой къовса?
Цхьаъ Iехавеш къовсадалар нийса дуй?
ЦIахь: туьйра деша.

Дела реза хуьлда болх биначарна!
Iодика йойла шун!

Дарсан цIе: **Хасаев Хьамзатан дахар а, кхолларалла а. «Аьхке»**

Дарсан Iалашо:

- Аьхкенан мур бовзийтар.
- Даймахке болу безам совбаккхар.

Дарсан гIирс: ИКТ-у, тептар, Iамат, ручка.

Дарс дIадахьар

- Маршалла хаттар.
- Воцург билгалваккхар.
- Дарсана бина кечам таллар.
- Хьалха Iамийнарг карладаккхар.

– Муьлха мур бевза вайна?
– «Мур» бохург хIун ду?
– Муьрна йукъахь маса бутт хуьлу?
– ЦIераш йаха церан.
– Муьлха говзарш Iамийна вай шеран муьрех лаьцна?
– Бераша йуьйцу шаьш Iамийнарш.

Дарсан Iалашо йовзийтар.

- Хасаев Хьамзатан кхолларалла йовзийтар.
- Аьхкенах лаьцна дийцар дешийтар.

- Бераш, муьлхачу диттийн цIераш йевза шуна?
- Цадевзачу дешнашца болх бар.
- Берашка и дешнаш тептар тIе дIайаздойту.

Хаттарш далар.

1. Аьхке тIекхочуш хилар муха хуур ду боху йаздархочо?
2. Дитташца хIун билгало йу аьхке йоларан?
3. Дийнаташна муха хаьа аьхке йолар?
4. Йоькхана хиларан хIун билгалонаш гойту йаздархочо?
5. Йочана хиларан хIун тидамаш балабо йаздархочо?
6. Олхазарш, сагалматаш, зезагаш Iаламан билгалонашца муха хийцало?
7. Хьуна бевзий халкъан тидамаш? Хьайна хуурш дIайазбе белхан тептар тIе.

Дарсана жамI дар.

Дешархойн хаарийн мах хадор.

ЦIахь: Дийцар деша. Шайн тептар тIе олхазарийн, сагалматийн, зезагийн суьрташ дахка.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Iодика йойла шун!

Дарсан цIе: **Бексултанов Мусан «Гуьйре» цIе йолу дийцар**

Дарсан Iалашо:

- Хьалха Iамийнарг карладаккхар.
- Гуьйренан муьран тидамаш бовзийтар.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, ИКТ.

Дарс дIадахьар

- Маршалла хаттар.
- Воцург билгалваккхар.
- Хьалха Iамийнарг карладаккхар.
- Хаттарш а луш, цIера болх толлу.

Хаттарш:

1. ХIокху декъехь муьлха говзарш йевзи вайна?
2. Хьуна дагахь йисинарг муьлханиг йара?
3. Iаламах лаьцна керла хIун девзи хьуна?
4. Iаламах болу халкъан тидамаш муха кхоллабелла аьлла хета хьуна?
5. Вайна гонахарчу дуьненахь хьан тидам хилла цхьа а тамашийна хIума дуй? Дийца цунах лаций.
6. Гонахарчу Iаламца а, дийнаташца а вай муха хила деза аьлла хета хьуна? ХIунда?

Шийла йу мел йогIу Iуьйре,
Беркате шуьйра тIам хецна,
Меллаша тIегIерта гуьйре,
Хьаннаш йу дашо бос эцна.

(Сулейманова З.)

Хаттарш:

1. Стенах лаьцна йу и байт?
2. Автор мила ву оцу байтан?
3. Вай тахана стенах лаьцна дуьйцур ду?

Презентаци гайтар.

- Хьехархочо йаздархочун кхолларалле хеца хаам ло.
- Дешархошка хаттарш ло йаздархочун кхолларалле.
- Дешархошка дийцар дешийтар.
- Хаттарш а луш, ца девза дешнаш билгалдоху.
- Уьш тептар тIе дIайаздо, церан маьIнаш досту.

Хаттарш:

1. ХIун ойланаш кхоллаели шун дийцар дешча?
2. Гуьйре тIекхаьчна хилар муха хааделира шена боху автора?
3. ГIаргIулеш дIайоьлхуш гIайгIане хIунда ду?
4. Муьлхачу дешнашца гойту автора сингаттам?
5. Аш тергалйиний гIаргIулеш дIайоьлхуш? ХIун ойла кхоллало шун?

6. Гуьйренан муьлха билгалонаш гайтина йаздархочо? ДIадеша шайна хазахетта могIанаш.

7. ХIокху дийцарера дустарш схьайазде.

8. Аш муха тергалдина гуьйре тIекхачар? Гуьйренан сурт-хIоттаде.

Дарсана жамI дар.
Дешархойн хаарийн мах хадор.
ЦIахь: дийцар деша, гуьйренан сурт дилла.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Iодика йойла шун!

ХААРШ ЗЕР

Дарсан цIе: **Iамийнарг карладаккхар**
Дарсан Iалашо:

- Iамийнарг карладаккхар.
- Iаламе болу безам шорбар.

Дарсан гIирс: тептар, Iамат, ручка, ИКТ-у.

Дарс дIадахьар

- Маршалла хаттар.
- Воцург билгалваккхар.
- Хьалха Iамийнарг карладаккхар.
- Iаламах лаьцна Iамийна говзарш карлайоху.
- ГIийла мукъам хозуьйту.

Хаарш зер.

1. Iаламах лаьцна кхин муьлха байташ йевза хьуна?
2. Муха васташ далийна поэташа Iаламан исбаьхьалла гойтуш?
3. ХIокху декъехь вайна бевзинчу йаздархойн кхин муьлха говзарш йевза хьуна?
4. Поэташна дуьне шатайпа го аьлла хетий хьуна? ХIунда хета? Масалш даладе хIокху декъера.
5. Муьлха дустарш а, метафораш а йалош йазйина лакхахь йолу байташ?

6. Поэзехь пайдаоьцуш болу кхин муьлха исбаьхьаллин гІирсаш бевза хьуна?

7. ХІокху декъехь муьлха байт хазахийтира хьуна? ХІунда?

8. «Іаламан йерриге а хенаш исбаьхьа йу, хьуна церан хазалла гичахьана» бохург нийса хетий хьуна?

9. Шарна чохь муьлха хан дукхайеза хьуна? ХІунда?

Самукъане миноташ.

– Шайна хазахеттачу байтах лаций сурт дилла шай тептар тІе.

Дарсана жамІ дар.

Дешархойн хаарийн мах хадор.

ЦІахь: кхечу йаздархоша йазйина Іаламах лаьцна байт Іамайе.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Іодика йойла шун!

ДАЙМЕХКАН ДЕКХАРО ГІАТТИЙНА ВОГІУ СО – 9 сахьт

Дарсан цІе: **Сулейманов Ахьмад. «Къонах» цІе йолу байт**

Дарсан Іалашо:

- Даймехкан къонахий бовзийтар.
- «Къонах» бохучу дешан маьІна дастар.
- Дарсе болу безам шорбар.

Дарсан гІирс: тептар, Іамат, ручка, ИКТ-у.

Дарс дІадахьар

- Маршалла хаттар.
- Воцург билгалваккхар.
- ЦІахь йелларг таллар.

– Бераш, хала дарий гуьйренан сурт хІотто? Шаьш диллинчу суьртаца дийцар схьадийца.

Хаттарш а, тІедахкарш а

1. ХІун ойланаш кхоллаели шун дийцар дешча?

2. Гуьйре тIекхаьчна хилар муха хааделира шена боху автора?

3. ГIаргIулеш дIайоьлхуш гIайгIане хIунда ду?

4. Муьлхачу дешнашца гойту автора сингаттам?

5. Аш тергалйиний гIаргIулеш дIайоьлхуш? ХIун ойла кхоллало шун?

6. Гуьйренан муьлха билгалонаш гайтина йаздархочо? ДIадеша шайна хазахетта могIанаш.

7. ХIокху дийцарера дустарш схьайазде.

8. Аш муха тергалдина гуьйре тIекхачар? Гуьйренан сурт-хIоттаде.

Дарсан Iалашо йовзийтар

«Къонахий» презентаци гойту.

Хьехархочун къамел.

Хьехархочо дуьйцу Сулейманов Ахьмадах лаьцна а, вай къонахех лаьцна а.

Э.: Хьекъалда, суна телевизорчухула хезира шина йаздархочо къамел деш. Цхьаммо элира, къонах хила хала ду, къонах хилла дахарехула чекхвала кхин а хала ду, аьлла. И бохург хIун ду, къонахий зама со санна а дамйастагвац? ???

Хь.: Къонах муьлххачу а стагах олуш ца хилла. Къонах – иза къоман, Даймехкан гIуллакхаш шена тIелаца кийча а, уьш дIакхехьа хьуьнар долу а стаг ву. Къонах оьзда стаг хила веза, гIиллакхах вухур воцуш. Цуьнгахь доккха собар хила деза. Уггар хьалха ийман, адамалла хила а деза цуьнгахь. Шен Даймехкан, къоман гIуллакхаш шечарал хьалхадоху цо. Оьшучохь Даймохк ларбан, кхио, цуьнан дуьхьа къахьега кийча хуьлу къонах. Иза доьналла долуш, майра хила веза, амма къинхетамах а ца вуху иза цкъа а. Къонахчуьнца къизалла ца йеха.

Э.: Хьекъалда, вайн къоман къонахий муьлш бу?

М.: Нохчийн исторехь къонахий дуккха а хилла. Цара оьшучохь тIом а бина, оьшучохь и саца а бина. Маьршачу заманахь, къам кхиош, къахьегна.

Хала мур тIехIоьттича, къоман хIума, да́н ца дойтуш, лардина. Вайна къонахийн цIераш, церан амалш царах лаьцна халкъо а, йаздархоша а кхоьллинчу говзаршкахула дика йевзар йу. Уьш йеша вай тахана?

Сулейманов Ахьмад (1922–1995)

Сулейманов Ахьмад вина Олхазар-КIотарахь. Цуьнан да, МуртазIелин Сулайма нохчийн Iадаташ, гIиллакхаш, нохчийн халкъан иллеш, дийцарш дика девзаш стаг хилла. Цхьана хенахь Нохчийчохь хиллачу Iадатан кхелан куьйгалхо а хилла иза. Цо вовшахтоьхна йоккха библиотека йара АхьмадгIеран цIахь. Шен берашка дешийта массо а аьтто бора цо.

ХIетахь жимачохь марзделира Ахьмадна йазйар а, суьрташ дахкар а. Тайп-тайпанчу суьртийн гайтамашкахь дакъа а лоцура цо.

Сулейманов Ахьмад дукха жима волуш волавелира байташ йазйан. Цуьнан дуьххьарлерчу «Кавказ» байтана Бадуев СаьIида мага а йина, «Серло» газетехь зорбатуьйхира. «Хьо бакъволу поэт хир ву хьуна», – аьлла, дог хьаьстира цо кIентан. Сулейманов Ахьмадах хила а хилира бакъволу халкъан поэт. Цуьнан байташ, поэмаш хазахетарца тIеийцира нохчийн литература йезачара. Цхьайерш, ша мукъам а боккхуш, дIаолура цо. Царах дуккха а йолчарах иллеш хилира. Вайн кегийрхошна бечу хьехамийн кепехь йазйина Сулейманов Ахьмада «Дахаран генаш» цIе йолу поэма:

Даймахкана, вайн халкъана
ЧIагIо хилий, хIоттала́хь.
Вайн дахаран беш совйоккхуш,
Цхьа ши синтар догIала́хь.

Вайн къам бохамех, харцонех лардеш лаьттинчу халкъан оьздангаллин хехойх цхьаъ хилла ваьхна Сулейманов Ахьмад. Цо литературехь, Iилманехь динарг цкъа а довр дац, вайн къам мел деха.

– Дешархошка хаттарш ло кхолларалле лаьцна.

– Берашка доьшуьйту поэмин дакъош, церан гІалаташ нисдо.

Къонах

(«Дахаран генаш» поэми йуккъера дакъош)

***

Бертахь доьзал, маьрша Даймохк
Беца къонахчун ши тІам.
Бийца мохккий, моттий бацахь,
Адамех ца олу къам.

***

Къонахчун дарж оза терза
ХІинца а ца дина, бах–
Дуьне цуьнца дуста гІортахь,
Беза бу къонахчун мах!

***

Къонах воцуш, ваха атта
Хилла массо заманахь.
Атта дацарх, къонах хилий,
Тахна ваха Іамалахь!

***

Массо ирсе волчу хенахь,
Ирсе хила Іамалахь.
Каг а ца луш, хало лар а
Ду къонахчун амалехь.

Хаттарш а, тІедахкарш а

1. Стенах лаьцна йу хІара байт?
2. Хьалхара ши могІа йуха беша. Муха кхета хьо цу дешнех?
3. «Даймохк», «къонах» боху кхетамаш цхьаьна буьйцу поэташа дукхахьолахь. ХІунда ду аьлла хета хьуна иштта?
4. Къонах хилла, ваха атта дац боху автора. Амма хІетте а къонах хила а боху. Хьуна нийса хетий и? ХІунда боху цо иштта?

5. ТІаьххьара ши могІа йухабеша. Муха кхета хьо царах? Хьан хІун халонаш лан йезаш нисло цІахь а, арахь а, ишколехь а? «Каг ца луш» чекхволий хьо царах? Хьан халонашкахь кагцавалар хІун ду?

Хьекъалда: Нохчийн къоман тІаьххьарчу бІешерийн исторехь уггар бІаьрлачу турпалхойх цхьаъ Шайх Мансур ву. 18-чу бІешарахь ваьхна и нохчийн къоман турпалхо, Кавказан дуьххьарлера имам. Цуьнан дас-нанас тиллина цІе Ушарма хилла. Шен йурт йохо баьхкинчу мостагІашна тІехь толам баккхарна, халкъо цунна Мансур цІе тиллина. Мансур Іарбойн маттахь «толамхо» бохург ду.

Ушарма цІера ширачу йуьртара Алдара хилла (хІинца Соьлжа-ГІалина йукъа йогІуш йу иза). Алдарчу Ушармас нохчашна а, кхечу къаьмнашна а йуккъехь бусалба дин даржош, чІагІдеш, къахьегна. Иза чІогІа ийман долуш, бакъо йезаш хилла. Цуьнан Іалашо Кавказан къаьмнаш бусалба дин а, шайн гІиллакхаш а лело маьрша а долуш, шайн махкахь дахийтар хилла. Цуьнан кхайкхаман гІо лаьцна, нохчий санна гІевттина гІебартой, лезгий, жІай, чергазий, гІирма-гІезалой, кхиберш а. Цуьнан хьехамаша боккха тІеІаткъам бина нахана. Оьрсийн йаздархочо Л. Толстойс шен цхьана говзар тІехь дуьйцу цунах лаьцна, Шайх Мансур имам волчу хенахь наха хІумма а лачкъа ца йора, вовшашца кІеда бара, новкъахь ахча карийча, и цхьанхьа некъа йистехь, гІожа тІе дІаадоьхкий, дуьтура, шен и ахча долчо бен схьа а ца оьцура, бохуш.

30 шарахь бен ца ваьхна и йерриг Кавказан сийлахь турпалхо. Амма цуьнан цІе дукхачу къаьмнийн есехь йаха йисина.

– Бераш, «къонах» бохучу дешан синквейн йе вай?

– Къонах – оьзда, гІиллакхе, гІийлачунна гІо дан кийча хилар, доьналле хилар, къам ларар.

– Дарс дерзор ду вай хІинца.

– Дела реза хуьлда шун! Дика болх би массара а. Къаьстина дика болх бинарш билгалбоху.

ЦIахь: дагахь Iамайе байт.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Iодика йойла шун!

Дарсан цIе: **Умхаев Хьамзатан «Шайх-Мансур» цIе йолу байт**

Дарсан Iалашо:

- Даймахке, Даймахкарчу къонахашка болу безам совбаккхар.
- Дарсе безам бахийтар.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, ИКТ-у.

Дарс дIадахьар

- Маршалла хаттар.
- Воцург билгалваккхар.
- ЦIахь йелларг таллар.

– Стенах лаьцна йу хIара байт?

1. Хьалхара ши могIа йухабеша. Муха кхета хьо цу дешнех?
2. «Даймохк», «къонах» боху кхетамаш цхьаьна буьйцу поэташа дукхахьолахь. ХIунда ду аьлла хета хьуна иишттa?
3. Къонах хилла, ваха атта дац боху автора. Амма хIетте а къонах хила а боху. Хьуна нийса хетий и? ХIунда боху цо иштта?
4. ТIаьххьара ши могIа йухабеша. Муха кхета хьо царах? Хьан хIун халонаш лан йезаш нисло цIахь а, арахь а, ишколехь а? «Каг ца луш» чекхволий хьо царах? Хьан халонашкахь кагцавалар хIун ду?

– Бераш, дIадаханчу дарсехь хьанах, стенах лаьцна дийцира вай? (ИКТ-уьн тIехь гойту къонахийн суьрташ.)

– Бераш, хьовсал хIокху суьрташка.

– Хьанах лаьцна хир ду аьлла хета шуна вай дарс?

– Хьехархочо боцца хаам ло Умхаев Хьамзатан дахарх а, кхолларалле х а лаьцна.

Умхаев Хьамзат
(1956)

Умхаев Хьамзат дуьнен чу ваьлла Казахстанехь, Куголы олучу йуьртахь. 1957-чу шарахь шайн дай баьхначу МартантIа цIа бирзина церан доьзал.

Хьамзат жима волуш дуьйна хIума довза лууш, дуьхе кхиа лууш вара. Шен кхиарехь цунна боккха тIеIаткъам бира воккхахволчу вашас Лечас. Дуьххьара цо вигира пхоьалгIачу классехь доьшуш волу Хьамзат лам чу. ХIетахь Даймехкан Iаламе, гIиллакхашка, историга бахана безам гуттаренна а бисира Хьамзатаца. Воккха а хилла, ишколе нохчийн мотт хьеха ша вахча, Даймохк беза, иза ларбан Iамадора цо шен дешархошна а.

Хьамзата царна нохчийн мотт хьехна ца Iаш, вайн къоман шира гIиллакхаш, ламасташ, истори, Iалам довзуьйтуш, болх бора. Шена берахь дуьйна марзбеллачу лам чу а буьгура цкъацкъа.

Изза механалаш ларйора цо ша газетехь а, министерствошкахь а белхаш беш. Ларамаза дац Умхаев Хьамзат вайн мехкан сийлалла йолчу Нохчийн метан институтан куьйгалхо хилар а.

– Берашка байт йоьшуьйту, гIалаташ нисдо.

Шайх-Мансур

Мохк Iалашбан кIентий боцуш,
Цхьа а хан ца хила вайн.
Уьш лаьттина, кхерар доцуш,
Сийлахь Даймохк ларбеш шайн.

Ца хилла уьш дуьне лоьхуш,
Вовшахбетташ бахам цIен.
Баьхна уьш, эхь-бехк а лоьруш,
Мел хиларх шаьш миска, къен.
Царах цхьаъ Ушарма хилла –
Делан Вели Алдара.
Цо кхойкхура – дитна тилар,

Ийман, ислам чIагIдаре.

Маьрша дахар – Делан совгIат
Дуйла хууш волчу цо
Йерриг Кавказ гIаттайира,
Эшош мостагIчун харцо.

Шен са халкъана дIаделла,
Мансур Шайхан сийлахь цIе
Вайна йуккъехь йаха йисна,
Дозуш мел ду хIара дуьне.

– Дешархошка хаттарш ло.

Хаттарш а, тIедахкарш а

1. Муьлхачу турпалхочух лаьцна йу хIара байт?
2. Заманаш хийцайаларх, халкъо Шайх-Мансур виц ца варан хIун бахьана ду аьлла хета хьуна?
3. «Шен са халкъана дIаделла» бохучух муха кхета хьо?
4. Йерриг Кавказан имам хIунда аьлла Шайх-Мансурах?
5. Шайх Мансуран бакъйолу цIе муьлханиг йу? «Мансур» цIе хьан тиллина цунна? ХIун маьIна долуш йу и цIе?
6. Нохчийн муьлхачу ширачу йуьртара схьаваьлла хилла Шайх-Мансур?
7. Шайх-Мансура шен дахарца вайна хIун масал дитина аьлла хета хьуна?
8. Шайх-Мансурах лаьцна хIун дешнаш эр дара ахь? Дешнийн тIорказ чохь болчу аламех пайда а оьцуш, дийца цунах лаций.

Дарсана жамI дар.

– Бераш, самукъделин шун дарсах?

Дешархойн хаарийн мах хадор.

ЦIахь: байт дагахь Iамайе.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Iодика йойла шун!

Дарсан цIе: **Эла Мусосттий, Адин Сурхой**

(«Теркаца хьала-охьа вехаш хиллачу эла Мусостан, Адин Сурхон иллин» чулацам. 1-ра дарс, шина дарсана лерина.)

Дарсан Iалашо:

- Халкъан барта кхолларалла йовзийтар.
- Халкъан турпалхочух хаарш совдахар.
- Литературе безам бахийтар.

Дарсан гIирс: тептар, Iамат, ручка, ИКТ-у.

Дарс дIадахьар

- Маршалла хаттар.
- Воцург билгалваккхар.
- ЦIахь йелларг таллар.
- «Шайх-Мансур» байт.

Хаттарш а, тIедахкарш а

1. Муьлхачу турпалхочух лаьцна йу хIара байт?
2. Заманаш хийцайаларх, халкъо Шайх-Мансур виц ца варан хIун бахьана ду аьлла хета хьуна?
3. «Шен са халкъана дIаделла» бохучух муха кхета хьо?
4. Йерриг Кавказан имам хIунда аьлла Шайх-Мансурах?
5. Шайх Мансуран бакъйолу цIе муьлханиг йу? «Мансур» цIе хьан тиллина цунна? ХIун маьIна долуш йу и цIе?
6. Нохчийн муьлхачу йуьртара схьаваьлла хилла Шайх-Мансур?
7. Шайх-Мансура шен дахарца вайна хIун масал дитина аьлла хета хьуна?
8. Шайх-Мансурах лаьцна хIун дешнаш эр дара ахь? Дешнийн тIорказ чохь болчу аламех пайда а оьцуш, дийца цунах лаций.

– Байт дагахь йуьйцуьйту.

Дарсан Iалашо йовзийтар.

– Бераш, халкъан барта кхолларалла стенах олу?

– ХIун тайпа жанраш йогIу халкъан барта кхолларалла йукъа?

– Вай дIадаханчу дарсехь хьанах лаьцна дийцира?

– Тахана вай йуха а халкъан турпалхочух лаьцна дуьйцур ду.

– Хьехархочо боцца хаам ло иллех лаьцна.

– Берашка доьшуьйту илли.

– Цадевзачу дешнаш тIехь болх бо, церан маьIна достуш – тхьамданаш – баккхий нах, йасакх – налог, сту – царица, кIилло – кхоьруш волу стаг, раьгIнаш – солнечный склон, нуьйр – седло, эрмалой – армяне, турмал – бинокль.

– Бераш шуна цкъа а илли олуш хезний? (Илли хозуьйту.)

Хаттарш а, тIедахкарш а

1. Хьуна хезний вайн турпаллалин иллеш олуш? Дешний ахь царах цхьа а?

2. ХIокху иллин чулацамах кхийтирий хьо? Айхьа хьо талла, лахарчу хаттаршна жоьпаш а луш.

3. Убрать пробел

4. Муха кхоллайелира эла Мусостан йурт?

5. Цунах йурт хилча, хIун дира Мусоста?

6. Йуьртан тхьамданаша хIун дехар дира цуьнга?

7. Муха жоп делира царна Мусоста? (схьалахий, дIайеша и меттиг)

8. Муха тIеийцира тхьамданаша Мусостан жоп? Резахилирий уьш тIехь йоцу йасакх йала?

9. Мила хьалхаваккха дагадеара царна шайн къийсамехь? Стенга бахара уьш?

10. Адин Сурхон нанас муха жоп делира царна? (дIайеша и меттиг)

11. Адин Сурхос ша муха жоп делира?

12. Муха къамел хилира Адин Сурхон Мусостаца? (дIайеша и меттиг)

Дарсана жамI дар.
Дешархойн хаарийн мах хадор.
ЦIахь: илли деша.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Iодика йойла шун!

Дарсан цIе: **«Эла Мусосттий, Адин Сурхой» цIе йолу нохчийн халкъан илли. (2-гIа дарс)**

Дарсан Iалашо:

- Халкъан барта кхолларалле Iамийнарг тIечIагIдар.

Дарс дIадахьар

- Воцург билгалваккхар.
- Хьалхарчу дарсехь дийцинарг карладаккхар.
- Турпалхойх долу хаарш таллар.

Хаттарш:

- ХIун дира цо шолгIачу дийнахь?
- Муха гIан гира Адин Сурхона?
- Бакъ хиллерий цунна гIенах гинарг?
- Стенга вахара и?
- ХIун хаттар дира цо тIехьийзачу йоIе? Вукхо муха жоп делира?
- ХIун дира Адин Сурхос, йоI, реза йоццушехь, схьайалийний хиъча?
- Муьлш бу хIокху иллин турпалхой? Багарбе уьш. Церан хIораннан а амалех дийца хьажа.
- Адин Сурхон амалехь коьрта хIун ду аьлла хета хьуна?
- Дийцар йуккъера кийсак дIайеша.

«ТIаккха тхьамданаша дIадийцина шаьш деана гIуллакх. Сурхос аьлла:

– Вежарий дукха бу оцу эла Мусостан. Со ларор вуй-те цуьнца?

Амма тхьамданаша жоп делла цуьнга:

– Тхо ду хьан вежарий. Мусостал гIолехь хьо хета тхуна. Дожадехьа Мусостан олалла».

Оцу кийсако Адин Сурхон хIун амал гойту аьлла хета хьуна: стешхалла, хьекъал, хIилла, гIиллакх, ларам йа кхин?

- Дуьххьара эла Мусосте муха вист хуьлу Адин Сурхо? Цуьнан сонта жоп хезча, тIаккха муха вистхуьлу и? Цо хIун гойту аьлла хета хьуна? Хьуна нийса хетий, иштта, стеган амале хьаьжжина, цуьнца гIиллакх хийцадалар.

• Иллешкахь коьрта тема хIун йу?

• ХIокху говзаран цIарна бухахь билгалдаккхар ду «Теркаца хьала-охьа вехаш хиллачу эла Мусостан, Адин Сурхон иллин» чулацам» аьлла. Хьо муха кхета цунах? Иллина а, дийцарна а йуккъехь хIун башхала йу?

• «Теркаца хьала-охьа вехаш хиллачу эла Мусостан, Адин Сурхон иллин» хьалхара дакъа ду лахахь далийна. И дIа а деший, дийца: хIун башхаллаш йу иллин текстан, хIун шатайпа дешнаш нисдели хьуна цу йуккъехь, хьо муха кхета царах?

Къонаха мел вериг кхайкхина валийна,
Къонаха мел воцург кхайкхаза веана,
Цхьа йурт йиллира, тов, цу эла Мусоста.
Йурт йиллина ва ваьлча и эла ва Мусост,
Кхойкхуш тIебалийра, тов, цу йуьртан тхьамданаш,
Гулбелла тIебахара цу йуьртан тхьамданаш.
–Ассалам Iалайкум, хIай эла ва Мусост!
Хьо кхойкху аьлла ма даьхки
Тхо – йуьртан тхьамданаш.
Хьо лаа кхойкхурий, хьо тара кхойкхурий?
– Ас лаа ма кхойкху, ас тара ма кхойкху,
Ас йоьху ва шуьга тIехь йоцу ва йасакх.
– Дакъаза ма вала хьо, хIай эла ва Мусост,
Да эла хилла хьан, нана сту хилла хьан,
Хьо эла веца хьо, тхо Iаьржа нах деца,
Къа деца ва хьуна зударийн, ва берийн,
Эхь деца ва хьуна хьо санна
Ва болчу элашна ва йуккъехь,
Ма йехахьа ахь тхоьга тIехь йоцу ва йасакх.
– Ас хир ду аьлларг ва хилла ма даьлла,
Ас хир дац аьлларг ца хилла ма даьлла,
Аш сиха схьалолаш тIехь йоцу вай йасакх! –
И аьлла ва ваьлча и эла ва Мусост,
ГIийла йуха ма бирзира и йуьртан тхьамданаш.

• Нохчийн къонахийн кхин хIун цIераш йевза хьуна? ХIун хаьа хьуна царах?

– Берашна хозуьйту илли.

Дарсана жамI дар

– Бераш, вай бийцинарш боцурш, кхин турпалхой бевзий шуна? Шен халкъан дуьхьа шай са ца кхоийнарш?

(Кадыров Ахьмад-Хьаьжа, Таймин Бийболат, Харачойн Зеламха, Зайтан Шихмирза.)

Дешархойн хаарийн мах хадор.

ЦIахь: илли деша.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Іодика йойла шун!

Дарсан цIе: **Мусаев Сулиманан «Дахар маьрша хилийта» дийцар**

Дарсан Іалашо:

- ТIамо дохьург зулам хилар довзийта.
- «ТIамо воI ца во, цо воI воь» бохучу дешнех маьIнах кхетам балар.

Дарсан гIирс: тептар, Іамт, ручка, ИКТ-у.

Дарс дIадахьар

- Маршалла хаттар.
- Воцург билгалваккхар.
- ЦIахь йелларг таллар.

– Халкъан барта кхолларалла стенах олу?

– Барта кхолларалле хь шуьйра меттиг дIа стен лоцу?

Иштта кхидIа а хаттарш ло.

Дарсан Іалашо йовзийтар.

– Берашна гойту тIамах лаьцна суьртийн презентаци. Суьртех шайна хетарг схьадуьйцуьйту.

Цул тIаьхьа хьехархочо йовзуьйту йаздархочун кхолларалла. ТIаккха бовзуьйту, мел йаккхий халонаш тIехIиттарх йуха ца бовлуш, литература кхиийна йаздархой.

Хьекъалда: Даймахка тІеман кхерам беъча, герз караэца дезаш хуьлу къонахчун. Амма маьршачу хенахь шен къоман дукъ дІакхьоьхьу цо йукъарчу гІуллакхашкахь: Іилма, искусство, культура – и дерриг а, шена са ца лоьхуш, кхиош. Халонаш тІехІиттарх, шен дикачу Іалашонех йуха а ца волу къонах. Вайн исторехь иштта къонахий дуккха а хилла, церан герз – хаарш, къинхьегам. Цара уггар халачу хенахь вайн гІиллакхаш, культура, мотт, истори ларйина, къомана тайп-тайпана керла некъаш а даьстина. Иштачарах бу вайн дуьххьарлера йаздархой – Мамакаев Мохьмад, Гадаев Мохьмад-Салахь, Мамакаев Іаьрби, Ошаев Халид, кхиберш а – цара дуккха а шераш набахтешкахь даьхна, амма йаздечуьра ца совцуш, вайн литература кхиийна. Иштта тІеман шерашкахь а, набахтешкахь а, хийрачу шийлачу Сибрехахь а Іилма, искусство, йукъараллин гІуллакхаш дІа ца тосуш, вайн къоман хазна ларйина дукхачу Іилманчаша, мукъамчаша, халхарчаша, кхиболчу говзанчаша. Вайна уьш бовза беза, цаьргара дикачу хІуман тІехь масал эца а деза.

– Бераш, шуна бевзий тІеман турпалхой? Церан сурт гойту хьехархочо.

Хьекъалда: Шуна хезний Шерипов Асланбеках хІумма а? Асланбек ХХ-чу бІешеран йуьххьехь ваьхна. Асланбекан да эпсар хилла. Шен кІанта бІаьхо хилийта ойла хилла цуьнан. Цундела цо иза Россехь уггар тоьллачарах лоруш хиллачу Полтаверчу кадетийн корпусе деша вахийтина. Амма Асланбекана шен дахар дешарца, йозанца, Іилманца доза лиина. Байташ йазйеш, халкъан барта кхолларалла гулйеш хилла цо. Россехь нехан карзахалла алсамйаьлча, Асланбекан дас, Джамалдис, цІа а валийна, Соьлжа-ГІаларчу «реальни училище» олучу доьшийле дІавелла и. Цигахь дешна бу йозанца къахьегна болу вайн къоман дуккха а тоьлла йаздархой, Іилманчаш: Бадуев СаьІид, Ошаев Халид, Мациев Ахьмад, Авторханов Іабдурахьман, кхиберш а. Асланбека тІехдика доьшуш чекхйаьккхира и 1917-чу шарахь.

Россехь революци йолайелча, нохчий а, кхидолу къаьмнаш санна, йукъаозийра цу хиламаша. Керлачу советан Іедало кхайкхош дерг доггах тешаш тІеийцира Асланбека – массарна

а маршо, нийсо, къаьмнийн барт. Ша къобалбинчу оцу новкъахь, йаздеш а, тIемаш беш а, нахе хаарш дIакхачош а къахьегна цо. Нохчийн ЦIечу Эскаран баьчча хилла дIахIоьттина и. Соьлжа-ГIалахь хиллачу 100 дийнан тIеман куьйгалхойх цхьаъ хилла иза. Асланбекан кхалхар тIам тIехь нисделла. 22 шо хилла цуьнан хIетахь.

Асланбекан уггар боккха лаам бара Кавказан къаьмнаш маьрша, бертахь дахийтар. Соьлжа-ГIаларчу «Къаьмнийн бартан хIоллам» кхаа турпалхочунна боьгIна бу. Царах цхьаъ Шерипов Асланбек ву. Важа шиъ –гIалгIа Ахриев ГIапур а, украинхо Гикало Николай а ву.

– Бераш, стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана?

Дешархошка дийцар доьшуьйту.

Дешнаш тIехь болх бар.

Шабар-шабарш – шепот, йома – лотка, запайка, пломба; хIойжой – тишина, бере – всадник, кIирвелла – побледнел, хумпIар – кобура, тIаьрсиган – сафьян, тонкая кожа; эпсар – командующий.

– Бераш, хIунда лаьара Асланбекана Асхьаба деша?

– Шена бина хьехам тIе муха ийци Асхьаба?

Хаттарш а, тIедахкарш а

1. ХIокху дийцаран коьрта маьIна хIун ду аьлла хета хьуна?

2. Хьуна уггар хазахетта йа дагах кхетта хIун ду цу йуккъехь?

3. ХIун тIом бу дийцар тIехь буьйцург? Хьуна хIумма а хаьий цунах лаьцна?

4. Новкъа дIавоьдучу кIентан куц муха гойту автора? ДIадеша и дешнаш. ХIунда хIоттийна аьлла хета хьуна цу кIентан сурт иштта? ХIун хаа йиш йу йаздархочо цуьнан хIоттийнчу суьртах?

5. Новкъахь мила дуьхьалкхийтира кIантана? Цуьнан муха сурт хIоттадо автора?

6. КIантана совгIатна хIун йелира Асланбека? ХIунда йелла аьлла хетта хьуна цо и? Асланбекан хIун лаамаш, Iалашонаш гучуйоху цо?

Дарсана жамI дар.
Дешархойн хаарийн мах хадор.
– Бераш, тIамо диканиг дохьий?
– Дешар тоьлу йа тIом бар тоьлу?
ЦIахь: дийцар деша.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Іодика йойла шун!

Дарсан цIе: **Ахмадов Мусан «Даймехкан мукъам» цIе йолу дийцар**

Дарсан Іалашо:

- ТIамах долу хаарш совдахар.
- Даймахке, халкъе болу безам чIагIбар.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Іамат, ИКТ-у.

Дарс дIадахьар

– Маршалла хаттар.
– Воцург билгалваккхар.
– ЦIахь йелларг таллар.

Хаттарш:

1. ХIокху дийцаран коьрта маьIна хIун ду аьлла хета хьуна?
2. Хьуна уггар хазахетта йа дагах кхетта хIун ду цу йуккъехь?
3. ХIун тIом бу дийцар тIехь буьйцург? Хьуна хIумма а хаьий цунах лаьцна?
4. Новкъа дIавоьдучу кIентан куц муха гойту автора? ДIадеша и дешнаш. ХIунда хIоттийна аьлла хета хьуна цу кIентан сурт иштта? ХIун хаа йиш йу йаздархочо цуьнан хIоттийнчу суьртах?
5. Новкъахь мила дуьхьалкхийтира кIантана? Цуьнан муха сурт хIоттадо автора?
6. КIантана совгIатна хIун йелира Асланбека? ХIунда йелла аьлла хета хьуна цо и? Асланбекан хIун лаамаш, Іалашонаш гучуйоху цо?
7. ХIун хьехам бира Асланбека Асхьабана?

8. Асхьаба шега тапчанах лаьцна къамел дича муха жоп ло Асланбека? (ДIайеша и меттиг.)

Дарсан Iалашо йовзийтар.

- Бераш, дIадаханчу дарсехь муьлха тIом бара вай бийцинарг?
- Граждански боцург кхин муьлха тIом хилла хаьий шуна? (Сийлахь-боккха Даймехкан тIом.)
- Оцу тIеман хенахь хIун хилла хаьий шуна? (Вайн нохчийн къам махкахдаькхина.)
- Дийцарх лаьцна къамел до хьехархочо.
- Дийцар доьшуьйтуш, хаттарш ло:

1. Муьлха хан йу дийцар тIехь гайтинарг?
2. Цу хенахь муха бехаш хилла нохчий?
3. Стенга доьдуш дара Дени а, цуьнан нана а?
4. Радиохула илли олуш хилларг мила вара?
5. Воккхачу стага боьлхуш болчу нахе хIун доIа де элира?
6. Даймахках къаьстина бехачу нохчаша сатийсинарг хIун дара?
7. Нанас Денига Даймахках лаьцна муха дийцира?

– Цадевзачу дешнаш тIехь болх бо.

– Цул тIаьхьа Димин Iумаран мукъам хозуьйту.

Дарсана жамI дар.

Дешархойн хаарийн мах хадор.

ЦIахь: дийцар деша.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Iодика йойла шун!

Дарсан цIе: **Сулейманова Зайнапан «Эсамбаев Махьмудана» цIе йолу байт**

Дарсан Iалашо:

- Халкъан халхарча вовзийтар.
- Даймахке, халкъе болу безам совбаккхар.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, ИКТ-у.

Дарс дІадахьар

- Маршалла хаттар.
- Воцург билгалваккхар.
- Дарсана бина кечам таллар.
- ЦІахь йелларг таллар.
- «Даймехкан мукъам» дийцар.

Хаттарш а, тІедахкарш а.

1. Муьлха хан йу дийцар тІехь гайтинарг?
2. Цу хенахь муха бехаш хилла нохчий?
3. Стенга доьдуш дара Дени а, цуьнан нанаа?
4. Радиохула илли олуш хилларг мила вара?5.
5. Воккхачу стага боьлхуш болчу нахе хІун доІа де элира?
6. Даймахках къаьстина бехачу нохчаша сатийсинарг хІун дара?
7. Нанас Денига Даймахках лаьцна муха дийцира? (3–4 дийцар дийцийтар.)

Дарсан Іалашо йовзийтар.

– Йаздархочух лаьцна боцца хаам бар.

– Иштта Эсамбаев Махьмудах лаьцна презентаци гайтар.

Сулейманова Зайнап

Сулейманова Зайнап нохчийн йевзаш йолу йаздархо йу. 1950-чу шарахь дуьнен тІе (дуьнен чу???) йаьлла хилла иза Нохч-ГІалгІайчоьнан халкъан поэт а, Нохч-ГІалгІайчоьнан хьакъволу хьехархо а, мохкталлархо а, фольклорист а, этнограф а хиллачу Сулейманов Ахьмадан доьзалехь. Нохчийн меттан гІаролехь лаьттинчу Сулейманов Ахьмадан доьзалехь ша кхиъна йолу дела хила мега Зайнап жимачохь дуьйна а нохчийн дош дезаш, цуьнца шен дахаран некъ боьзна, доггаха къахьоьгуш схьайогІуш. Ша дукха жима йолуш дуьйна нохчийн гІиллакхаш Іамош, Іаламан тидам беш, и дерриге а шен поэзехь, шен дийцаршкахь гайта гІерташ, къахьоьгуш йу Зайнап. Тахана а вайн литературехь хаддаза къахьоьгуш йу иза. Вайна гонаха долу Іа-

лам довза а, и деза а, адамаш вовшашца къинхетаме хила а, вайн Даймохк беза а Іамош йу цуьнан говзарш. Нохчийчохь арадолучу «СтелаІад» цІе йолчу берийн журналехь сих-сиха зорбане йуьйлу цуьнан говзарш, иштта масех киншка а зорбане йаьлла Зайнапан.

– Бераш, цхьанне вевзий шуна Эсамбаев Махьмуд? Кхин буй вайн халкъан халхарчаш?

– Берашка байт йешийтар.
– ГІалаташ нисдо.
– Хаттарш ло хьехархочо:
– Хьанах лаьцна йу хІара байт?
– Орга хи хІунда хьахадо аьлла хета хьуна поэта?
– Эсамбаев Махьмудах хІун олуш хилла? Хьуна вевзий Николо Паганини? Лаха цунах болу хаам. ХІунда олуш хилла Эсамбаевх халхарехь Паганини?
– ХІокху дешнех муха кхета хьо?
– Муьлхачу къоман сурт, дог-ойла, амал гойту ахь исбаьхьчу халхаран вастехь?–
– Хьуна хІун хаьа Эсамбаев Махьмудах лаьцна?

Дарсана жамІ дар.
Дешархойн хаарийн мах хадор.

– Бераш, муха хийти шуна вай дарс? Реза дуй шу шаьш бинчу балхана?

ЦІахь: байт дагахь Іамайе.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Іодика йойла шун!

Дарсан цІе: **Айдамирова Машаран «Жима верас» цІе йолу дийцар**

Дарсан Іалашо:

- Вайн халкъан истори йовзийтар.
- Дарсе болу безам совбаккхар.

Дарсан гІирс: ручка, тептар, Іамат.

Дарс дIадахьар

- Маршалла хаттар.
- Воцург билгалваккхар.
- ЦIахь йелларг таллар.

Хаттарш а, тIедахкарш а

1. Муьлха хан йу дийцар тIехь гайтинарг?
2. Цу хенахь муха бехаш хилла нохчий?
3. Стенга доьдуш дара Дени а, цуьнан нана а?
4. Радиохула илли олуш хилларг мила вара?
5. Воккхачу стага боьлхуш болчу нахе хIун доIа де элира?
6. Даймахках къаьстина бехачу нохчаша сатийсинарг хIун дара?
7. Нанас Денига Даймахках лаьцна муха дийцира?
8. ХIун хан йара аьлла хета шуна дийцар тIехь йуьйцург?

Дарсан Iалашо йовзийтар.

Хьехархочо йовзуьйту йаздархочун кхолларалла.

Берашка дийцар доьшуьйту.

Айдамирова Машар
(1963 шо)

Айдамирова Машар йина Мескитахь вайн махкахь вевзаш волчу нохчийн халкъан йаздархочун Айдамиров Абузаран доьзалехь. Жимачохь дуьйна литературица безам болуш кхиъна йоI. Шен ден йоккхачу библиотекехь йоккхура цо дукхахйолу хан. Ша йаздина дийцар цо уггар хьалха шен дега доьшуьйтура. Цо аьлла дош мехала дара Машарна.

НПУ-н анфилологин факультет чекхйаьккхинчул тIаьхьа Машара белхаш бира школехь а, иштта культурин декъехь а. ТIаьхьарчу хенахь Мескитарчу Айдамиров Абузаран музейхь болх беш йу Машар. Айдамирова Машара берашна а, баккхийчарна а лерина йазйо. Оьрсийн а, нохчийн а меттанашкахь дийцарийн гуларш арайийлина цуьнан. ЧIогIа мехала, дешархоша йезаш тIеэцна йу цуьнан историн хиламаш буьйцуш йолу «Лаьмнийн хIайкал» цIе йолу повесть.

– Халкъ махкахдаккхарх лаьцна хIун хаьа шуна? (Презентаци гойту берашна.)

Берашка дийцар доьшуьйту.

– ХIун хан йу дийцар тIехь йуьйцург?

Цадевзачу дешнийн маьIна дастар: хьашайелла – наб кхетта, бIалгIанаш – суьрташ дуьхьалхIиттар, йакхбелла кийра – бакъабелла, гIорасиз – оза, гIиргIизо – киргиз, чахчийра – холчухIоьттира, шога жоп – реза воцуш, хорам – ? йукъйастар – стаг ларвалар ду, кишлакна – гIалартана.

– Муха амал йара итт шо кхаьчначу Iелин?

– «Халкъ махкахдаккхар» презентаци гайтар.

Хаттарш а, тIедахкарш а

1. Дийцар тIехь йуьйцуш йерг муьлха хан йу?
2. ХIун бала бара доьзале кхаьчнарг?
3. Дийцаран цIе «Жима верас» хIунда тиллина аьлла хета хьуна?
4. Буса йуккъехь стенга ваха аравелира Iела?
5. ХIун дуьхьало хилира цунна?
6. Хехочунна Iелех къа хIунда хийтира?

Дарсана жамI дар.
Дешархойн хаарийн мах хадор.
ЦIахь: дийцар деша, чулацам схьабийца.

ЦIахь: байт дагахь Iамайе.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Iодика йойла шун!

Дарсан цIе: **Ахмадов Мусан Висаитов Мовладна лерина йолу «Сийлахьа некъ» цIе йолу байт**

Дарсан Iалашо:

• Сийлахь-боккхачу Даймехкан тIеман турпалхой бовзийтар.

• Даймахке болу безам чIагIбар.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, ИКТ-у.

Дарс дIадахьар

• Маршалла хаттар.
• Воцург билгалваккхар.
• ЦIахь йелларг таллар.

Хаттарш:

1. Дийцар тIехь йуьйцуш йерг муьлха хан йу?
2. ХIун бала бара доьзале кхаьчнарг?
3. Дийцаран цIе «Жима верас» хIунда тиллина аьлла хета хьуна?
4. Буса йуккъехь стенга ваха аравелира Iела?
5. ХIун дуьхьало хилира цунна?
6. Хехочунна Iелех къа хIунда хийтира? (3–4-за дийцар схьадийцийтар)

Дарсан Iалашо йовзийтар.

• Бераш, дIадаханчу дарсашкахь вай стенах лаьцна дийцира?
• Тахана вевзар ву шуна турпалхо Висаитов Мовлад.
• Хьехархочо «Висаитов Мовлад» презентаци гойту.
• Дешархошка байт йешийтар.

Хаттарш:

1. Махкана хала киртиг тIехIоьттича, хIун кхайкхам бина Мовлада?
2. Муха тIеэцна нохчийн кIенташа и кхайкхам?
3. ХIун хьуьнар гайтина нохчийн дошлоша?
4. Стенгара стенга кхаччалц хилла оцу бIаьхойн сийлахь некъ?
5. Даима халкъан есехь хIунда беха и турпал кIентий?
6. Кхин муьлха турпалхой бевза хьуна?

Дешнаш тIехь болх бар: гIовтал – бешмет, горский кафтан, дошлой – конники, кавалерийские???, болатан – стальной,

ткъесашца – салюташца.

– Бераш, реза дуй шу вай бинчу балхана?

ЦІахь: байт дагахь Іамайе.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Іодика йойла шун!

***Дарсан цІе*: Хаарш зер. Іамийнарг карладаккхар**

Дарсан Іалашо:

- Хьалха Іамийнарг карладаккхар.

Дарсан гІирс: тептар, Іамат, ручка, ИКТ-у.

Дарс дІадахьар

- Классехь низам хІоттор.
- Воцург билгалваккхар.
- Хьалха Іамийна говзарш карлайахар.
- Кицанаш а далош, дІахьо дарс.
- Кхечу къаьмнийн йаздархойн суьрташ гайтар.

Хаттарш:

1. Вайн къоман турпалхойх хьанах тера хила лаьара хьуна? Дийца хІун амалш тов хьуна цуьнгахь.

2. Къонахийн коьрта амалш санна муьлханаш билгалйохур йара ахь?

3. Лахахь долчу аларех лаций дийца. Хьо муха кхета царах?

- Бакъволу къонах гІиллакхах ца вуху.
- Къонахчун коьртачу амалех ду собаре хилар.
- Къонах гуттар а нийсонехьа хуьлу, шена цунах зе хилахь а.
- Къонах къинхетаме хуьлу.
- Халкъо ша хоржу бакъволу къонах.

4. Нохчийн къомо шен иллешкахь шен къонахий хІунда хестийна аьлла хета хьуна?

5. Нохчийн турпалхойх йерриг Кавказан имам лаьттинарг мила ву?

6. Эла Мусостан олалла дожийна волу нохчийн турпалхо мила хилла?

7. Муьлхачу муьрехь ваьхна хилла Шерипов Асланбек?

8. Вайн къам махкахдаьккхина долчу хенахь вайн къоман культура ларйинчу къонахех лаций дийца.

9. Лахахь долу дешнаш вайн муьлхачу турпалхочух ала догIу аьлла хета хьуна?

10. Йерриг Кавказо шен имам хаьржира и нохчийн йахьйолу кIант. Мел дукха заманаш дIаэхарх, халкъо цкъа а вицвийр вац иза. Цо вайна гайтина бакъволчу къонахчун некъ. Халкъийн маршо ларйеш, харцонна дуьхьалхIоьттинера и. Бакъонан новкъахь шен дахар ца кхоийра цо. И хилла бакъволу турпалхо а, дика къонах а.

11. Сийлахь-боккхачу Даймехкан тIеман муьлха турпалхой бевза хьуна?

12. ХIокху декъан цIе «Даймехкан декхаро гIаттийна вогIу со» йу. «Даймехкан декхар» бохучух муха кхета хьо?

13. ХIокху декъа йуккъехь хьахийна болчу турпалхойн цIераш дIайазйе белхан тептар тIе. Кхин муьлха турпалхой бевза хьуна?

14. Вайн заманахь бу аьлла хетий хьуна къонахий? Хьуна бевзий уьш? Хьенан цIе йоккхур йара ахь?

Дарсана жамI дар.
Дешархойн хаарийн мах хадор.
ЦIахь: Iамийнарг карладаккхар.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Iодика йойла шун!

НЕНАН МОТТ – 4 сахьт

Дарсан цIе: **Ахмадов Мусан «Кхаа дашах дийцар» цIе йолу дийцар**

Дарсан Iалашо:

- Нохчийн маттах долу хаарш кIаргдар.

• Дарсе болу безам совбаккхар.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, ИКТ-у.

Дарс дІадахьар

• Маршалла хаттар.
• Воцург билгалваккхар.
• Іамийнарг карладаккхар.

Хаттарш:

1. Стенах олу барта кхолларалла?
2. Муьлха турпалхой бевза вайна?
3. Муьлха говзарш Іамийна вай турпалхойх лаьцна?

Дарсан Іалашо йовзийтар.

Нохчийн мукъам хозуьйтуш дІадоладо дара.

«Нохчийн мотт уггар хьалдолчу а, мехалчу а меттанех цхьаъ бу, нагахь хьуна кхоччуш дика иза хууш белахь». *(Л.Н. Толстой)*

«Кхо хІума ду дуьнен чохь даим а цхьаьна хила дезаш, вовшахдаьхча кхуьий а леш: Даймохкий, Халкъий, Моттий». *(А. Сулейманов)*

М.: Бераш, кеста хІун дезде ду вайн?

Бераш: Нохчийн метан де!

М.: Кечам беш дуй шу?

Б.: ХІаъ, ду.

Э.: Маьлх-Аьзни, «ненан мотт» хІунда олу шен къоман маттах? Ден а ма бу и.

М.: Бу дера, ден а, кхин а генарчу хьан дайн а. Амма уггар хьалха бераца къамеле йолуш йерг нана йу. Дуьххьарлера дешнаш цуьнгара Іема адамна. Нанас ца буьйцу мотт берана Іемар бац. Цундела олу цунах «ненан мотт».

– Бераш, муьлха байташ евза шуна маттах лаьцна?

(Шайна хууш йолу байташ йуьйцу бераша. Цул тІаьхьа берашка доьшуьйту дийцар.)

Дешнаш тIехь болх: Хонкара –Туркойн мохк, туьшахула – урамехула, чергасийн – черкес. Тире!

Хаттарш:

1. Бераш, муха кхийти шу дийцарх?
2. Даима цхьаьна ца хилча мегаш доцурш хIун ду?
3. Стенах лаьцна ду дийцар?
4. КIантана шен орамаш довза хIунда лиира?
5. «Мотт ларбаро къам лардо» бохучух муха кхета хьо?
6. Мотт буьйцуш ца хилча, и йукъара дIаболу бохург нийса хетий хьуна?

Дарсана жамI дар.

– Стенах лаьцна дара вай дарс?

Дешархойн хаарийн мах хадор.

ЦIахь: дийцар деша, чулцам Iамабе.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Iодика йойла шун!

Дарсан цIе: **Абдулаев Лечин «Ненан мотт» цIе йолу байт**
Дарсан Iалашо:

- Ненан матте, Даймахке, халкъе болу безам шорбар.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, ИКТ-у.

Дарс дIадахьар

- Маршалла хаттар.
- Воцург билгалваккхар.
- ЦIахь йелларг таллар.

Хаттарш а, тIедахкарш а

1. Стенах лаьцна ду дийцар?
2. КIантана шен орамаш довза хIунда лиира?
3. «Мотт ларбаро къам лардо» бохучух муха кхета хьо?
4. Мотт буьйцуш ца хилча, и йукъара дIаболу бохург нийса хетий хьуна?

Дарсан Іалашо йовзийтар

- Абдулаев Л. кхолларалла йовзийтар.

Абдулаев Леча (1953)

Абдулаев Леча къам цІерадаьккхинчу хенахь Казахстанехь дуьнен чу ваьлла. Цигахь радиочухула дІалокхуш хезира цунна дуьххьара нохчийн халкъан мукъамаш. Димаев Іумара а, Сулейманов Бауддис а дІаолура иллеш. ХІетахь кхоллабелира жимачу кІентан мукъамашка болу безам. Воккхахилча, сох а хир ву композитор, олура Лечас.

Композитор хила болу лаам университетехь доьшуш волуш хийцабелира Лечин. Цунах воккха поэт хилира. Абдулаев Лечин кхоллараллехь коьрта тема йу вайн халкъан турпалаллин дахар, вайн халкъан лазамаш, сатийсамаш. Лечас нохчийн коьртачу газетан цІе «Даймохк» аьлла тиллийтира, ша цуьнан коьрта редактор хІоттийча. Шен цІаре хьаьжжина, вайн къомана хьалха лаьтта коьрта декхарш дуьйцуш, хийцабелира газетан чулацам.

Лечас тайп-тайпанчу жанрашкахь йазйина байташ, поэмаш, дийцарш, публицистикин статьяш. Цо нохчийн матте йаьхна дуьнен чохь гІарабевллачу поэтийн байташ. Французийн вевзаш волчу йаздархочун Сент-Экзепюри Антуан ден «Жима эла» цІе йолу башха туьйра нохчийн матте даьккхина Лечас. Лечин дуккха а йу берашна лерина йазйина байташ. Цо болх бина «СтелаІад» журналан редактор волуш. Цуьнан боккха лаам бара вайн бераш нохчийн маттахь деша а, йазйан а, ойла йан хууш хилар.

– Бераш, стенах лаьцна дийцира вай?

– Тахана а дуьйцур ду вай ненан маттах лаьцна. Бераша йоьшу байт, ца кхеташ долу дешнаш а, церан маьІнаш??? а схьайаздо тептар тІе (пелаг – перо, пиллаг – пропеллер).

1. «Дош» – и дош а муха хилла? Стенах лаьцна йу хІара байт?

2. ХIун хаттарш кхоллало турпалхочун? Хьан кхолладеллий иштта хаттарш?

3. Мотт муха кхоллабелла боху поэта?

4. Берана муьлха мотт Iема атта? Хьуна хIун хета?

5. Шен меттан сий дечо кхечу меттанийн а сий до бохург нийса хетий хьуна? ХIунда?

Дарсана жамI дар.
Дешархойн хаарийн мах хадор.
ЦIахь: байт дагахь Iамайе.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Iодика йойла шун!

Дарсан цIе: **Гелагаев Сайд-Мохьмадан «Шовдано боху соь» цIе йолу байт**

Дарсан Iалашо:

- Вайн мехкан Iалам довзийтар.
- Iаламе безам кхоллар.
- Литературе болу безам совбаккхар.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, ИКТ-у.

Дарс дIадахьар

- Маршалла хаттар.
- Воцург билгалваккхар.
- Дарсана бина кечам таллар.
- ЦIахь Iамо йелларг хаттар.

1. «Дош» – и дош а муха хилла? Стенах лаьцна йу хIара байт?

2. ХIун хаттарш кхоллало турпалхочун? Хьан кхолладеллий иштта хаттарш?

3. Мотт муха кхоллабелла боху поэта?

4. Берана муьлха мотт Iема атта? Хьуна хIун хета?

5. Шен меттан сий дечо кхечу меттанийн а сий до бохург нийса хетий хьуна? ХIунда?

Байт дагахь йийцийтар.

Дарсан Іалашонах кхетам балар.

Берашна хозуьйту илли Межиев Сахьаба дІаолу «Нохчийн мотт» илли.

– ХІун ойла кхоллаели шу и илли хезча?
– Илли стенах лаьцна дара?
– Делахь тахана вай дуьйцур ду ненан маттах лаьцна. Йаздархочух лаьцна дуьйцу хьехархочо.

Гелагаев Сайд-Мохьмад (1937-2020)

Гелагаев Сайд-Мохьмад Соьлжа-ГІалахь вина. Цуьнан да Окин Мохьмад Нохчийчохь дика вевзаш Іеламстаг хилла. Цунна кІоргера хууш хилла нохчийн мотт а, нохчийн гІиллакх-оьздангалла а. Шен ден тІеІаткъам бахьанехь нохчийн мотт Іамо а, литературехь къахьега а волавелира Сайд-Мохьмад. Сайд-Мохьмадна жимачохь дуьйна дезара Даймехкан Іалам. ТІаьхьо, ша йаздархо хилча, шен дегара кхаьчначу ораматех, олхазарех, дийнатех долчу хаарех пайда а оьцуш, цо ши киншка йазйира: «Олхазарийн дуьне – сан дуьне», «Дийнатийн а, ораматийн а дуьне». Оцу жайнаш тІехь дуккха а ду вай дицдина шира дешнаш.

Гелагаев Сайд-Мохьмада дуккхачу а шерашкахь болх бина ишколехь нохчийн мотт а, литература а хьоьхуш. Цо, ша йаз а йеш, берашца хІиттайора кІоргера чулацам болу нохчийн матте а, культуре а безам кхуллу пьесаш. Уьш хазахетарца тІе а оьцура къоначу хьовсархоша. Сайд-Мохьмада дуккха а байташ, пьесаш, туьйранаш йаздина берашна а, баккхийчарна а лерина.

Цул тІаьхьа берашка йоьшуьйту байт.
– Стенах лаьцна йу байт?
– Хаттаршна жоьпаш дала кийча дуй шу?

Хаттарш а, тІедахкарш а

1. Хьалхарчу биъмогІанехь нохчийн мотт стенца бусту поэта? Стенах тера бу боху цо иза? Мотт цІена бу хІунда боху поэта?
2. «Иштта и хаза мотт хетта синхьоста» – хІокху дешнийн ойла йе, дийцаре де. Муха кхета хьо царах?
3. Шовдано хІун хьехар до, хІун тІедиллар?
4. ХІоранна шен ненан мотт хаза хІунда хета?
5. «Шен мотт дІатеснарг къам доцуш висна» бохучух муха кхета хьо?

– Анасова Зинас локхуш йолу йиш хозуьйту.
– Стенах лаьцна йу йиш? Мича ма гІо бах вайга?
– Бераш, аш ларбийр буй вайн ненан мотт?
– Самукъделин шун тахана?

Дешархойн хаарийн мах хадор.
ЦІахь: дагахь Іамайе байт.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Іодика йойла шун!

Дарсан цІе: **Іамийнарг карладаккхар. Хаарш зер**
Дарсан Іалашо:

- Хьалха Іамийнарг карладаккхар.
- Литературе болу безам шорбар.

Дарсан гІирс: тептар, ручка.

Дарс дІадахьар

- Маршалла хаттар.
- Воцург билгалваккхар.
- Дарсана бина кечам таллар.
- ЦІахь Іамийнарг таллар.
- Байт дагахь схьайийцийтар.

Хаттарш а, тІедахкарш а

1. Керла хІумма а девзирий хьуна хІокху декъа йуккъехь?
2. «Ненан мотт» бохург хІун ду? ХІунда олу иштта?

3. Нехан мотт ненан маттал гIолехь хууш хила а хуьлий? ХIунда нисло аьлла хета хьуна иштта?

4. Нохчийн маттахь кIиранан денойн цIераш хаьий хьуна? Беттанийн цIераш? Белхан тептар тIе дIайазйе уьш.

5. Нохчийн маттахь мел дагар дан хаьа хьуна? Туьканахь а, ишколехь а ловзаршкахь а леладой ахь нохчийн маттахь терахьдешнаш?

6. Чохь хIун мотт буьйцу ахь? Арахь ловзуш? Ишколехь?

7. Нохчийн мотт биц ца балийта, и бийцийта йа цу маттахь йешийта хIун дан деза аьлла хета хьуна?

8. Ахь доьший нохчийн маттахь жайнаш, Iаматаш йоцург?

Хьехархочо, олхазарийн, дийнатин цIераш йовзуьйтуш, презентаци гойту.

ПРОЕКТ

Берашна нохчийн маттахь керланиг Iамор долуш цхьа проект хIоттайе (масала: дийнатийн, ораматийн цIераш йа кхин дешнаш довзуьйту дийцар, байт йа Iилманан текст; нохчийн маттахь комикс; суьрташкахь дошам; нохчийн маттахь дешнаш йа аларш довзуьйту презентаци).

Дарсана жамI дар.
Бераш, реза дуй шу вай бинчу балхана?
Дешархойн хаарийн мах хадор.
ЦIахь: ораматийн цIераш йазйе.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Iодика йойла шун!

СУНА СИРЛА ДАХАР ДЕЗА – 4 сахьт

Дарсан цIе: **Рашидов Шаидан «Суна сирла дахар деза» цIе йолу байт**

Дарсан Iалашо:

- Дуьнене, Iаламе болу безам совбаккхар.

- «Сирла дахар» дешнийн маьІна дастар.
- Литературе болу безам шорбар.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, ИКТ-у.

Дарс дІадахьар

- Маршалла хаттар.
- Воцург билгалваккхар.
- Дарсана бина кечам таллар.
- ЦІахь йелларг таллар.
- Іамийна байташ схьайийцийтар.

Хаттарш:

1. Хьалхарчу биъмогІанехь нохчийн мотт стенца бусту поэта? Стенах тера бу боху цо иза? Мотт цІена бу хІунда боху поэта?
2. «Иштта и хаза мотт хетта синхьоста» – хІокху дешнийн ойла йе, дийцаре де. Муха кхета хьо царах?
3. Шовдано хІун хьехар до, хІун тІедиллар?
4. ХІоранна а шен ненан мотт хаза хІунда хета аьлла хета хьуна?
5. «Шен мотт дІатеснарг къам доцуш висна» бохучух муха кхета хьо?

Дарсан Іалашо йовзийтар.

Йаздархочун кхолларалла карлайаккхар.

Берашка хаттарш далар.

Хьехархочун къамел. Презентаци гойту (олхазарех, дийтатех, хих).

Дуьххьара дуьненна дІадаккха бода-дохк
Ирсан некъ гайтина, ва нана – тхан Даймохк
Шен нана санна, хьо
Марзонца безна вверг
Зен вовр вац, теша со,
Декъала хуьлда хьо!

Вайн литература цхьа шатайпа йу, массо говзарш Даймахках, къонахех, маттах йа Іаламах йолуш. Вайн баккъал а дукха

ду оцу теманашна лерина дийцарш, байташ. Амма уьш бен йац бохург а нийса дац. Иштта хуьлийла а ма дац. Бакъволчу поэтана йа йаздархочунна шена гонахарчу дуьненан хазалла го, цуьнан тидам бан Іамаво, бецан чемхалг бен йацахь а, цуьнан маьІна досту. Вайн дахар хаздеш хІора де мехала хилар гойту, дуьйцу. Гонаха долчу дуьненан тидам бан Іамаво.

1. Берашка йоьшуьйту байт.
2. – Ца кхеташ дешнаш дуй, бераш?
3. – Схьайазде вай уьш: тІамарш, бецан тхи.
4. Бераш, оцу байтан маьІнах муха кхийти шу?
5. Муьлш лору ша бах поэта?
6. Шуна хІун аьлла хета? Иштта нах лара безий? Аш лорий?
7. «Сирла дахар» бохучух муха кхета хьо? Шена хІун чулоцу сирлачу дахаро?
8. Дагарде поэта сирлачу дахаран далош долу васташ.
9. Ахь хьайгара хІун тІетухур дара сирлачу дахаран васт кхуллуш? Кхин хІун хила деза вайн дахар сирла а, хаза а хилийта?
10. Хазахийтирий хьуна байт? Дийца, муьлха могІанаш дагахь дисина хьуна?

Дарсана жамІ дар
Дешархойн хаарийн мах хадор.
– Хазахийтин шуна вайн дара?
ЦІахь: байт дагахь Іамайе, «Сирла дахар» сурт дилла.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Іодика йойла шун!

Дарсан цІе: **Батаева Хедин «Жимачу йоІан гІан» цІе йолу байт**

Дарсан Іалашо:

- Іаламах, шеран муьрех Іамийнарг карладаккхар.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, ИКТ-у.

Дарс дІадахьар

- Маршалла хаттар.

- Воцург билгалваккхар.
- Дарсана бина кечам талалр.
- ЦIахь йелларг таллар.
- Байт дагахь йийцийтар.

Хаттарш:

1. «Сирла дахар» бохучух муха кхета хьо? Шена хIун чулоцу сирлачу дахаро?

2. Дагарде поэта сирлачу дахаран далош долу васташ.

3. Ахь хьайгара хIун тIетухур дара сирлачу дахаран васт кхуллуш? Кхин хIун хила деза вайн дахар сирла а, хаза а хилийта?

4. Хазахийтирий хьуна байт? Дийца, муьлха могIанаш дагахь дисина хьуна?

Дарсан Iалашонах дешархой кхетор.

Iуьйре. Даккхий чимаш долуш,
Тийна, пергIат догIу ло.
Ткъа бераш ду, шаьш ца кIадлуш,
Салазаш тIехь хехкало. (Х.-М. Эдилов)

– Стенах лаьцна йу байт?
– Шеран муьлха мур бу цу тIехь буьйцург?

– Батаева Хедин кхолларалла йовзийтар. Йина шо?

Батаева Хеда йина ГIой хин йистехь Iуьллучу жимачу СоIди-КIотарахь. Цуьнан поэт хила лаам кхоллабелира дукха жимачохь. Иза доьзна дара Хеда йехачу йуьртан исбаьхьчу Iаламца, нохчийн Iер-дахарца. Йуьртахойн хIора дийнахь долчу дезаршкахь шатайпа исбаьхьалла гора йоIана. Цунах лаьцна йаздан даггара дешнаш карадора къоначу поэтана. Нохчийн бевзаш болчу йаздархоша тидаме ийцира Хедин дуьххьарлера байташ. Цара лаккхара мах хадийра церан. Ишколехь доьшуш йолуш поэзин конкурсашкахь хьалхара меттигаш йохура Батаева Хедас. Хедас «СтелаIад» журналехь къахьийгира. ХIетахь йазйира цо берашна лерина байтийн цикл. Оцу говзаршкахь гуш ду поэтан берийн бIаьргашца дуьнене хьажа похIма хилар.

– Байт йешийтар.

Жимачу йоІан гІан

Суна хаза гІан гира,
ДогІа долчу буьйсанна:
Сох цхьа лайн чим хиллера,
Со лепара суй санна.
Со хІаваэхь хьийзара,
Оцу гІенахь сийсара.
Іуьйре йеъча кІотара,
Арахь Іуьллуш ло дара.

Хаттарш а, тІедахкарш а

1. Стенах лаьцна йу хІара байт?
2. ГІенах хІун гира йоІана?
3. Жимачу йоІана Іа дукхадеза аьлла хетий хьуна?
4. Хьуна дукхадезий Іа? ХІунда?
5. Іаламан муьлххачу а хенан шен исбаьхьалла йу аьлла хетий хьуна? Дийца цунах лаций.

Дарсан жамІ дар.
Дешархойн хаарийн мах хадор.
ЦІахь: байт Іамайе, Іаьнан сурт дилла.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Іодика йойла шун!

Дарсан цІе: **Абдулаев Лечин «Нана, бІаьсте» цІе йолу дийцар**

Дарсан Іалашо:

- Нене, Даймахке, Іаламе болу безам совбаккхар.
- Литературе безам кхиор.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, ИКТ-у.

Дарс дІадахьар

- Маршалла хаттар.

- Воцург билгалваккхар.
- ЦІахь йелларг таллар.

Шаьш дехкинчу суьрташца схьабийца байтан чулацам.

Хаттарш:

1. ГІенах хІун гира йоІана?
2. Жимчу йоІана Іа дукхадеза аьлла хетий хьуна?
3. Хьуна дукхадезий Іа? ХІунда?
4. Іаламан муьлххачу а хенан шен исбаьхьалла йу аьлла хетий хьуна? Дийца цунах лаций.

Ненах лаьцна презентаци гойту.

– Бераш, вай хьанах лаьцна дуьйцур ду аьлла хета шуна?

– Абдулаев Лечин кхолларалла карлайаккхар.

– Берашка жима дийцар дешийтар.

Абдулаев Леча

Нана, бІаьсте…

Даг чуьра довла ца туьгу хийла-хийла хан хьалха, тІехволуш, ларамаза беро олуш хезна дешнаш:

Мама, ас хьо йиллий?

Ас хьуна уллехь бІаьсте йуьллур йу хьуна, зезагаш а долуш!

Цу дешнаша дукха цецваькхина, эхь а, бехк а бохург а дицдина, со вахна кех чу хьаьжира: диъ-пхи шо хир долуш кІант Іара кехата тІе къоламаш хьоькхуш.

…И къоламаш хьоькхуш, хийла-хийла шо дІадаха, со, къона-къанлуш, кху хене а кхечи, амма суна тахана а ца карадо сайн йозанашкахь иштта хаза, иштта довха, иштта ховха-аьхна цхьана могІане дийшина гергара дешнаш:

Нана… Хьуна уллехь бІаьсте…зезазагаш а долуш…

(«Шекар-Іаж» дийцар йуккъера.)

Нанна уллехь хІун йуьллур йу бах кІанта?

ХІора хаттарна жоп ло бераша.

Хаттарш а, тІедахкарш а

1. ХІун дешнаш хезна хиллера йаздархочунна?
2. Нанна йуххехь бІаьсте йилла хІунда лиъна кІантана?
3. БІаьстенан хазалла ненан суьрта тІехь хилийта лиъна аьлла хетий хьуна кІантана?
4. Ахь муха дуьллур дара ненан сурт?
5. Йаздархочунна хІунда дагах кхетта аьлла хета хьуна кІентан дешнаш?
6. Нана а, бІаьсте – оцу шина дешан хІун уьйр йу аьлла хета хьуна? Ахь муха достур дара церан маьІна?
7. Хьайн белхан тептар тІе ненан сурт дилла.

«Нана» дешан синквейн йалайе.

Сийлахь, оьзда;

Дозалла ду.

Сийлахь, оьзда нана – тхан дозалла ду.

Дарсана жамІ дар.

Дешархойн хаарийн мах хадор.

ЦІахь: дийцар деша, ненан сурт дилла.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Іодика йойла шун!

ХААРШ ЗЕР

Дарсан цІе: **Хаарш зер**

Дарсан Іалашо:

- Іамийнарг карладаккхар.
- Дарсе болу безам шорбар.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, ИКТ-у.

Дарс дІадахьар

- Маршалла хаттар.
- Воцург билгалваккхар.
- ЦІахь Іамийнарг таллар.
- Хаттаршна жоьпаш а луш, шаьш диллинчу суьрта тІехь дийцар хІоттадо.

Хаттарш:

- ХIун дешнаш хезна хиллера йаздархочунна?
- Нанна йуххехь бIаьсте йилла хIунда лиъна кIантана?
- БIаьстенан хазалла ненан суьрта тIехь хилийта лиъна аьлла хетий хьуна кIантана?
- Ахь муха дуьллур дара ненан сурт?
- Йаздархочунна хIунда дагах кхетта аьлла хета хьуна кIентан дешнаш?
- Нана а, бIаьсте а – оцу шина дешан хIун уьйр йу аьлла хета хьуна? Ахь муха достур дара церан маьIна?

Дарсан Iалашонах кхетам балар

Хьалха Iамийнарг карладоккху.

Бераша йуьйцу шаьш хьалха Iамийна говзарш.

Хаттаршна жоьпаш ло.

1. Керла хIун девзи хьуна хIокху декъехь?
2. ХIокху декъехь далийна туьйранаш, легендаш, дийцарш девзаш дарий хьуна хьалха?
3. «Халкъан барта кхолларалла» бохучух хьо муха кхета?
4. Фольклоран говзарша халкъан амалш йовзуьйту аьлла хетий хьуна?
5. Муьлха говзар дагахь йисина хьуна? ХIунда?
6. Кхин муьлха говзарш йевза хьуна вайн барта кхолларалла-лера? Дийца царах лаций.
7. Фольклоран муьлхачу турпалхочух тера хила лаьара хьуна? Дийца.

Дешархойн хаарийн мах хадор.

– Турпалхойн цIераш йазйе шайн тептар тIе.

Дарсана жамI дар.

Дешархойн хаарийн мах хадор.

ЦIахь: цхьа илли деша.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Iодика йойла шун!

ФОЛЬКЛОР – 4 сахьт

Дарсан цIе: **Фольклорах Iамийнарг карладаккхар. «Беттаса» цIе йолу легенда**

Дарсан Iалашо:

- Фольклорах Iамийнарг карладаккхар.
- Турпалхошка болу безам совбаккхар.

Дарсан гIирс: Iамат, тептар, ручка, ИКТ-у.

Дарс дIадахьар

- Маршалла хаттар.
- Классехь низам хIоттор.
- Воцург билгалваккхар.
- Дарсана бина кечам таллар.
- Халкъан барта кхолларалле Iамийнарг карладаккхар.

Хаттарш:

- Вай Iамийначу говзаршкарчу муьлхачу турпалхочуьнгара масал эца мегар дара?
- ЦIераш йаха шайна дика хетачу турпалхойн.
- Бераш, эла Мусост хIунда ца хета шуна турпалхо?
- Бийца оцу иллин чулацам.
- «Йуьртара тхьамданаш» хьанах олу?
- Бераш, тахана вай дуьйцур ду легендах лаьцна.
- Легенда стенах олу хаьий шуна, бераш?

Презентаци гайтар.

Легенда йешийтар.

Дешнаш тIехь болх бар: зоьртала – онда, доккха дегI долуш, здоровый; ленаш –подкова, стеран неI – цIока, коровья шкура.

Пхьармат бохуш цхьа говза пхьар хилла вайн ломахь вехаш. ДегIана чIогIа зоьртала стаг хилла иза, куьйгашца мархаш дIаса а лохкуш, «хIуп» олий, мох а гIаттош, кхузза ког баькхича, лам а боккхуш.

Цу хенахь дуьнен чохь бода хилла, стиглахь беттаса а, седа а боцуш.

ХIора дийнахь шен Турпал цIе йолчу динна эчиган ленаш деш хилла Пхьармата. Ленаш сарале даалуш хилла, цIеран суйнашца кхачалуш. Цу суйнех хилла ду боху седарчий. Беттаса ца хилла стиглахь. ТIаккха, цхьана дийнахь, шен Турпална болатан ленаш дина Пхьармата. Алу санна, догуш долу ленаш, шел ца луш, масех де даьлча, Дакох-Коьртара орца деъна, Пхьармате кхойкхуш. Пхьармата оцу сохьта, динна ленаш а тоьхна, кхузза кхоссавелла тIе а хиъна, Iам меллачу стеран неIара а хиъна, шед тоьхна Турпална. Лан тоьхна, бергаш йагийна дин, циггара дIакхоссабелла, когара цхьа лан стигала хьала а доьдуш. И лан стигалан букъа тIе дIалетта, цунах беттаса хилла.

Хаттарш а, тIедахкарш а

1. Хьанах лаьцна йу легенда? Мила хилла Пхьармат?
2. Пхьарматан васт муха гайтина ду?
3. Халкъалахь турпалхой кхиийта, цаьрга туьйранашкахь а, легендашкахь а буьйцучу турпалхойх масал эцийта кхоьллина ду аьлла хетий хьуна хIара санна долу туьйранаш а, легендаш а?
4. Вайн халкъан барта кхолларалле хь буьйцуш болу кхин муьлха турпалхой бевза хьуна? Дийца царах лаций.

Дарсана жамI дар.
Дешархойн хаарийн мах хадор.
ЦIахь: баккхийчаьрга а хоьттуш, цхьа легенда Iамайе.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Iодика йойла шун!

Дарсан цIе: **«Майра кIант» цIе йолу нохчийн халкъан туьйра**

Дарсан Iалашо:

- Халкъан туьйранах Iамийнарг карладаккхар.
- Халкъан туьйранашка болу безам совбаккхар.

Дарсан гIирс: Iамат, тептар, ручка, ИКТ-у.

Дарс дIадахьар

- Маршалла хаттар.

- Воцург билгалваккхар.
- ЦIахь йелларг таллар.
- Бераша баккхийчаьрга а хоьттуш, Iамийна легенда схьайийцийтар.
- Хаттарш далар.
- Дарсан Iалашо йовзийтар.
- Хьалха Iамийна туьйранаш карладахар.
- Туьйранийн кепаш билгалйахар.
- Туьйра дешийтар.

Дешнаш тIехь болх бар: наьрт-аьрстхой – даккхий догIмаш долу нах, зилбухаран тур – къонахчун тур, тосавелла – хаавелла, аьрша – жердь для гнета сена на возу, каде – ловкий, са бага а кхаьчна – хIоьттина.

Хаттарш а, тIедахкарш а.

1. Стенах лаьцна ду туьйра?
2. Туьйранан цIе «Майра кIант» хIунда тиллина аьлла хета хьуна?
3. Наьрт-аьрстхоша шайн ваша вина тIе хIунда ийцира майра кIант?
4. Йоккхачу стага майрачу кIантана гIо хIунда дира?
5. Тешам боцчу кIенташна хIун бекхам бира майрачу кIанта?
6. Кхин муьлхачу халонех чекхвийлира майра кIант? Дийца цунах лаций.

Дарсана жамI дар.
Дешархойн хаарийн мах хадор.
ЦIахь: цхьа туьйра йазйе тептар тIе.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Iодика йойла шун!

Дарсан цIе: **«Берзан дуй» цIе йолу нохчийн шира легенда**
Дарсан Iалашо:

- Туьйранашка болу безам совбаккхар.
- Барта кхолларалла йезайалитйар.

Дарс дIадахьар

- Классехь низам хIоттор.
- Воцург билгалваккхар.
- ЦIахь йелларг таллар.
- Iалашонах кхетам балар.
- Туьйра гайтар.
- Iамат тIера дийцар дешийтар.

Хаттарш:

- Халкъан барта кхолларалла стенах олу?
- Муьлха жанраш йогIу цу йуккъе?
- Туьйранаша, иллеша доккха дакъа дIалацар хIун бахьана ду барта кхолларалле хь?
- Шаьш цIахь йаздинчу туьйранах лаций дийца.

Хаттарш а, тIедахкарш а

1. ХIокху туьйранан коьрта маьIна хIун ду?
2. ХIун дехар дохьуш йеънера борз?
3. Ша делла дош муха лардира барзо?
4. Жа долчу дега хIун дош дахьийтира барзо? Хьо муха кхета цунах?
5. Жа долчу дас муха жоп делира барзана?
6. ЖаIуьно шена жа долчу дас тIедиллинарг муха кхочушдира?
7. ХIун дош дитира дIайоьдучу барзо?
8. Харцдерг дийца а, нехан хIуманна тIекховда а мегар дац боху ойла йойтуш дуй хIара дийцар? Кхин хIун ойланаш хилира хьан хIара дийцар дешча? Дийца цунах лаций.

Дешархойн хаарийн мах хадор.

– Хазахийтин шун вай дарс?

ЦIахь: дийцар деша.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Iодика йойла шун!

КХЕЧУ КЪАЬМНИЙН ЛИТЕРАТУРА – 4 сахьт

Дарсан цIе: **Боллигер Максан «ТIай» цIе йолу дийцар**
Дарсан Iалашо:

- ГIиллакх-оьздангаллех кхетам балар.
- Лула-кертахь лелош деза гIиллакхаш??? довзийтар.

Дарсан гIирс: Iамат, тептар, ручка, ИКТ-у.

Дарс дIадахьар

- Маршалла хаттар.
- Классехь низам хIоттор.
- Воцург билгалваккхар.
- ЦIахь Iамийнарг таллар.
- Байт дагахь йийцийтар.
- Дарсан Iалашо йовзийтар.
- Боллигер Максан колларалла йовзийтар.
- Берашка дийцар дешийтар.

Хаттарш:

Поэтан хIун хаттарш хIуьтту хIорд-кема гича?
Муха гойту поэта хIорд а, цуьнан карзахалла а?
Шен хаттаршна муха жоп карадо поэтана?
ХIун лоьху хIорд-кемано дорцехь?
Стенах лаьцна ду дийцар?

Хаттарш а, тIедахкарш а

1. Муха бехаш бара дийцаран турпалхой?
2. Вовшашца барт ийгIина хIунда бара уьш?
3. ХIора а хIусамдена шен лулахочуьнгахь гуш дерг хIун дика дара?
4. Барт боьхначу лулахойн барт тобинарш муьлш бара?
5. ХIун хьекъал ийцира баккхийчара шайн кегийчу берашкара?
6. Дийцаран коьрта маьIна хIун ду аьлла хета хьуна?
7. Нахана деллачу дикане а ца хьоьжуш, хIораммо а шен диканна Далла хастам бича, нах ирсе хир бара аьлла хетий хьуна?

8. Хьуна гиний вайн дийцаран турпалхой санна амалш йолу адамаш?

9. Ткъа вовшашца тарлуш, гIиллакхашца бехаш болу нах гиний хьуна?

10. Лулахочуьнца кхин хIун гIиллакхаш лело деза аьлла хета хьуна?

Дарсана жамI дар.

Дешархойн хаарийн мах хадор.

ЦIахь: дийцар деша, чулацам схьабийца Iама. «Лулахой муха баха беза?» цIе йолу жима сочинени йазйе шайн тептар тIе.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Iодика йойла шун!

Дарсан цIе: **Леонардо да Винчин «Мотт а, цергаш а» цIе йолу дийцар**

Дарсан Iалашо:

- Дика-вон къасто хаар.
- Литературе безам совбаккхар.

Дарсан гIирс: ИКТ-у, тептар, Iамат.

Дарс дIадахьар

- Маршалла хаттар.
- Классехь низам хIоттор.
- ЦIахь йелларг таллар.
- «ТIай» дийцар.
- Берашка дийцаран чулацам схьабийцийтар.
- Хаттарш далар.
- Керланиг довзийтар.
- Берашна дика а, вон а къасто Iамор.
- Видеоролик гайтар.
- «Мотт а, цергаш а» дийцар дешийтар.

Хаттарш:

1. Стенах лаьцна ду дийцар?

2. ХIун цамгар йара кIентан?

3. Дукха луьйш волчу кIантана хIун хилира?

4. «Дукха лер – хьекъал цатоар ду» – боху кица догIу аьлла хетий хьуна хIокху дийцарца? ХIунда?

5. Дукха луьйш, эрна къамелаш деш болчарна далош долу кхин муьлха кицанаш девза хьуна вайн маттахь? Дийца царах лаций.

Дарсана жамI дар.
Дешархойн хаарийн мах хадор.
ЦIахь: кхечу йаздархойн дийцарш деша.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Iодика йойла шун!

Дарсан цIе: **Хаарш зер. Iамийнарг карладаккхар**
Дарсан Iалашо:

- Хьалха Iамийнарг карладаккхар.

Дарсан гIирс: тептар, Iамат, ручка, ИКТ-у.

Дарс дIадахьар

- Классехь низам хIоттор.
- Воцург билгалваккхар.
- Хьалха Iамийна говзарш карлайахар.
- Кицанаш а далош, дIахьо дарс.
- Кхечу къаьмнийн йаздархойн суьрташ гайтар.

Хаттарш:

1. Кхечу къаьмнийн литература йоьший ахь?
2. Хьайна дукхайезачу говзарх йа киншках лаций дийца.
3. Кече къаьмнийн литература йешаро оцу къаьмнийн амалш йовзуьйту аьлла хетий хьуна?
4. Литературехула къаьмнашна йукъахь ларам кхоллало бохург нийса хетий хьуна? ХIунда?
5. Масал даладе. (Дика, вон къастош туьйра гойту берашна.)
6. Бераш, литература йешаро вайна хIун ло аьлла хета шуна?
7. Бераша йуьйцу шаьш йешна говзарш.

8. Бераш, говзарш йешаро адамийн амалш муха йовзуьйту?
9. Муьлха амалш йевза вайна?
10. Дика а, вон а къасто муха Іамаво литературо?
11. Дарсана реза дуй шу?

Дешархойн хаарийн мах хадор.
ЦІахь: цхьа дийцар деша.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Іодика йойла шун!

Дарсан цІе: **Кусаев Іадизан «Сан доттагІий» цІе йолу байт**
Дарсан Іалашо:
- ДоттагІех лаьцна долу хаарш совдахар.
- Литературе безам бахийтар.

Дарсан гІирс: ИКТ-у, тептар, Іамат.

Дарс дІадахьар
- Классехь низам хІоттор.
- ЦІахь йелларг таллар.
- Бераша шаьш дешна дийцарш дийцаре до.
- Вовшашка хаттарш долуьйту берашка.
- Дика а, вон а къастош туьйра гойту берашна.

Хаттарш:
1. Бераш, литература йешаро вайн дахар муха до?
2. Бераша йуьйцу шаьш йешна говзарш.
3. Бераш, говзарш йешаро адамийн амалш муха йовзуьйту?
4. Муьлха амалш йевза вайна?
5. Дика а, вон а къасто муха Іамаво литературо?

Керланиг довзийтар:

- Кусаев Іадизан кхолларалла йовзийтар.
- Байтан чулацам бовзийтар.
- Бераш, шуна бевзий кху байта тІехь буьйцу доттагІий?
- Царах лаьцна хІун Іамийна аш?
- И доттагІий дагабогІий шуна?

• Суьрташ а гойтуш, хаттарш хIиттадо.

Хаттарш а, тIедахкарш а

– Муьлхачу доттагIех лаьцна йу хIара байт?

– Айхьа йешначу киншкийн турпалхой хьоьца бехий?

– Дукха киншкаш йешаро кхетам кхиабо аьлла хетий хьуна? Дийца цунах лаций.

– Белхан тептар тIе айхьа йешначу киншки тIерачу хьайна дукхавезачу турпалхочух лаций йазде.

– Бераш, «хала киртиг тIехIоьттича» бохучу дешнех муха кхета шу?

Дарсана жамI дар
Дешархойн хаарийн мах хадор.

ЦIахь: байт дагахь Iамайе.

Дела реза хуьлда болх бинчарна!
Iодика йойла шун!

ЧУЛАЦАМ

САН ДАЙ БАЬХНАА ЛАТТА. 6 сахьт
Мамакаев М., Гадаев М-С., Сулейманов А. «Даймахках байташ» 4
Дакаев С. «Нохчийчоь» 6
Мусаев С. «Орамаш» 8
Шайхиев А. «БІаьвнаш» 10
Ахмадов М. «Нохчийн шира кхерчаш» 12
Хаарш зер 16
ВАЙ ДУЬНЕН ЧОХЬ ДЕХА 5 сахьт
Яралиев Ю. «ВорхІ лам» 17
Макалов Ш. «Маьлхан хьехам» 20
Бексултанов М. «Баьпкан цуьргаш» 22
Цуруев Ш. «ДоттагІий – бІаьвнаш» 26
Хаарш зер 28
ИСБАЬХЬА ІАЛАМ НОХЧИЙН ПОЭЗЕХЬ 8 сахьт
Мамакаев М. «Гуьйре» 29
Арсанукаев Ш. «Гуьйренан тІуьначу бешахь» 31
Гацаев С. «Суна тховса деши гира» 33
Айдамиров А. «Аьхкено кхелина дитташ» 35
Кибиев М. «Ломахь Іа» 37
Жумалаева Л. «Буьйсанан илли» 40
Мамакаев І. «БІаьстенан йуьхь» 42
Саидов Б. «БІаьсте» 44
Окуев Ш. «Тхи» 46
Хаарш зер 48
БЕРАЛЛИН ТУЬЙРА. 9 сахьт
Пашаев Н. «Бералла» 49
Дикаев М. «Нохчийн хІусам» 52
Курумова С. «Цайиначу ненан хІусамехь» 55
Гадаев М.-С. «ДоттагІ» 57
Эдилов Х. «Ло ду догІуш» 59
Эльдерханова З. «Дашо хьаьжкІаш» 61
Ошаев Х. «Полла» 63
Хаарш зер..... 66
БІЕ ЭЗАР ДИКА ГІУЛЛАКХ. 5 сахьт
Ахмадов М. «БІе эзар дика гІуллакх» 67
Тагаев С-Хь. «Хьаьрса доттагІ» 70
Рашидов Ш. «ГІаргІанаш» 72

Берсанов Х. «Кхерам» 75
Хааре зер 76
БОВЗА, БЕЗА ВАЙН ДАЙМОХК. 3 сахьт
«Муха кхолладелла Терк» 79
Ахмадов М. «Нохчийн хиш» 81
Хааре зер 83
ИСБАЬХЬЧУ ІАЛАМАН КЪАЙЛЕНАШ. 7 сахьт
Махмаев Ж. «Іаламан тидамаш» 84
Яшуркаев С. «Полларчийн вай даьлла» 88
Яралиев Ю. «Хьамцан маса лаг хуьлу» 90
Дикаев М. «Лай кІелахь кхиъна буц» 92
Чантиев І. «Искогберггий, чІарий» 93
Хасаев Хь. «Аьхке» 95
Бексултанов М. «Гуьйре» 96
Хааре зер 98
ДАЙМЕХКАН ДЕКХАРО ГІАТТИЙНА ВОГІУ СО. 9 сахьт
Сулейманов А. «Къонах»
(«Дахаран генаш» поэми йуккъера дакъош) 99
Умхаев Хь. «Шайх-Мансур» 104
Эла Мусостий, Адин Сурхой («Теркаца хьала-охьа
вехаш хиллачу Эла Мусостан, Адин Сурхон иллин» чулацам) 109
Мусаев С. «Дахар маьрша хилийта» 111
Ахмадов М. «Даймехкан мукъам» 114
Сулейманова З. «Эсамбаев Махьмудна» 115
Айдамирова М. «Жима верас» 117
Ахмадов М. «Сийлахь некъ» 119
Хааре зер..... 121
НЕНАН МОТТ. 4 сахьт
Ахмадов М. «Кхаа дашах дийцар» 122
Абдулаев Л. «Ненан мотт» 124
Гелагаев С-М. «Шовдано боху соь» 126
Хааре зер 128
СУНА СИРЛА ДАХАР ДЕЗА. 4 сахьт
Рашидов Ш. «Суна сирла дахар деза» 129
Батаева Х. «Жимачу йоьІан ойланаш» 131
Абдулаев Л. «Нана, бІаьсте» 133
Хааре зер 135
ФОЛЬКЛОР. 4 сахьт
Легенда «Беттаса» 137

Туьйра «Майра кIант» 138
Шира дийцар «Берзан дуй» 139
КХЕЧУ КЪАЬМНИЙН ЛИТЕРАТУРА. 4 сахьт
Боллигер М. «ТIай» 141
Леонардо да Винчи. «Мотт а, цергаш а» 142
Хаарш зер 143
Кусаев І. «Сан доттагIий» 144

Учебно-методическое издание

Езидова Меди Ибрагимовна

УРОКИ ЧЕЧЕНСКОЙ ЛИТЕРАТУРЫ В 4 КЛАССЕ

Методическое руководство к учебнику
«Чеченская литература. 4 класс»

На чеченском языке

Для общеобразовательных учреждений Чеченской Республики

Редактор Т.И. Бураева
Технический редактор С.В. Дзагаева
Дизайнер-верстальщик М.С. Астомирова
Корректор А.Т. Бицалова
Дизайн обложки – З.В. Халиев

9 785431 405426

Подписано в печать 01.02.2023. Формат 70х90 $^{1}/_{16}$. Гарнитура Times New Roman. Усл. печ. л. 8,60. Тираж экз. Заказ № .

АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий»
364000, ЧР, г. Грозный, ул. Санкт-Петербургская, 12/35